सोम
02 नवंबर, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे
समदिया मिथिला
समदिया मिथिला
कार्तिक, कृष्ण पक्ष, अष्टमी, संवत् : 2083
देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 53 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

एक नजरि

नेपाल मे भारी हिमपात, छह भारतीय पर्यटक फंसल

काठमांडू : नेपालक शे-फोक्सुंडो राष्ट्रीय उद्यान क्षेत्र मे भारी हिमपातक कारण दू महिला सहित छह भारतीय पर्यटक फंसि गेल छथि। हुनका सभ कें बचाव लेल सुरक्षा बल तैनात कयल गेल अछि। सेनाक हेलीकॉप्टर सेहो पठाओल गेल, मुदा तकनीकी खराबीक कारण बचाव अभियान मे देरी भेल अछि। पर्यटक शे-फोक्सुंडो ग्रामीण नगरपालिका स्थित धो क्षेत्र मे गेल छलाह। शनिदिन राति हुनका सभ सं संपर्क टूटि गेल। जिला अधिकारी जुनु ढकालक अनुसार, पर्यटकक ठिकानक पता चलि गेल अछि आ दोसर हेलीकॉप्टरक व्यवस्था कयल जा रहल अछि। चेतावनीक बादो पर्यटक अपन गाइड कें छोड़ि झील दिस बढ़ि गेल छलाह। अधिकारी सभ कें आशा अछि जे जल्दिए सभ कें सुरक्षित बाहर निकालि लेल जायत।

रोहतास मे कार सं 66.50 लाख टाका बरामद, दू महिला सहित तीन गिरफ्तार

रोहतास : बिहारक रोहतास जिलाक शिवसागर पुलिस एकटा कार सं 66 लाख 50 हजार टाका नगद बरामद कयलक अछि। एहि मामिला मे दू महिला सहित तीन गोटे कें गिरफ्तार कयल गेल अछि। पुलिस कारी रंगक एक्सयूवी-300 कार आ दू मोबाइल फोन सेहो जप्त कयने अछि। बरामद टाकाक वैध कागजात नहि भेटलाक बाद आयकर विभाग कें सूचना देल गेल अछि। पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल छल जे वाराणसी दिस सं आबि रहल एकटा कार मे भारी मात्रा मे नगदी राखल अछि आ ओहि कार पर सवार लोक कोलकाता जायबला अछि।

सड़कक दुर्दशा पर ग्रामीणक अद्भुत विरोध, सांसद विधायक आ मंत्रीक नाम पर रखलनि खदहाक नाम

एक खदहाक नाम सांसद गिरिराज कुंड, दोसरक विधायक कुंदन कुमार कुंड तं तेसरक मंत्री शैलेंद्र कुमार कुंड राखल गेल अछि

बेगूसराय, समदिया

बेगूसराय जिला मे सड़क पर बनल जानलेवा खदहा सभक विरोध मे ग्रामीण एकटा अलगे तरीका अपनौलनि। विकासक दावा सभक बीच पर्रा पंचायतक पर्रा-सरौंजा मुख्य सड़कक जर्जर हालति सं आक्रोशित ग्रामीण सड़क पर बनल पैघ-पैघ खदहा सभक नाम स्थानीय जनप्रतिनिधि आ मंत्री सभक नाम पर राखि देलनि। ग्रामीण सभक एहि व्यंग्यात्मक विरोध प्रदर्शनक चर्चा इलाका मे खूब भए रहल अछि।

ग्रामीण सभक कहब अछि जे सड़कक मरम्मत लेल सांसद आ विधायक सहित संबंधित जनप्रतिनिधि सभ सं कतेको बेर शिकायत कयल गेल, मुदा समस्या पर ध्यान नहि देल गेल। अंततः लोक अपन बात जिम्मेदार जनप्रतिनिधि आ प्रशासन धरि पहुंचेबाक लेल ई अलग तरहक बाट चुनलनि। प्रदर्शनक क्रम मे किछु खदहा पर जनप्रतिनिधि सभक तस्वीर लगाओल गेल आ ओकर नाम विधायक कुंड आ सांसद कुंड राखल गेल।



सड़कक बदहाल स्थिति सं आजिज ग्रामीण सभ एहि प्रदर्शनक आयोजन कयलनि। एहि दौरान सड़क पर बनल पैघ खदहा सभक नाम विधायक कुंदन कुमार कुंड, सांसद गिरिराज सिंह कुंड आ मंत्री शैलेंद्र कुमार कुंड राखल गेल। खदहा सभक एहि नामकरणक माध्यम सं ग्रामीण सभ जनप्रतिनिधि आ प्रशासन पर व्यंग्य करैत अपन विरोध प्रकट कयलनि।

सामाजिक कार्यकर्ता ऋषभ कुमार कहलनि जे पूर्व विधायक अमिता भूषणक कार्यकाल मे एहि सड़कक निर्माण कराओल गेल छल। मुदा 2020 केर बाद पछिला छह वर्ष मे सड़कक मरम्मत लेल कोनो ठोस पहल नहि भेल। सड़क पर जगह-जगह पैघ-पैघ खदहा बनि गेल अछि। हल्का बरखा होइतहि एहि खदहा सभ मे पानि भरि जाइत अछि। एहि कारणें राहगीर आ विशेष रूप सं दुपहिया वाहन चालक सभ कें भारी कठिनाइ होइत अछि। दुर्घटनाक आशंका सेहो बनल रहैत अछि।

ऋषभ कुमारक कहब छलनि जे छह वर्ष बीति गेल, मुदा एहि बीच कोनो विधायक, सांसद वा जनप्रतिनिधि सड़कक स्थिति देखबाक लेल गाम नहि अयलाह। ग्रामीण सभ कतेको बेर शिकायत कयलनि, मुदा सुनवाइ नहि भेल। एहन स्थिति मे विरोध जतेबा लेल खदहा सभक नाम विधायक, सांसद आ मंत्रीक नाम पर रखबाक निर्णय लेल गेल। हुनका आशा अछि जे एहि माध्यम सं जिम्मेदार लोक सभ धरि ग्रामीणक आवाज पहुंचत।

मॉडल पंचायतक दावा पर उठल सवाल

ग्रामीण सभक कहब अछि जे एक दिस पर्रा पंचायत कें मॉडल पंचायतक रूप मे प्रस्तुत कयल जाइत अछि, दोसर दिस पंचायतक मुख्य सड़कक दुर्दशा विकासक दावाक वास्तविकता देखबैत अछि। ग्रामीण पप्पू सहनी जनप्रतिनिधि सभक प्रति रोष व्यक्त करैत कहलनि जे चुनावक समय नेता वोट मंगबाक लेल गाम अबैत छथि, मुदा चुनाव समाप्त होइतहि जनताक बुनियादी समस्या बिसरा जाइत छथि।

अखन, ग्रामीण सभक एहि अद्भुत आ व्यंग्यात्मक प्रदर्शनक उद्देश्य सड़कक बदहाली दिस जिम्मेदार जनप्रतिनिधि आ प्रशासनक ध्यान आकृष्ट करेनाइ अछि। आब देखबाक अछि जे एहि विरोधक बाद सड़कक मरम्मत लेल कोनो ठोस पहल होइत अछि वा पर्रा-सरौंजा मुख्य सड़क पर खदहा सभक राज एहि तरहें जारी रहैत अछि।

सीईसी पद सं हटाओल जेता ज्ञानेश कुमार मोदी-शाह पर होयत कारबाइ : राहुल गांधी

- **इंडिया गठबंधनक रैली मे राहुल गांधी लगौलनि वोट चोरीक आरोप**
- **कहलनि, संविधान नष्ट करबाक अनुमति ककरो नहि देब**

नई दिल्ली, एजेंसी

राजधानी दिल्लीक रामलीला मैदान मे इंडिया गठबंधनक रैलीक दौरान कांग्रेस नेता राहुल गांधी भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) पर जमि कए निशाना साधलनि। लोकसभाक नेता प्रतिपक्ष चुनाव मे वोट चोरी होयबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे देश मे कतेको वर्ष सं वोट चोरी होइत रहल अछि। मध्य प्रदेश, हरियाणा, छत्तीसगढ़, महाराष्ट्र आ कर्नाटकक विधानसभा चुनावक संग 2024 केर लोकसभा चुनाव मे सेहो वोट चोरी भेल अछि।राहुल गांधी आरोप लगौलनि जे इलेक्ट्रॉनिक वोटिंग मशीन (ईवीएम) केर माध्यम सं वोट मे गड़बड़ी कयल गेल। एकर अतिरिक्त मतदाता सूची सं लोकसभाक नाम हटा कए आ नव नाम जोड़ि चुनावी प्रक्रिया कें प्रभावित कयल गेल। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह पर निशाना साधैत राहुल कहलनि जे अमित शाह कहने छलाह जे नरेंद्र मोदी कतहु जायबला नहि छथि, मुदा ओ एकर उलट कहैत छथि जे मोदी कतहु जा नहि सकैत छथि। जं ओ जेबाक सोचबो करता तं हुनका जाय देल नहि जायत। राहुल गांधी कहलनि जे मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमारक बाद ओ सीधा प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ हुनकर सरकारक सामना करताह। एहि लोकसभक विरुद्ध कानूनी कारबाइ कयल जायत। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री मोदी आ गृह मंत्री अमित शाह मोन राखथि, अहां कतहु जा नहि सकैत छी। ज्ञानेश कुमार कें मुख्य चुनाव आयुक्तक पद सं हटाओल जायत आ मोदी-शाह पर सेहो कारबाइ होयत।



राहुल गांधी आरोप लगौलनि जे इलेक्ट्रॉनिक वोटिंग मशीन (ईवीएम) केर माध्यम सं वोट मे गड़बड़ी कयल गेल। एकर अतिरिक्त मतदाता सूची सं लोकसभाक नाम हटा कए आ नव नाम जोड़ि चुनावी प्रक्रिया कें प्रभावित कयल गेल।

मोदी-शाह-ज्ञानेश सं हमरा सभ कें घृणा नहि

राहुल गांधी कहलनि जे हुनका प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, अमित शाह अथवा मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार सं कोनो घृणा नहि अछि। ओ कहलनि जे हुनका सभक सोच घृणाक नहि, बल्कि मोहब्बतक अछि आ ओ अहिंसा मे विश्वास रखैत छथि। हुनका लेल केओ दुश्मन नहि छथि - ने नरेंद्र मोदी, ने अमित शाह आ ने ज्ञानेश कुमार। मुदा देशक प्रत्येक नागरिकक आवाज हुनका लेल सभ सं बेसी महत्त्वपूर्ण अछि। ई आवाज हुनकर धर्म सं सेहो ऊपर अछि। ओ कहलनि जे ओ हिंसा नहि करताह, ककरो नोकसान नहि पहुंचौताह आ घृणा नहि पसारताह। ओ मोहब्बतक संग काज करताह। मुदा संविधान कें नष्ट करबाक अनुमति ओ ककरो नहि देताह।

ज्ञानेशक बिना प्रधानमंत्री नहि बनि पबितथि मोदी

राहुल गांधी मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार पर हमला जारी रखैत कहलनि जे देशक प्रत्येक नागरिक आ युवा सभ सं कहय चाहैत छथि जे ज्ञानेश कुमार कें मुख्य चुनाव आयुक्तक पद सं हटाओल जायत आ हुनका जेल जाय पड़तनि। राहुल आरोप लगौलनि जे ज्ञानेश कुमार नहि रहितथि तं नरेंद्र मोदी प्रधानमंत्री आ अमित शाह गृह मंत्री नहि बनि पबितथि।

राजद केलक वंशीधर बृजवासी आ राहुल राजक सदस्यता रद्द करबाक मांग

- **आब विधान परिषदक उपसभापति पर टिकल अछि सबहक नजरि**

पटना, समदिया



बिहार विधान परिषदक हालहि संपन्न चुनाव मे निर्दलीय प्रत्याशी रूपें निर्वाचित भेल एमएलसी बंशीधर ब्रजवासी आ राहुल राज विवाद मे घेराइत देखाइत छथि। दुनू नवनिर्वाचित एमएलसी शनिदिन भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) कार्यालय मे पार्टीक सदस्यता ग्रहण कयने छलाह। मुदा दल-बदल कानूनक अंतर्गत सदस्यता समाप्त होयबाक आशंका उठलाक बाद दुनू भाजपा मे शामिल होयबाक बात सं मना कए देलनि। एहि बीच विपक्षी दल राष्ट्रीय जनता दल (राजद) विधान परिषदक उपसभापति लग शिकायत कए दुनू सदस्यक सदस्यता रद्द करबाक मांग कयने अछि। राजदक मुख्य प्रवक्ता मनोज झा रविदिन पार्टी मुख्यालय मे आयोजित प्रेसवार्ता मे दुनू एमएलसीक भाजपा मे शामिल होयबाक वीडियो जारी कयलनि। ओ आरोप लगौलनि जे दुनू सदस्य दल-बदल कानूनक उल्लंघन कयने छथि। हुनकर कहब छलनि जे राजदक मांग पर विचार नहि भेल तं पार्टी न्यायालय आ जनता दुनू ठाम अपन बात रखत। ओ भाजपा पर जनादेश चोरेबाक आ जदयू कें कमजोर करबाक षडयंत्र रचबाक आरोप सेहो लगौलनि।

जनसुराज सेहो न्यायालय जायबाक तैयारी मे


दुनू निर्दलीय एमएलसीक परेशानी तखन आओर बढ़ि गेल, जखन प्रशांत किशोरक पार्टी जनसुराज सेहो एहि मामिला मे कानूनी लड़ाइ लड़बाक घोषणा कयलक। जनसुराजक राष्ट्रीय प्रवक्ता कुमार सौरभ दुनू एमएलसीक सदस्यता समाप्त होयबाक दावा कयलनि।

बंगालक खाड़ी मे बनल चक्रवाती तूफान मुरासु, 3 कें आंध्र तट सं टकरायत

- **किसान सभ लेल सेहो बदलैत मौसिम पर ध्यान देब जरूरी अछि**

पटना, समदिया

बंगालक खाड़ी मे सक्रिय चक्रवाती तूफान मुरासु दक्षिण आंध्र प्रदेशक तट दिस बढ़ि रहल अछि। भारतीय मौसम विज्ञान विभाग (आइएमडी)क 1 नवंबरक बुलेटिनक अनुसार, ई तूफान 2 नवंबरक भोर धरि गंभीर चक्रवाती तूफान मे बदलि सकैत अछि। एकर बाद 2 नवंबरक मध्यरात्रि सं 3 नवंबरक भोरक बीच नेल्लोर आ नरसापुरक बीच आंध्र प्रदेशक तट पार करबाक संभावना अछि। तट पार करैत समय हवाक गति 100-110 किलोमीटर प्रति घंटा रहबाक आ झोंका 120 किलोमीटर प्रति घंटा धरि पहुंचबाक अनुमान अछि।



मुदा बिहारक लेल एखन एहि चक्रवातक सीधा आ व्यापक असरि पड़बाक कोनो स्पष्ट चेतावनी जारी नहि कयल गेल अछि। उपलब्ध मौसिम पूवार्नुमानक अनुसार, तूफानक मुख्य प्रभाव आंध्र प्रदेश, तेलंगाना, तमिलनाडु आ ओडिशाक किछु हिस्सा धरि सीमित रहबाक संभावना अछि। बिहार चक्रवातक संभावित तटवर्ती क्षेत्र सं बहुत दूर अछि। तें आंध्र प्रदेश जेकां तेज हवा आ मूसलाधार बरखाक स्थिति बिहार मे बनबाक आशंका एखन नहि देखाइत अछि।

पटना स्थित मौसिम विभागक 1 नवंबरक स्थानीय पूवार्नुमान बिहारक राजधानी लेल 2 नवंबर कें सामान्य रूपें बदली छाओल रहबाक आ हल्का बरखा अथवा बूंदाबांदीक संभावना देखबैत अछि। 3 नवंबर कें आकाश आंशिक रूपें मेघाच्छन्न रहत। 4 नवंबर कें गरज आ चमकक संग बरखा होयबाक अनुमान अछि। पटना लेल एहि तिथि सभ मे भारी बरखा वा चक्रवात संबंधी कोनो विशेष चेतावनी नहि देल गेल अछि। एहि बीच ई ध्यान देबाक जरूरत अछि जे बिहार मे हालक बरखा आ मुरासु चक्रवातक संभावित असरि कें एकहि कारण मानब उचित नहि होयत।

खगड़िया एसपीक पारिवारिक विवाद पहुंचल सीएम आवास

पटना : खगड़ियाक एसपी भानु प्रताप सिंहक पारिवारिक विवाद आब मुख्यमंत्री आवास धरि पहुंचि गेल अछि। रविदिन हुनकर पत्नी पूजा सिंह मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं भेंट करबाक लेल लोकसेवक आवास पहुंचल छलीह, मुदा अधिकारी सभ हुनका बाहर रोकि लेलनि। पूजा सिंह मुख्यमंत्री सं बेटी सं भेंट करयबाक आ पत्नी कें अधिकार देबाक मांग कयलनि। ओ डीजीपी आ महिला आयोग लग सेहो गोहारि लगा चुकल छथि। ओ मुख्यमंत्रीक नाम आवेदन सेहो सौंपलनि। पूजा सिंहक कहब छनि जे हुनका बेटी सं अलग कए देल गेलनि। ओ अपन परिवारक संग रहय आ भानु प्रताप सिंहक पत्नी बनि जीवन बिताबय चाहैत छथि। अधिकारी सभ हुनका एसडीएम सं भेंट करौलनि। हुनका फेर सोमदिन बजाओल गेलनि।



पटना मे ब्राह्मण समाज केलक मौन संकल्प पदयात्रा, सप्तमूर्ति चौक धरि निकाललक मार्च

राज्यपाल कें सौंपलक ज्ञापन, ब्राह्मण कल्याण बोर्ड सहित 7 मांग राखल गेल

पटना, समदिया

ब्राह्मण समाज कें आबादीक अनुपात मे अधिकार आ उचित प्रतिनिधित्व देबाक मांग कें लए रविदिन (1 नवंबर) पटना मे मौन संकल्प पदयात्रा निकालल गेल।

लोकमंचक आह्वान पर आयोजित एहि पदयात्रा मे शामिल होयबाक लेल ब्राह्मण समाजक लोक मिलर ग्राउंड मे जुटल छलाह। ओतय सं सभ लोक मौन संकल्पक संग पदयात्रा निकालि सप्तमूर्ति चौराहा पहुंचलाह। ओतय मूर्ति सभ पर माल्यार्पण कयलनि।



लोकमंचक संस्थापक आ अध्यक्ष आशीष कुमार उर्फ बब्बू झा कहलनि जे संगठन वर्ष 2004 सं सामाजिक गोलबंदी आ समाज कें संगठित करबाक लेल लगातार काज कए रहल अछि। ई पदयात्रा ककरो विरोध मे नहि निकालल गेल, बल्कि समाज सं जुड़ल मुद्दा सभ कें सरकार धरि पहुंचयबाक आ ओकर समाधान लेल संवाद स्थापित करबाक लोकतांत्रिक प्रयास अछि। हमर मौन ही हमर संकल्प अछि।

लोकमंच राज्य सरकारक समक्ष ब्राह्मण समाज सं जुड़ल सात प्रमुख मांग रखने अछि। संगठनक मांग अछि जे बिहार मे ब्राह्मण कल्याण बोर्डक गठन कयल जाए। एकर संगहि समाजक आर्थिक, शैक्षणिक आ सामाजिक स्थिति कें सर्वेक्षण करा सरकार श्वेतपत्र जारी करय, जाहि सं समाजक वास्तविक स्थिति सामने आबि सकय।

संगठन भगवान परशुरामक जयंती अर्थात अक्षय तृतीया के अवसर पर बिहार मे सार्वजनिक अवकाश घोषित करबाक मांग सेहो कए रहल अछि।

ईडब्ल्यूएस अभ्यर्थी सभ कें नामांकन लेल विशेष व्यवस्था करबाक मांग कयल गेल।

संगठनक कहब अछि जे आर्थिक रूप सं कमजोर छात्र सभ कें प्रतियोगी परीक्षाक तैयारी लेल मुफ्त कोचिंगक सुविधा भेटबाक चाही, जाहि सं आर्थिक स्थिति हुनकर पढ़ाइ आ भविष्यक बाट मे बाधा नहि बनय।

1506 एकड़ जमीन कें कब्जा मुक्त करबाक मांग

लोकमंच वर्ष 1990 सं दबंगसभक कब्जा मे बताओल जा रहल करीब 1506 एकड़ रैयती जमीन कें सेहो खाली करयबाक मांग उठौने अछि। संगठनक कहब अछि जे एहि जमीन कें वास्तविक हकदार सभ कें वापस दियाबय लेल सरकार कें कारबाइ करबाक चाही। पदयात्राक माध्यम सं संगठन एहि सभ मांग कें राज्यपाल धरि पहुंचा सरकारक ध्यान ब्राह्मण समाज सं जुड़ल मुद्दा सभ दिस आकर्षित करय चाहैत अछि।

अपन भाषा आ साहित्यक प्रति बच्चा सभ मे रुचि जगेबाक लेल प्रतियोगिताक आयोजन

विद्यापति स्मृति पर्व समारोहक लेल चेतना समितिक बाल मेला आयोजित

पटना, समदिया

चेतना समिति, पटनाक तत्वावधान मे रवि दिन विद्यापति स्मृति पर्व समारोहक अंतर्गत बाल मेला-2026क आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर बच्चा सभक लेल दू आयु वर्ग (5-9 बरख आ 10-15 बरख) मे विभिन्न प्रतियोगिता सभ आयोजित कयल गेल। एहि मे सामान्य ज्ञान (जीके), मिथिला पेंटिंग, मैथिली लेखन आ मैथिली गीत गायन प्रमुख छल। प्रतियोगिता मे पैघ संख्या मे बच्चा सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। 5-9 बरख आयु वर्गक प्रमुख प्रतिभागी सभ मे अयांश झा, मणिकर्णिका झा, दिव्यांश झा, प्रियांक पद्ममक्ष, नमिश झा, सान्वी झा, आर्या भारद्वाज, प्रियांशी झा, अर्पिता कुमारी, आयुष्मान झा, रुद्रांश गौरव, शीर्ष झा, शुभ झा आ मान्या श्री शामिल रहलीह। ओतहि 10-15 बरख आयु वर्गक प्रमुख प्रतिभागी सभ मे अनन्या मिश्र, अनन्या झा, पलक मिश्र, वैभव राय, दक्षा झा, रुद्रानी मिश्र,



आराध्या मिश्र, आदर्श झा, आदित्य राज, धीरज मिश्र, हर्षिता झा, राधा रानी, रुद्रांश आ निवेदिता निष्ठा शामिल रहलीह। कार्यक्रमक संयोजन सतीश चंद्र झा कयने छलाह। निर्णायक मंडल मे दिनेश झा, प्रदीप झा, किशोर चौधरी आ सोमा आनंद शामिल छलीह। एहि अवसर पर समितिक अध्यक्ष श्री विवेकानंद झा, उपाध्यक्ष श्री उमेश झा, श्रीमती मंजू झा, सचिव श्री जयदेव मिश्र, श्री मनोज कुमार झा, श्री विवेकानंद ठाकुर, श्रीमती पूजा झा आ श्री अवधेश झा सहित अन्य गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। प्रतियोगिता मे भाग लेनिहार बच्चा सभ कें 22, 23 आ 24 नवंबर 2026 क' आयोजित होमयवला विद्यापति स्मृति पर्व समारोहक अवसर पर पुरस्कृत कयल जायत। कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य बच्चा सभ मे मैथिली भाषा, साहित्य आ मिथिलाक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत प्रति रुचि विकसित करब तथा हुनकर रचनात्मक आ बौद्धिक प्रतिभा कें प्रोत्साहित करब छल।

बिहार बनत देशक नव एविएशन हब 6 एयरपोर्ट लेल संकल्प पत्र जारी

तैयार भए रहल नीति

पटना, समदिया

बिहार एविएशन हब : सड़क आ रेल कनेक्टिविटीक बाद आब बिहार मे हवाई संपर्क मजबूत करबाक दिशा मे सेहो जोर देल जा रहल अछि। एकरा लेल राज्य सरकार काज मे तेजी आनने अछि। सोनपुर आ अजगैबीनाथ धाम (सुल्तानगंज) एयरपोर्ट कें बेहद महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। एकर कारण अछि जे दुनू स्थान पर ग्रीनफील्ड एयरपोर्ट तैयार कयल जा रहल अछि।

बिहार मे कुल 6 एयरपोर्ट लेल संकल्प पत्र जारी कयल गेल अछि। जानकारीक अनुसार, सोनपुर आ अजगैबीनाथ धाम एयरपोर्टक संग सहरसा, वीरपुर, वाल्मीकिनगर आ मुजफ्फरपुर सेहो एहि सूची मे शामिल अछि। सभ 6 एयरपोर्ट लेल एविएशन विजन आ नीति तैयार कयल जा रहल अछि। एकरा लेल कंसल्टेंसी एजेंसी केपीएमजी इंडिया सर्विसेज कें नियुक्त करबाक जानकारी सेहो भेटल अछि।

बताओल जा रहल अछि जे बिहारक भौगोलिक आ व्यावसायिक महत्व कें ध्यान मे राखि एजेंसी 6 एयरपोर्ट लेल रोडमैप तैयार करत। नागरिक विमानन विभागक सचिव डॉ. निलेश रामचंद्र देवरेक अनुसार, एयरपोर्ट कें मात्र विमानक उड़ान तक सीमित नहि राखल जाएत, बल्कि एकरा कॉमर्शियल विमानक मेंटेनेंस, रिपेयरिंग आ ओवरहॉलिंग हबक रूप मे सेहो विकसित करबाक तैयारी अछि। एतय पायलट सभ कें प्रशिक्षण सेहो देल जाएत।

अधिकारिसभक अनुसार, एहि नीतिक उद्देश्य अंतरराष्ट्रीय एयरपोर्ट बनायब आ राज्य मे हवाई नेटवर्क कें मजबूत करब अछि। बिहारक 4 स्थान (सहरसा, वीरपुर, वाल्मीकिनगर आ मुजफ्फरपुर) पर स्थित एयरपोर्ट कें अपग्रेड कयल जा रहल अछि। एहि स्थान सभ पर तैयार भए रहल एयरपोर्ट सं छोट विमान उड़ान भरि सकत। एहि सं पर्यटनक संग-संग स्थानीय व्यापार कें सेहो बढ़ावा भेटत।

बिहार मे एयरपोर्ट बनला सं लोक सभ कें कतेको तरहें लाभ भए सकत। एयरपोर्ट शुरू भेला सं बिहार सं आसपासक राज्यसभक संग-संग दूर-दराजक शहर, जेना दिल्ली, मुंबई आ बेंगलुरु सहित अन्य स्थान पर पहुंचब पहिने सं बेसी सुगम भए सकत।

युवा सभ लेल एयरपोर्ट संचालन, कैटरिंग, सुरक्षा सहित अन्य क्षेत्र मे रोजगारक अवसर उपलब्ध भए सकत। हवाई संपर्क मजबूत भेला सं पर्यटन कें सेहो बढ़ावा भेटत। एहि सं बिहार मे होटल, गाइड, परिवहन आ दोकानदार सहित अन्य व्यवसाय सभ कें विकास भए सकत। राज्य मे उद्योग कें सेहो बढ़ावा भेटबाक संभावना अछि।

प्रमंडलीय आयुक्त कयलनि लोक शिकायतक 31 मामिलाक सुनवाइ

पटना। बिहार लोक शिकायत निवारण अधिकार अधिनियमक अंतर्गत प्रथम अपीलीय प्राधिकारी सह प्रमंडलीय आयुक्त राजेश कुमार शनिदिन 31 परिवादक गहींर सुनवाइ कयलनि। आयुक्त कार्यालय मे आयोजित सुनवाइक दौरान ओ परिवादीसभक समस्या प्रत्यक्ष रूप सं सुनलनि आ संबंधित जिलास्तरीय पदाधिकारी सभ कें मामिलाक स्थलीय जांच कए नियमानुसार शीघ्र कारबाइ करबाक कड़ा निर्देश देलनि। सुनवाइक दौरान विभिन्न जिला सभ सं पहुंचल नागरिक सभ कतेको गंभीर जनसमस्या राखलनि। सुनवाइक समापन पर प्रमंडलीय आयुक्त राजेश कुमार सभ प्रशासनिक आ विभागीय अधिकारी सभ कें लोक शिकायतक निष्पादन मे पूरा संवेदनशीलता आ जवाबदेही बरतबाक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कहलनि जे परिवादी सभ कें समयबद्ध तरीका सं न्याय देब प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। शिकायतक निपटारा मात्र फाइल आ कागजी रिपोर्ट तक सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि ओकर सकारात्मक असर धरातल पर सेहो स्पष्ट देखाइ पड़बाक चाही।

वाराणसी पहुंचलाह निशांत कुमार बाबा विश्वनाथक कयलनि दर्शन

यूपी मे जेडीयूक शक्ति प्रदर्शन

पटना, समदिया

जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) उत्तर प्रदेश मे संगठन विस्तारक अभियान तेज करैत बिहारक स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार कें मैदान मे उतारने अछि। एहि रणनीति के अंतर्गत निशांत कुमार वाराणसी पहुंचलाह। आगामी विधानसभा चुनाव सं पहिने यूपी मे जेडीयूक राजनीतिक सक्रियता बढ़ेबाक दृष्टि सं हुनकर एहि दौरा कें महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। वाराणसी पहुंचिते निशांत कुमार सब सं पहिने काशी विश्वनाथ धाम मे बाबा विश्वनाथक दर्शन कयलनि। ओ विधिवत पूजा-अर्चना कए राज्यवासीक सुख-समृद्धि, शांति आ खुशहालीक कामना कयलनि। एकर बाद हुनकर प्रदेशस्तरीय कार्यकर्ता सम्मेलन मे शामिल होयबाक कार्यक्रम अछि।

निशांत कुमारक एहि दौराक शुरूआत पटना सं भेल। वाराणसी विदा होयबाक पहिने ओ अपन



पिता आ बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सं भेंट कए हुनकर आशीर्वाद लेलनि। एकरा बाद पटना जंक्शन सं ट्रेन पकड़ि वाराणसी लेल विदा भेलाह। एहि दौरान जेडीयू प्रवक्ता आ विधान पार्षद नीरज कुमार सेहो हुनका संग मौजूद छलाह। खास बात ई रहल जे निशांत कुमारक ट्रेन यात्रा सेहो चर्चा मे रहल। ओ आम यात्री सभ जकां यात्रा करैत आ सामान्य भोजन करैत नजरि अएलाह।

जेडीयूक नजरि आब उत्तर प्रदेश मे संगठन कें बूथ स्तर तक मजबूत करबाक अछि। आगामी विधानसभा चुनाव सं पहिने पार्टी कार्यकर्ता सभ कें सक्रिय कए अपन राजनीतिक ताकत बढ़यबाक तैयारी मे अछि। एनडीए संग मिलि चुनाव लड़बाक संभावना सभक बीच वाराणसीक ई सम्मेलन जेडीयूक भविष्यक रणनीतिक संकेत मानल जा रहल अछि।

नेपाल मे दू दिनक बरखाक बाद बढ़ल नदीक जलस्तर, कोसी बराजक कतेको फाटक खोलल गेल

पटना, समदिया

कोसी नदीक जलस्तर अक्टूबर मास मे लगातार एक लाख क्यूसेक सं नीचा बनल छल। बाढ़िक अवधि सेहो 31 अक्टूबर कें समाप्त घोषित कयल गेल छल। मुदा एकर ठीक अगिला दिन अर्थात 1 नवंबर कें नदीक जलप्रवाह मे अनचोके बढ़ोतरी दर्ज कयल गेल। रविदिन सांझ 4 बजे कोसी बराज सं 1,02,750 क्यूसेक पानि छोड़ल जा रहल छल। दुपहर 2 बजे ई आंकड़ा 1,07,405 क्यूसेक दर्ज कयल गेल छल। नेपालक पहाड़ी इलाका सभ मे लगातार दू दिन तक भेल बरखा कें जलस्तर बढ़बाक कारण बताओल जा रहल अछि।

एहि बीच, बाढ़िक अवधि समाप्त होयबाक संगहि शनिदिन सं बाढ़ि नियंत्रण कक्ष सभ कें निष्क्रिय कए देल गेल अछि। तटबंध सभ पर तैनात अभियंता सभ कें छुट्टी सेहो दए देल गेल अछि। एहन स्थिति मे बाढ़िक अवधि समाप्त होयबाक ठीक बाद कोसी नदीक जलप्रवाह मे भेल बढ़ोतरी नदीक जलस्तर आ निगरानी व्यवस्थाक दिस ध्यान आकर्षित कयने अछि।

कोसी बराज स्थित कंट्रोल रूम सं भेटल जानकारीक अनुसार, रविदिन 1 नवंबर कें दुपहर 2 बजे नदीक जलप्रवाह 1,07,405 क्यूसेक दर्ज कयल गेल। सांझ 4



बजे तक एहि मे कमी आयल आ जलप्रवाह 1,02,750 क्यूसेक रहि गेल।

आंकड़ा सभ सं स्पष्ट अछि जे दुपहरक तुलना मे सांझ तक पानिक जलप्रवाह मे कमी दर्ज कयल गेल, मुदा ई एक लाख क्यूसेक सं बेसी बनल रहल। जानकारीक अनुसार, 1 अक्टूबर के बाद पूरा मास कोसी नदीक जलस्तर एक लाख क्यूसेक सं नीचहि दर्ज कयल गेल छल। नवंबरक पहिल दिन एहि मे भेल बढ़ोतरीक कारण नेपाल मे भेल बरखा बताओल जा रहल अछि।

जल संसाधन विभागक वीरपुर स्थित मुख्य अभियंता संजीव शैलेश बतौलनि जे नेपालक पहाड़ी क्षेत्र सभ मे लगातार दू दिन सं बरखा भए रहल छल। एही कारण कोसी नदीक जलस्तर मे बढ़ोतरी दर्ज कयल गेल। हालांकि, ओ ईहो बतौलनि जे आब जलस्तर घटय लागल अछि।

नेपालक पहाड़ी क्षेत्र सभ मे बरखाक असर कोसी नदीक जलप्रवाह पर पड़ैत अछि। 1 नवंबर कें बराज पर दर्ज आंकड़ा सभ मे सेहो एकर असर देखय लेल भेटल। हालांकि, दुपहर 2 बजेक तुलना मे सांझ 4 बजे जलप्रवाह मे कमी दर्ज कयल गेल।

जल संसाधन विभागक निदेर्शानुसार, बाढ़िक अवधि 1 जून सं 31 अक्टूबर तक निर्धारित छल। एहि अवधिए आधार पर शनिदिन, 31 अक्टूबर कें बाढ़िक अवधि समाप्त होयबाक घोषणा कयल गेल।

एकर संगहि शनिदिन सं बाढ़ि नियंत्रण कक्ष कें निष्क्रिय कए देल गेल। तटबंध सभ पर तैनात अभियंता सभ कें छुट्टी दए देल गेल आ मुख्य अभियंता सहित बाढ़ि नियंत्रण सं जुड़ल सभ नियंत्रण कक्ष बंद कए देल गेल।

हालांकि, कोसी बराजक कंट्रोल रूम सं नदीक जलप्रवाहक जानकारी रविदिन सांझ 4 बजे तक भेटैत रहल। एहि तरहें बाढ़ि नियंत्रण व्यवस्थाक मौसमी संचालन बंद भेला के बादो बराज सं छोड़ल जा रहल पानिक निगरानी संबंधी जानकारी उपलब्ध छल।

नवंबरक पहिल दिन कोसी नदीक जलस्तर मे भेल बढ़ोतरी ई बतबैत अछि जे बाढ़िक निर्धारित अवधि समाप्त भेला के बादो नदीक जलप्रवाह मे बदलाव भए सकैत अछि। एहि बेर नेपालक पहाड़ी क्षेत्र सभ मे भेल बरखा कें एकर कारण बताओल गेल अछि।

वीरपुर स्थित मुख्य अभियंता संजीव शैलेशक अनुसार, आब जलस्तर घटय लागल अछि। एहन स्थिति मे फिलहाल विभाग दिस सं देल गेल जानकारी राहति देनिहार अछि। हालांकि, नदीक जलप्रवाह मे होमय बला बदलाव पर नजरि राखब जरूरी अछि।

कोसी क्षेत्र मे नदीक जलस्तर आ बराज सं छोड़ल जाए बला पानिक आंकड़ा तटवर्ती इलाका सभ लेल महत्वपूर्ण होइत अछि। एहि लेल बाढ़िक अवधि समाप्त भेला के बादो नदीक स्थिति आ विभाग दिस सं जारी होमय बला सूचना सभ पर लोकक नजरि बनल रहत।

बिहार मे शुरू भेल डाकपे साउंड बॉक्स सेवा

पटना। डिजिटल भुगतान कें बढ़ावा देबाक आ छोट-पैघ कारोबारी सभक सुविधा लेल इंडिया पोस्ट पेमेंट्स बैंक (आईपीपीबी) बिहार मे डाकपे साउंड बॉक्स सेवा शुरू केने अछि। बिहार परिमंडलक मुख्य पोस्टमास्टर जनरल शशि शालिनी कुजूर एहि सेवाक शुरूआत कयलनि। एहि सुविधा शुरू भेला सं दोकानदार सभ कें यूपीआईक माध्यम सं भुगतान भेटिते साउंड बॉक्स पर आवाजि के जरिए एकर जानकारी भेटि जाएत। आब कारोबारि सभ कें प्रत्येक भुगतानक पुष्टि लेल बेर-बेर मोबाइल फोन देखबाक जरूरत नहि पड़त। इंडिया पोस्ट पेमेंट्स बैंकक अनुसार, बिहार मे एखन धरि 3,11,770 कारोबारि सभ कें बैंकक डिजिटल भुगतान सेवा सं जोड़ल जा चुकल अछि। एहि मे पटना के 16,201 कारोबारी शामिल छथि। डाकपे साउंड बॉक्स सेवा फिलहाल पटना मे शुरू कयल गेल अछि। आनिहार दिन मे एकरा चरणबद्ध तरीका सं बिहारक दोसर जिला सभ मे सेहो उपलब्ध कराओल जाएत। डाकपे साउंड बॉक्स लगबय लेल कारोबारि सभ कें एकमुश्त 299 रुपैया आ जीएसटी इंस्टॉलेशन शुल्क देबाक पड़त। जखनकि एहि सुविधाक मासिक किराया 99 रुपैया आ जीएसटी निर्धारित कयल गेल अछि। एहि सेवा के माध्यम सं यूपीआई भुगतान भेटिते साउंड बॉक्स आवाजि के जरिए तत्काल एकर जानकारी देत।

बिहार कांग्रेस कार्यालय पहुंचल दिल्ली पुलिस, एक घंटा धरि कयलक छानबीन

अमित कुमार कें नोटिस

पटना, समदिया

बिहार कांग्रेसक प्रदेश कार्यालय सदाकत आश्रम मे रविदिन दिल्ली पुलिस पहुंचल। पुलिस करीब एक घंटा धरि छानबीन कयलक। एहि दौरान बिहार कांग्रेसक ट्विटर हैंडल @क्छइँ१ चलाबय बला व्यक्ति आ एहि सं जुड़ल मोबाइल नंबरक जानकारी जुटेबाक बात सामने आयल अछि।

दिल्ली पुलिसक स्पेशल सेल एहि मामिला मे अमित कुमार मंडल कें नोटिस देलक अछि। हुनका 5 नवंबर 2026 कें भोर 11 बजे दिल्ली स्थित स्पेशल सेल कार्यालय मे उपस्थित होयबाक लेल कहल गेल अछि।

दिल्ली पुलिस द्वारा जारी नोटिस मे बताओल गेल अछि जे अमित कुमार मंडलक नाम पर रजिस्टर्ड मोबाइल नंबर 9939979005 के संबंध बिहार कांग्रेसक ट्विटर हैंडल सं भेटल अछि। एहि सिलसिला मे पुलिस हुनका सं कतेको जानकारी मंगने अछि। नोटिस मे संबंधित सिम कार्ड उपलब्ध करयबाक आ 1 जुलाई 2025 सं एखन धरि ओहि नंबरक उपयोग जाहि-जाहि मोबाइल फोन मे भेल अछि, ओकर जानकारी देबाक लेल कहल गेल अछि। एकर अतिरिक्त



पुलिस पूछने अछि जे ट्विटर हैंडलक आधिकारिक उपयोग के करैत अछि। 1 जुलाई 2025 सं 31 दिसंबर 2025 के बीच के-के लोक कें एहि हैंडलक उपयोग करबाक अनुमति देल गेल छल, हुनका सभक सूची सेहो मंगाओल गेल अछि।

ई नोटिस दिल्ली पुलिसक काउंटर इंटेलिजेंस, स्पेशल सेल द्वारा जारी कयल गेल अछि। एहि पर सब-इंस्पेक्टर देवल शेखलानक हस्ताक्षर अछि आ नोटिसक तिथि 1 नवंबर 2026 अछि।

नोटिस मे एफआईआर नंबर 50/25क उल्लेख अछि, जे 13 सितंबर 2025 कें दर्ज कयल गेल छल। ई मामिला दिल्लीक नॉर्थ एवेन्यू थाना मे दर्ज अछि आ एकर जांच स्पेशल सेल कए रहल अछि।

अमित कुमार मंडल कें भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता (बीएनएसएस)क धारा 94 के अंतर्गत नोटिस पठाओल गेल अछि। हुनका मामिला सं जुड़ल अन्य उपयोगी जानकारी सेहो उपलब्ध करयबाक लेल कहल गेल अछि।

बिहार विधानसभा चुनावक दौरान कांग्रेसक ट्विटर हैंडल सं प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ हुनकर माय सं जुड़ल एकटा एआई जनित वीडियो पोस्ट कयल गेल छल। वीडियो मे प्रधानमंत्रीक माय हुनका किछु काज करबाक बात कहैत नजरि अबैत छथि।

एहि वीडियो कें लए दिल्ली पुलिसक जांचक सिलसिला मे बिहार कांग्रेसक सोशल मीडिया हैंडल सं जुड़ल जानकारी मंगाओल जा रहल अछि। पुलिस ई जानय चाहैत अछि जे एहि अकाउंटक उपयोग के करैत छल आ किनका-किनका एकरा चलयबाक अनुमति देल गेल छल।

बाबूबरही मे दू अलग-अलग सड़क दुर्घटना मे दू युवकक दर्दनाक मृत्यु

बसहा फाटक लग रोजगार सेवकक मृत्यु, भुपट्टी चौक पर स्कॉर्पियो युवक कें पिचलक

बाबूबरही/मधुबनी, समदिया

मधुबनी जिलाक बाबूबरही थाना क्षेत्र मे शनिक सांझ तेज गतिक कहर देखय लेल भेटल। दू अलग-अलग स्थान पर भेल सड़क दुर्घटना मे दू युवकक घटनास्थले पर दर्दनाक मृत्यु भए' गेल। दुनू घटनाक बाद लापरवाह वाहन चालक गाड़ी लए' घटनास्थल सं फरार भए' गेल। दुर्घटनाक बाद संबंधित गाम सभ मे शोकक माहौल पसरि गेल अछि।



बसहा फाटक लग रोजगार सेवकक मृत्यु

पहिल दुर्घटना पचरूखी पंचायत क्षेत्रक बसहा फाटकक लग भेल। मृतकक पहचान पचरूखी पंचायतक गरही वार्ड संख्या 11 निवासी वारिसलाल कामतक 38 वर्षीय पुत्र राजीव कुमार कामतक रूप मे भेल अछि। राजीव कुमार कामत स्थानीय स्तर पर रोजगार सेवकक रूप मे पदस्थापित छलाह। ड्यूटी अथवा निजी काज सं वापस लौटबाक दौरान बसहा फाटकक लग एकटा अज्ञात तेज रफ्तार वाहन हुनका जोरदार टक्कर मारि देलक। टक्कर एतेक जबरदस्त छल जे गंभीर चोट लगबाक कारण हुनकर घटनास्थले पर मृत्यु भए' गेल। पुलिस शव कें पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल पठा देलक।

भुपट्टी चौक पर स्कॉर्पियो युवक कें रौंदलक

दोसर हृदयविदारक दुर्घटना बाबूबरही-खुटौना पीडब्ल्यूडी मुख्य सड़क पर भुपट्टी चौक लग भेल। भुपट्टी गामक वार्ड संख्या 4 निवासी वैद्यनाथ मेहताक 37 वर्षीय पुत्र संजीव कुमार मेहता सड़कक कात बैसल छलाह।

एहि बीच एकटा अनियंत्रित अज्ञात स्कॉर्पियो हुनका सोझे रौंदैत लगक बिजलीक खंभा मे जोरदार टक्कर मारि देलक। दुर्घटनाक तीव्रता एतेक छल जे कंक्रीटक खंभा टूटि कए खसि पड़ल आ संजीवक घटनास्थले पर मृत्यु भए' गेल। घटना कए बाद चालक गाड़ी लए' फरार भए' गेल।

परिजनक चीत्कार, अज्ञात वाहनक खोज मे जुटल पुलिस

मृतक संजीव अपन पाछां एकटा बेटा आ एकटा बेटी छोड़ि गेल छथि। हुनकर असामयिक मृत्यु सं पत्नी सहित पूरा परिवारक रोइ-रोइ कए बुरा हाल अछि। दुनू घटनाक सूचना भेटिते बाबूबरही थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि आवश्यक कागजी प्रक्रिया पूरा कयलक आ दुनू शव कें पोस्टमार्टम लेल मधुबनी सदर अस्पताल पठा देलक। थानाध्यक्ष कहलनि जे दुनू दुर्घटना मे शामिल अज्ञात वाहनक पहचान लेल मुख्य सड़क पर लागल सीसीटीवी कैमरा सभक फुटेज खंगालल जा रहल अछि। एहि मामिला मे आगांक कानूनी कारबाइ जारी अछि।

कानू समाज नेपालक तेसर राष्ट्रीय महाधिवेशन संपन्न, किशोरी प्रसाद कानू फेर बनलाह अध्यक्ष

51 सदस्यीय नव राष्ट्रीय कार्यकारिणीक सर्वसम्मति सं भेल चयन, देशभरि सं पहुंचलाह प्रतिनिधि



जनकपुरधाम, समदिया

कानू समाज नेपालक तेसर राष्ट्रीय महाधिवेशन मधेश प्रदेशक राजधानी आ प्राचीन मिथिलाक ऐतिहासिक राजधानी जनकपुरधाम मे भव्यतापूर्वक संपन्न भेल। महाधिवेशन मे किशोरी प्रसाद कानूक अध्यक्षता मे सर्वसम्मति सं 51 सदस्यीय नव राष्ट्रीय कार्यकारिणीक चयन कयल गेल। जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका-23 स्थित बेला पुलक लग बाबा गणिनाथ गोविंदा मंदिर परिसर मे आयोजित महाधिवेशन मे किशोरी प्रसाद कानू कें फेर सं सर्वसम्मति सं राष्ट्रीय अध्यक्ष चुनल गेलनि। देशक विभिन्न भाग सं आयल करीब 300 राष्ट्रीय महाधिवेशन प्रतिनिधिक सहभागिता मे नव नेतृत्वक चयन आपसी एकता, सहमति आ सद्भावक वातावरण मे संपन्न भेल। नव कार्यकारिणी मे रामपूजन साह आ नागेंद्र साह कें वरिष्ठ उपाध्यक्ष चुनल गेल। वरिष्ठ पत्रकार नारायण साह, रंभादेवी साह, बिंदेश्वर साह, जयकिशुन साह आ रूपेश चंद्र गुप्ता सहित छह गोटे कें उपाध्यक्षक जिम्मेदारी देल गेलनि। उपाध्यक्ष पद पर महिला प्रतिनिधित्व सेहो सुनिश्चित कयल गेल। ओतहि रामबाबू साह कानू कें महासचिव, बैजू साह कें सचिव आ रामबहादुर साह कें कोषाध्यक्ष चुनल गेल। चुनाव मंडलक संयोजक रमेश कुमार साह बतौलनि जे राष्ट्रीय कार्यकारिणीक सदस्य संख्या 39 सं बढ़ा कए 51 कय देल गेल अछि। समाजसेविका देव कुमारी साहक प्रमुख आतिथ्य मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे जनकपुरधाम उद्योग वाणिज्य संघक अध्यक्ष सुरेंद्र भंडारी, पूर्व अध्यक्ष जीतेंद्र महासेठ, वार्ड अध्यक्ष राघवेंद्र साह, बेचन साह, कमल साह कानू सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह। महाधिवेशन मे देशभरि सं हजारो लोकक सहभागिता रहल। कार्यक्रमक माध्य मे समाजक एकता, संगठनात्मक मजबूती आ सामूहिक विकासक संकल्प दोहराओल गेल।

मखान उद्योगक विकासक जानकारी लेल दरभंगा पहुंचल खाद्य प्रसंस्करण मंत्रालयक सचिव

बेला आ दोनारक प्रसंस्करण इकाइक निरीक्षण संग किसान आ उद्यमी सं कयलनि संवाद



दरभंगा, समदिया

भारत सरकारक खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्रालयक सचिव अविनाश जोशी रविदिन दरभंगाक एकदिवसीय दौरा कए जिला मे मखान उत्पादन, अनुसंधान, प्रसंस्करण आ विपणन गतिविधिक जायजा लेलनि। एहि दौरान ओ राष्ट्रीय मखान अनुसंधान केंद्र सहित विभिन्न मखान प्रसंस्करण इकाइक स्थलीय निरीक्षण कयलनि। राष्ट्रीय मखान अनुसंधान केंद्र मे सचिव मखानाक खेती, उत्पादन तकनीक, अनुसंधान आ प्रसंस्करण संबंधी जानकारी लेलनि। ओ मखान उत्पादक किसान सभ सं संवाद कए उत्पादनक चुनौती, उत्पादक गुणवत्ता, बाजार, विपणन सं जुड़ल समस्या आ हुनकर अपेक्षा सभक जानकारी लेलनि। एहि दौरान मखान बोर्डक गतिविधि आ जिला मे ओकर क्रियान्वयनक स्थिति पर सेहो चर्चा भेल। अनुसंधान केंद्र परिसर मे उद्यमी सभ द्वारा लगाओल गेल स्टॉल सभक निरीक्षण कए सचिव मखान सं बनल विभिन्न उत्पाद, ओकर गुणवत्ता आ प्रसंस्करण तकनीकक जानकारी लेलनि। एकर बाद ओ बेला औद्योगिक क्षेत्र स्थित आध्या एग्रोटेक लिमिटेड आ दोनार औद्योगिक क्षेत्र स्थित सी फूड प्राइवेट लिमिटेडक मखान प्रसंस्करण इकाइक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान कच्चा मखान सं तैयार उत्पाद बनेबाक प्रक्रिया, उत्पादन क्षमता, आधुनिक तकनीक आ औद्योगिक इकाइक संचालनक जानकारी लेलनि। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी कौशल कुमार, उप विकास आयुक्त स्वप्निल, खाद्य प्रसंस्करण निदेशक प्रद्युम्न सिंह यादव, जिला उद्योग केंद्रक महाप्रबंधक सुरुचि कुमारी सहित अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह।

चोपता गाम मे 29 वर्षीय युवक फांसी लगा कए देलनि जान

झंझारपुर। भैरवस्थान थाना क्षेत्रक काको पंचायत अंतर्गत चोपता गाम मे एक 29 वर्षीय युवक फंदा लगा कए आत्महत्या कए लेलनि। घटना शनिदिन सांझ करीब 7 सं 8 बजे के बीचक बताओल जा रहल अछि। मृतकक पहचान अनिल कुमार मंडल (29) केर रूप मे भेल अछि। अनिल स्व. पितांबर मंडल आ स्व. कामिनी देवीक इकलौता पुत्र छलाह। ओ अविवाहित छलाह। हुनकर एक बहिन छथि, जे विवाहक बाद दिल्ली मे रहैत छथि। मिठल जानकारीक अनुसार, एक पड़ोसी कोनो काज सं हुनकर घर गेल छलाह। दरवाजा खुजल देख ओ भीतर गेलाह तं अनिल कें फंदा सं लटकल पेलनि। हुनकर सोर पाड़लापर आसपासक लोक जुटलाह आ युवक कें नीचा उतारलनि। एहि बीच पुलिस कें सेहो घटनाक सूचना देल जा चुकल छल। थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी बतौलनि जे आसपासक लोकक अनुसार, अनिल घर मे एके गोटे रहैत छलाह आ किछु दिन सं बेमार चलि रहल छलाह। किछु ग्रामीण हुनका निशां सेवन करबाक बात सेहो कहने छथि। पुलिस शव कें कब्जा मे लए' पोस्टमार्टम करौलक आ तकर बाद मृतकक चचेरा भाइ प्रमोद मंडल कें सौंपि देलक। प्रमोद मंडल द्वारा हुनकर आखरी संस्कार कयल गेल। घटनाक बाद काको पंचायत आ आसपासक गाम सभ मे शोकक माहौल अछि।

प्रधानमंत्रीक मन मोहलक मिथिलाक बेटी राखीक कलाकारी

गुजरात मे छठि थीम पर कयलनि मिथिला चित्रकलाक प्रदर्शन

दरभंगा, समदिया

मिथिलाक पारंपरिक चित्रकलाक सुगंध गुजरात धरि पहुंचल अछि। दरभंगाक बेटी राखी कुमारी अपन उत्कृष्ट कलाकारी सं प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक मन मोह लेलनि। गुजरातक एकतानगर स्थित स्टैच्यू ऑफ यूनिटी परिसर मे लौहपुरुष सरदार वल्लभभाई पटेलक 151म जन्मोत्सवक अवसर पर आयोजित 'भारत पर्व-2026, एक भारत श्रेष्ठ भारत' कार्यक्रम मे राखी मिथिला चित्रकलाक सजीव प्रदर्शन कयलनि। एहि राष्ट्रीय आयोजन मे प्रधानमंत्रीक समक्ष मिथिला चित्रकलाक प्रदर्शन लेल बिहार पर्यटन विभाग द्वारा एक जिला एक उत्पाद (ओडीओपी) योजनाक अंतर्गत दरभंगाक मैथिल मंच संस्थानक चयन कयल गेल छल। मैथिल मंचक प्रधान मणिभूषण राजूक नेतृत्व मे बिहारक प्रतिनिधित्व कयल गेल। एहि दौरान राखी कुमारी प्रधानमंत्रीक समक्ष मिथिला चित्रकलाक निर्माणक सीधा प्रदर्शन कयलनि।

राखी मिथिलाक महान लोकपर्व छठिक थीम पर पाग आ बांसक विभिन्न पारंपरिक उपकरण पर आकर्षक चित्रकारी कयलनि।



हुनकर कलाकारी सं सुसज्जित पाग आ दोपट्टा प्रधानमंत्री कें भेंट कय पर्यटन विभागक अधिकारी शालिनी, मिथिलावासी आ बिहारक दिस सं हुनकर अभिनंदन कयलनि। उल्लेखनीय अछि जे राष्ट्रीय एकता दिवसक अवसर पर आयोजित ई कार्यक्रम आगामी 15 नवंबर धरि चलत। एहि मे देशक विभिन्न राज्यक एक जिला एक उत्पाद योजना सं जुड़ल उत्पाद सभक निर्माणक सीधा प्रदर्शन लेल अलग-अलग विधा मे कलाकार सभक चयन कयल गेल अछि। प्रत्येक जिला सं एक कलाकार कें एहि राष्ट्रीय मंच पर अपन कला देखयबाक अवसर देल गेल अछि। राष्ट्रीय स्तरक एहि प्रदर्शनी मे मिथिलाक बेटी राखी कुमारी द्वारा पारंपरिक धरोहरि कलाक उत्कृष्ट प्रदर्शन कयल गेलापर विद्यापति सेवा संस्थानक पदाधिकारी आ साहित्य-संस्कृतिक क्षेत्रक गणमान्य लोक प्रसन्नता व्यक्त कयलनि। संस्थानक अध्यक्ष सह कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक पूर्व कुलपति प्रो. शशिनाथ झा, महासचिव डॉ. बैद्यनाथ चौधरी बैजू, कार्यकारी अध्यक्ष डॉ. बुचरू पासवान, सचिव प्रो. जीवकांत मिश्र, मीडिया संयोजक डॉ. प्रवीण कुमार झा, मैथिली अकादमीक पूर्व अध्यक्ष पं. कमलाकांत झा, वरिष्ठ गीतकार डॉ. चंद्रमणि झा, वरिष्ठ साहित्यकार डॉ. महेंद्र नारायण राम, विनोद कुमार झा, प्रो. विजयकांत झा, प्रो. चंद्रशेखर झा बूढ़ाभाई, वैद्य गणपति झा, अमरनाथ चौधरी आ आशीष चौधरी सहित अन्य लोक राखी कें बधाई देलनि। ओ सभ कहलनि जे राष्ट्रीय स्तरक महत्वपूर्ण प्रदर्शनी मे मिथिलाक बेटी राखीक चयन होयब आ प्रधानमंत्रीक समक्ष अपन कला प्रदर्शित करब समस्त मिथिलावासी लेल गौरवक विषय अछि। राखीक उपलब्धि मिथिलाक पारंपरिक चित्रकला आ सांस्कृतिक धरोहरि कें राष्ट्रीय मंच पर नव पहचान देबाक काज कयलक अछि।

सोनबरसाक सीओ पंकज कुमार बनलाह बिहार राजस्व सेवा संघक अध्यक्ष

सीतामढ़ी, समदिया

बिहार राजस्व सेवा संघ (बिरसा)क विभिन्न पद लेल चुनाव प्रक्रिया संपन्न भए गेल। चुनाव ऑनलाइन माध्यम सं कराओल गेल, जाहि मे गोपनीयता आ पारदर्शिताक विशेष ध्यान राखल गेल। एहि चुनाव मे सोनबरसाक अंचलाधिकारी पंकज कुमार संघक अध्यक्ष निर्वाचित भेलाह। हुनका



अध्यक्ष चुनल गेला सं राजस्व सेवा सं जुड़ल अधिकारी आ कर्मी सभ मे खुशीक माहौल अछि। निष्पक्ष चुनाव सुनिश्चित करबाक लेल ऑनलाइन मतदान प्रणाली अपनाओल गेल छल, जाहि सं सदस्य सभ अपन सुविधाक अनुसार मतदान मे हिस्सा लेलनि। नवनिर्वाचित अध्यक्ष पंकज कुमार कहलनि जे अध्यक्ष पदक जिम्मेदारी भेटब हुनका लेल सम्मानक संग पैघ जवाबदेही सेहो अछि। ओ संघक सभ सदस्यक विश्वास पर खरा उतरेबाक प्रयास करताह। राजस्व सेवाक अधिकारीसभक समस्या उचित मंच पर उठेबाक, हुनकर हितक रक्षा करबाक आ संगठन कें मजबूत बनेबाक काज हुनकर प्राथमिकता रहतनि। ओ चुनाव मे सहयोग आ समर्थन देबयवला सभ सदस्यक प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

निजी क्लिनिक सं अष्टधातुक मूर्ति चोरी

रोसड़ा। रोसड़ा थाना क्षेत्र मे चोरीक एक घटना सामने आयल अछि। ब्लॉक रोड सं स्टेशन रोड जायवला सड़क किनारे स्थित एक निजी क्लिनिक परिसर मे राखल अष्टधातुक मूर्ति अज्ञात व्यक्ति चोरा लेलक। चोरी गेल मूर्तिक कीमत बरख 2014 मे करीब 37 हजार 500 टाका बताओल गेल अछि। घटनाक बाद क्लिनिक मे लागल सीसीटीवी कैमरेक फुटेज जांच कयल गेल। एहि मे एक संदिग्ध व्यक्तिक तस्वीर आ चोरीक पूरी घटना कैद होयबाक बात सामने आयल अछि। क्लिनिकक चिकित्सक बतौलनि जे ओ बरख 2014 मे भगवान धन्वंतरि, लक्ष्मी-गणेश आ सिंहासनक अष्टधातुक मूर्ति खरीदने छलाह। एकरा क्लिनिक परिसर मे स्थापित कयल गेल छल। बहुत समय सं मूर्ति ओतहि राखल छल। मूर्ति गायब भेलाक जानकारी भेटलाक बाद चिकित्सक सीसीटीवी फुटेज जांच कयलनि। एहि संबंध मे कारबाइ करबाक मांग लए ओ रोसड़ा थाना मे लिखित आवेदन देलनि अछि। चिकित्सक पुलिस सं संदिग्ध व्यक्तिक पहचान कए चोरी गेल मूर्ति बरामद करबाक मांग कयलनि अछि।

निशांमुक्ति अभियानक अंतर्गत जागरूकता कार्यक्रम आ शपथ ग्रहण समारोह आयोजित



समस्तीपुर, समदिया

रविदिन बिथान जीविका अंतर्गत तीनू जीविका महिला विकास स्वावलंबी सहकारी समिति लिमिटेडक कार्यालय सभागार मे निशांमुक्ति अभियानक अंतर्गत जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। कार्यक्रम मे प्रजापति ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालयक प्रतिनिधि उपस्थित लोक सभ कें निशांक दुष्परिणाम, सामाजिक आ पारिवारिक जीवन पर पड़यवला ओकर नकारात्मक असर आ निशांमुक्त समाजक निर्माण मे प्रत्येक व्यक्तिक भूमिकाक संबंध मे जानकारी देलनि। एहि अवसर पर सभ प्रतिभागी कें निशांमुक्तिक शपथ सेहो दिआओल गेल। कार्यक्रम मे जीविकाक प्रखंड परियोजना प्रबंधक शिवांशु, क्षेत्रीय समन्वयक अविनाश कुमार मंडल, ऑफिस असिस्टेंट प्रभाकर कुमार, प्रजापति ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालयक प्रतिनिधि डॉ. मधुकर, संकुल स्तरीय संघक प्रतिनिधि आ विभिन्न कैडर उपस्थित छलाह। अभियानक अंतर्गत प्रखंडक तीनू संकुल संघ मे कुल 181 लोक भाग लैत निशांमुक्त समाजक निर्माणक संकल्प लेलनि। संकुलवार सहभागिता मे चमत्कार संकुल संघ, बिथान मे 62, उत्कर्ष संकुल संघ, सोहमा मे 75 आ आनंद संकुल संघ, सखवा मे 44 लोक शामिल भेलाह। कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य समाज मे निशांमुक्तिक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक, निशांक विरुद्ध सामूहिक संकल्प मजबूत करबाक आ स्वस्थ, सुरक्षित एवं निशांमुक्त समाजक निर्माण मे सामुदायिक भागीदारी सुनिश्चित करबाक रहल।

बूढ़ी गंडक नदी मे भेटल अज्ञात शव, इलाका मे सनसनी

रोसड़ा, समस्तीपुर

रोसड़ा थाना क्षेत्रक रहुआ धरमपुर लग बूढ़ी गंडक नदी मे रविदिन भोरे एक अज्ञात व्यक्तिक शव पानि पर तैरैत भेटल। शव देखैत आसपासक लोकसभक भीड़ जुटि गेल। घटनाक जानकारी भेटिते इलाका मे सनसनी पसरि गेल। बताओल जाइत अछि जे रविदिन भोरे किछु लोक मॉर्निंग वॉक लेल निकलल छलाह। एहि दौरान हुनकर नजरि नदीक पानि मे तैरैत शव पर पड़ल। स्थानीय लोक सभ तत्काल रोसड़ा पुलिस कें सूचना देलनि। सूचना भेटिते रोसड़ा थाना के एसआई दीप नारायण सिंह आ



एसआई राजू सिंह पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिस स्थानीय नाविकसभक सहयोग सं बहुत मशक्कतक बाद शव कें नदी सं बाहर निकलवेलक।

शव सं तेज दुर्गंध आबि रहल छल। एहि आधार पर आशंका जताओल जा रहल अछि जे शव कतेको दिन पुरान अछि। आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा कयलाक बाद शव कें पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठा देल गेल। समाचार लिखल जाए धरि बहुत प्रयासक बादो शवक पहचान नहि भए सकल छल। नगर इंस्पेक्टर सह थानाध्यक्ष आशुतोष कुमार बतौलनि जे पुलिस शव कें कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल पठा देने अछि। फिलहाल मृतकक पहचान नहि भेल अछि। आशंका अछि जे शव नदीक धारा मे बहैत कतहु दूर सं एतय पहुंचल होयत। पुलिस शवक पहचान करबाक संग मामिलाक जांच मे जुटल अछि।

नगर परिषद मे टेबुल पर बनैत अछि एस्टीमेट, जनता कें होइत अछि नोकसान

झंझारपुर, समदिया

6 इंचक जगह 3 ईंच ढलाई, 1000 फीटक जगह 600 फीटक प्राक्कलन, 5 साल सं अपूर्ण अछि मुख्य सड़क



झंझारपुर नगर परिषद क्षेत्र मे सड़क निर्माणक अजब-गजब खेल चलि रहल अछि। कागज पर बनाओलजाइत एस्टीमेट आ धरातल पर होइत काज मे जमीन-आसमानक भेद देखबा लेल भेटैत अछि। एकरखामियाजा सोझे आम जनता कें भुगतय पड़ि रहल अछि। नियमानुसार जतय 6 सं 8 इंच मोटाइ वालीपीसीसी ढलाई हेबाक चाही, ततय 3 सं 4 इंच ढलाई कए काज पूरा कए देल जाइत अछि। सड़ककलंबाइयो मे एहेन गड़बड़ी देखबा लेल भेटैत अछि। 1000 फीटक सड़कक एस्टीमेट 600 फीट मे समेटि देल जाइत अछि, तं 2000 फीटक सड़क 1200 फीट मे बनल देखाओल जाइत अछि। परिणाम ई होइत अछि जेनव बनल सड़क छह मास धरि सेहो नहि टिकैत अछि आ उखड़य लगैत अछि। जानकार आ ठीकेदारक कहब अछि जे एकर मुख्य कारण कार्यालय मे बैसि एस्टीमेट तैयार करब अछि। जं कनीय अभियंता अथवा सहायक अभियंता स्वयं इंची टेप लए' स्थल पर जाय पूरा सड़कक मापी करथि आ ताहि आधारपर प्राक्कलन तैयार करथि तं ने ठीकेदार कें सड़कक लंबाइ बढ़ेबाक लेल मोटाइ घटेबाक जरूरत पड़तनिआ ने जनता कें घटिया सड़क भेटतनि। मुदा वास्तविकता ई अछि जे एना नहि भए' रहल अछि। एहि पूरा खेलक सब सं पैघ उदाहरण वार्डक ओ मुख्य सड़क अछि, जे अरुण कुमार दासक घर सं दुखी पान भंडारधरि जाइत अछि। ई मुख्य सड़क अछि, जाहि बाटे प्रतिदिन हजारो ग्रामीण अबैत-जाइत छथि। करीब 5साल पहिने नगर पंचायतक समय मे एहि सड़कक निर्माण दुखी पान भंडार धरि होयबाक छल, मुदा काजमधु पांडेयक घरक कलम धरि कए छोड़ि देल गेल। सड़कक 500 सं 600 फीट हिस्सा आइयो खड़ंजे बनलअछि। नगर पंचायत आब नगर परिषद बनि गेल, मुदा 5 साल बीतलाक बादो सड़क पूरा नहि भए सकल। स्थानीय लोक एकरा कार्यालयक घोर लापरवाही मानैत छथि।चारि-पांच मास पहिने एहि अधूरा सड़क पर मरम्मतिक काज करबाक छल। सड़कक 1000 फीट हिस्साकमरम्मति हेबाक छल, मुदा एस्टीमेट मे मात्र 600 फीट दर्ज कयल गेल। ठीकेदार कोनो तरहें सड़कक लंबाइबढ़ेबाक लेल मात्र 2 सं 3 इंच मोटाइ मे ढलाई कए देलनि। काजक गुणवत्ता एतेक खराब छल जे स्थानीय लोक विरोध कए काज रुकवा देलनि। ग्रामीणक विरोधक कारण 3 दिन मे पूरा होयवला काज 30 दिन मेपूरा भए' सकल। एहि दौरान लोक सभ कें आबय-जाय लेल 5 किलोमीटर घुमय पड़लनि। एहि सड़क परएकटा आओर पैघ खतरा बनल अछि। सड़कक कात मे पोखरि अछि, मुदा ओतय सुरक्षा भित्ति नहिबनाओल गेल अछि। एहि ठाम पहिने सेहो कतेको दुर्घटना भए' चुकल अछि। बरखा मे पीसीसी सड़कक नीचां सं माटि खिसकि रहल अछि। एहि कारण जर्जर सड़क कहियो पोखरि मे खसि सकैत अछि। चारि मास पहिने एहि सड़क पर नल-जल योजनाक अंतर्गत बोरिंग कराओल गेल छल, मुदा काज अधूरे छोड़ि देल गेल। गड्ढा आइयो खुजले पड़ल अछि, जाहि कारण दुर्घटनाक आशंका बनल रहैत अछि। स्थानीय लोकक मांग अछि जे एस्टीमेट मे कटौती बंद हो, स्थल पर मापी कयलाक बादे प्राक्कलन तैयार कयलजाय आ सड़क निर्माणक गुणवत्ता सं कोनो समझौता नहि हो। लोकसभक सवाल अछि जे जखन पूरा टैक्स लेल जाइत अछि तं सुविधा आधा किएक देल जाइत अछि?

राज्यकर्मीक दर्जाक मांग पर डाटा एंट्री ऑपरेटर सभ निकाललनि रोषपूर्ण मार्च

» मुख्यमंत्री आ सूचना प्रावैधिकी मंत्रीक नाम ज्ञापन सौंपि स्थायी समायोजनक उठेलनि मांग, 404

सुपौल, समदिया



सरकारी विभाग मे कार्यरत डाटा एंट्री ऑपरेटर आ आइटी कर्मी सभक असंतोष रविदिन सड़क पर देखबा लेल भेटल। 'बिहार राज्य डाटा एंट्री ऑपरेटर संयुक्त मोर्चा'क जिला इकाइक बैनर तर भारी संख्या मे ऑपरेटर, प्रोग्रामर, स्टेनोग्राफर आ आइटी कर्मी राज्यकर्मी के दर्जा देबाक मांग लए' विशाल रोषपूर्ण मार्चनिकाललनि। जिलाध्यक्ष गुंजन कुमार आ सचिव अमित कुमार सिंहक नेतृत्व मे ई मार्च गांधी मैदान संशुरू भए' लोहिया नगर होइत निर्धारित मार्ग सभ सं गुजरल। मार्चक बाद प्रतिनिधिमंडल मुख्यमंत्री आबिहार सरकारक सूचना प्रावैधिकी मंत्रीक नाम ज्ञापन सौंपलक।जिलाध्यक्ष गुंजन कुमार कहलनि जे बेल्ट्रॉनक माध्यम सं राज्यक विभिन्न सरकारी विभाग मे करीब 25 बरख सं लगभग 20 हजार डाटा एंट्री ऑपरेटर आ आन कर्मी सेवा दए रहल छथि। ई सभ टंकण, लिपिकीय आ आइटी संबंधी ऑनलाइन काजक जिम्मेदारी निभा रहल छथि। टंकण शाखाक कतेको पद समाप्त होयबाक स्थिति मे आब महत्वपूर्ण काजक भार सेहो एही कर्मी सभ पर अछि। ज्ञापन मे कहल गेल अछि जे कर्मी सभक दक्षता परीक्षा लेल जा चुकल अछि आ बिहार लोक प्रशासनएवं ग्रामीण विकास संस्थान (बिपार्ड) द्वारा आवासीय आ संस्थागत प्रशिक्षण देल गेल अछि। प्रशिक्षणकबाद प्रमाण-पत्र सेहो भेटल, मुदा एखन धरि राज्यकर्मी के दर्जा नहि देल गेल।मोर्चाक तर्क अछि जे वेतनक अतिरिक्त सेवा शुल्क आ जीएसटी मद मे सरकार भारी राशि खर्च करैतअछि। कर्मी सभ कें सीधे राज्यकर्मी बनौला सं सरकार पर अतिरिक्त वित्तीय बोझ नहि पड़त। मोर्चा सर्वोच्च न्यायालयक आदेशक हवाला दैत स्थायी समायोजनक मांग कयलक। मांग पूरा नहि भेलापर महाधरना, काला बिल्ला लगा विरोध आ अनिश्चितकालीन हड़ताल करबाक चेतावनी देल गेल। मार्च मे जिलाक पैघ संख्या मे कर्मी शामिल छलाह।

अररिया चौक अंडरपासक सर्विस रोड पर रोज लगैत अछि भीषण जाम, अतिक्रमण बनल मुख्य कारण

एक घंटा धरि जाम मे फंसल रहल लोक, अंधराठाढ़ी सं सुपौल धरि आवागमन प्रभावित

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुरक अररिया चौक स्थित एनएच-27 अंडरपास मे भीषण जाम लागि गेल। ट्रक आ पिकअप आमने-सामने आबि गेलाक कारण करीब एक घंटा धरि आवागमन पूर्ण रूपेण ठप रहल। जाम मे फंसललोक सभ कें भारी परेशानीक सामना करय पड़लनि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे ई कोनो एक दिनकसमस्या नहि अछि, बल्कि एहि ठाम प्रतिदिन जाम लगब आब आम बात भएगेल अछि। लोकसभक अनुसार, एकर मुख्य कारण अंडरपासक सर्विस रोड पर कथित रूपें कयल गेल अवैध अतिक्रमण अछि।अतिक्रमणक कारण सर्विस लेन संकुचित भए गेल अछि। एहि कारण दू गोट पैघ गाड़ी एक्के संगनिकलय लगैत अछि तं जाम लागि जाइत अछि। ई अंडरपास आ सर्विस लेन यातायातक दृष्टिकोण सं अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। एक दिस एहि सड़कक माध्यम सं अंधराठाढ़ी, खुटौना, बाबूबरही, लौकहा-लौकहीक लोक आवागमन करैत छथि, तं दोसर दिस नवानी, तमुरिया, बलोचा आ मधेपुर होइत भेजा आ सुपौल जायबाक लेल सेहो एही मुख्य मार्गक उपयोग होइत अछि। एहि कारण एहि ठाम जाम लगला सं हजारो लोकक दिनचर्या प्रभावित होइत अछि। खास क स्कूली बच्चा, रोगी आ रोज आवागमन करयवला यात्रि कें बेसी कठिनाइ होइत अछि। स्थानीय लोक जिला प्रशासन आ भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण (एनएचएआइ) सं मांग कयने छथि जे सर्विस रोड पर सं अतिक्रमण हटाओल जाय, सड़क कें चौड़ा कयल जाय आ जामक स्थायी समस्या सं लोक सभ कें निजात दिआयल जाय।

लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्रा मे बेनीपुरक भाजपा कार्यकर्ता भाग लेता : सांसद

बेनीपुर, समदिया

कांग्रेस आ विपक्ष देशक संवैधानिक मर्यादा आ लोकतांत्रिक मूल्यक अपमान कयलक : सांसद



5 नवंबर कदरभंगा जिला मुख्यालय मे प्रस्तावित लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्राक सफलतालेल रविदिन बेनीपुर विधानसभा क्षेत्रक भाजपा कार्यकर्तासभक बैसार धेरुख स्थित पार्टीक जिला कार्यालयमे भेल। अध्यक्षता दरभंगा पूर्वी जिलाध्यक्ष विनय पासवान कयलनि। बैसार मे बेनीपुर विधानसभा क्षेत्रकप्रत्येक बूथ सं कार्यकर्तासभक पैघ भागीदारी सुनिश्चित करबाक, संगठनक एकजुटता आ आपसी समन्वयबनौने रखबाक तथा केंद्र आ राज्य सरकारक जनकल्याणकारी योजना सभ कें समाजक आखरी व्यक्तिधरि पहुंचयबाक विषय पर चर्चा भेल। बैसार कें संबोधित करैत दरभंगाक सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर कार्यकर्ता सभ सं पदयात्रा मे बढ़ि-चढ़ि क भाग लेबाक आह्वान कयलनि। ओ कहलनि जे कांग्रेस सहितविपक्षी दल सरकारक विरोध मे नकारात्मक संदेश फैला रहल अछि। एकर मजबूती सं जवाब देबाक लेलभाजपा कार्यकर्ता सभ पदयात्रा मे पैघ संख्या मे भाग लेथि।सांसद कहलनि जे देशक संवैधानिक मर्यादा, लोकतांत्रिक मूल्य आ जनहितक मुद्दा सभक सम्मान करबआवश्यक अछि। कार्यकर्ता सभ अभियानक संदेश जन-जन धरि पहुंचबैत लोकतंत्रक मजबूती लेल जागरूकनागरिकसभक भागीदारी सुनिश्चित करथि। ओ संगठनात्मक एकजुटता, आपसी समन्वय आ व्यापकजनसंपर्क पर जोर दैत कहलनि जे भाजपा प्रत्येक कार्यकर्ता संगठनक शक्ति छथि। हुनके सक्रियता संजनहितक संदेश समाजक आखरी व्यक्ति धरि पहुंचि सकैत अछि। बैसार मे कार्यकर्ता सभ पदयात्रा केंसफल बनयबाक संकल्प लेलनि। प्रत्येक पंचायतक बूथ स्तर पर भागीदारी सुनिश्चित करबाक निर्णय लेल गेल। मौका पर पूर्व प्रत्याशी रामनारायण ठाकुर, रामसागर ठाकुर, पिंटू झा, संतोष झा, नीरज चौधरी, महावीर सिंह, रजनीश सुंदरम, प्रवीण झा, सीताराम मांझी, राजीव मिश्रा, सरिता देवी, निभा देवी, ममता देवी, त्रिवेणीमहतो, प्रदीप गुप्ता, भगवान पाठक, भगवान झा, शंकर भगवान पूर्व, राहुल झा, भगवान ठाकुर, नटवर झा, संजय कुमार, कल्पना देवी, विजयलक्ष्मी देवी, मुन्नी देवी आ आरती देवी सहित सैकड़ो कार्यकर्ता उपस्थितछलाह।

मिथिला विजय स्तंभ परिसर मे भेल बैसार, न्यू रिवर फ्रंटक काज शुरू नहि भेला पर आक्रोश

झंझारपुर, समदिया



मिथिलाक ऐतिहासिक आ धार्मिक स्थल कंदर्पीघाट (महरैल-कर्णपुर-हरना) केर सर्वांगीण विकास लेल आब ग्रामीण आ युवा सभ मोर्चा खोलि देने छथि। रविदिन मिथिला विजय स्तंभ, कंदर्पीघाटक परिसर मे क्षेत्रकजागरूक ग्रामीण आ सक्रिय युवासभक एकटा महत्वपूर्ण बैसार भेल, जाहि मे कंदर्पीघाटक उपेक्षा पर लोकसभ अपन आक्रोश व्यक्त कयलनि। बैसार मे ग्रामीण सभ कहलनि जे बरख 2025 मे मंत्री नीतीश मिश्राद्वारा कंदर्पीघाट आ एनएच-27 पर कमला पुल, झंझारपुरक लग न्यू रिवर फ्रंट परियोजनाक शिलान्यास एक्के संग कयल गेल छल। ओहि समय क्षेत्रक लोक सभ मे विकासक पैघ आशा जगल छल। मुदा आइ स्थिति ई अछि जे झंझारपुर मे रिवर फ्रंटक निर्माण काज पूरा भए चुकल अछि, जखन कि कंदर्पीघाट मे आइ धरि एकोटा ईंटो नहि राखल गेल अछि। ग्रामीण सभ सवाल उठौलनि जे आखिर एक्के परियोजनाक दू ठाम विकासक काज मे एतेक भेदभाव किएक? की कंदर्पीघाटक लोक सभ कें खाली सपना देखाक छोड़ि देल जायत? ग्रामीण सभ कहलनि जे कंदर्पीघाट खाली एकटा घाट नहि, बल्कि मिथिलाक ऐतिहासिक, सांस्कृतिक आ धार्मिक पहचान अछि। एकर विकास भेला सं पर्यटन बढ़त आ स्थानीय युवा सभ कें रोजगारक अवसर भेटत। बैसार मे कंदर्पीघाट मे प्रस्तावित न्यू रिवर फ्रंटक निर्माण काज अविलंब शुरू करबाक, मिथिला विजय स्तंभ आ कंदर्पीघाट कें पर्यटन स्थल रूपें विकसित करबाक, घाटक सौंदर्यीकरण आ स्वच्छताक व्यवस्था करबाक संगहि बुनियादी सुविधा उपलब्ध करयबाक मांग उठाओल गेल। श्रद्धालुसभक लेल बैसबाक व्यवस्था, प्रकाश, पेयजल आ आवागमनक नीक सुविधा उपलब्ध करयबाक मांग सेहो कयल गेल। संगहि संबंधित विभाग सं परियोजनाक वर्तमान स्थिति स्पष्ट करबाक आ काज पूराकरबाक समय-सीमा बतयबाक मांग कयल गेल। बैसार मे शामिल लोक सभ सर्वसम्मति सं निर्णय लेलनि जे एहि मुद्दा कें मंत्री नीतीश मिश्रा आ संबंधित विभाग धरि मजबूती सं पहुंचाओल जायत। सोशल मीडिया पर व्यापक अभियान चलाओल जायत आ महरैल, कर्णपुर, हरना सहित आसपासक सभ गाम केंएहि अभियान सं जोड़ल जायत। ग्रामीण सभ कहलनि जे हम सभ ककरो विरोध मे नहि, बल्कि विकासक समर्थन मे आवाज उठा रहल छी। जं एकरो बाद निर्माण काज शुरू नहि भेल तं लोकतांत्रिक तरीका संचरणबद्ध आंदोलन कयल जायत। एहि अवसर पर मिहिर ठाकुर, अजय झा, मुरारी मंडल, मुकुंद, नीतीश, रमन, विलेक्षण, अभिषेक, दिलीप, विकास, सतीश झा, हीरा, श्यामलाल साफी, हीरानंद ठाकुर सहित दर्जनों युवा उपस्थित छलाह।

मानकक पालन अवहेलना मे एपेक्स अस्पतालक निबंधन रद्द, बंद करबाक आदेश

» जांच मे योग्य डॉक्टर आ पारा मेडिकल कर्मी नहि भेटलाह, संचालकक जवाब सेहो असंतोषजनक

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुरक मोहना चौक स्थित एपेक्स अस्पताल पर स्वास्थ्य विभाग पैघ कारबाइ कयने अछि। सिविल सर्जन-सह-मुख्य चिकित्सा पदाधिकारी, मधुबनी अस्पतालक औषधीय निबंधन संख्या- 656/2026 तत्काल प्रभाव सं रद्द करैत एकरा तुरंत बंद करबाक आदेश जारी कयने छथि। प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र, झंझारपुरक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. मुकेश कुमार आ चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. फिरदौस अंसारी अस्पतालक जांच कयने छलाह। जांच दल संयुक्त जांच प्रतिवेदन पत्रांक-496, दिनांक- 10.09.2026क माध्यम सं अपन रिपोर्ट सौंपने छल। रिपोर्ट मे कहल गेल छल जे उक्त नर्सिंग होम निर्धारित मानकक अनुरूप संचालित नहि कयल जा रहल अछि। जांचक समय ओतय योग्य डॉक्टर आ पारा मेडिकल कर्मी उपस्थितनहि छलाह। एकर बाद कार्यालयक पत्रांक- 3835, दिनांक- 10.09.2026क माध्यम सं अस्पताल संचालक सं स्पष्टीकरण मांगल गेल छल, मुदा संचालक द्वारा देल गेल जवाब संतोषजनक नहि पाओल गेल। एहि आधार पर सिविल सर्जन जांच पदाधिकारीक प्रतिवेदनक आलोक मे एपेक्स अस्पतालक निबंधन रद्द कदेलनि। जारी आदेश मे कहल गेल अछि जे अस्पताल संचालक अपन नर्सिंग होम तत्काल प्रभाव संबंद करथि। भविष्य मे निरीक्षणक दौरान नर्सिंग होम खुजल भेटल तं नियमानुसार विधिसम्मत कारबाइ कयल जायत। एतय उल्लेखनीय अछि जे एहि एपेक्स अस्पताल मे एक महिला मरीजक सर्जरीक दौरान मृत्यु भेला पर हंगामा भेल छल। एहि घटनाक बाद अस्पताल फेर चर्चा मे आयल अछि।

मधुबनी मे बेल्ट्रॉन डाटा ऑपरेटरक धरना, राज्यकर्मीक दर्जा देबाक मांग

मधुबनी, समदिया

तीन दशकक सेवा बादो नहि भेल नियमितीकरण



बिहार राज्य डाटा इंट्री ऑपरेटर संयुक्त मोर्चाक बैनर तर बेल्ट्रॉनक माध्यम सं नियोजित डाटा ऑपरेटरसभ अपन मांगक समर्थन मे समाहरणालयक समक्ष धरना-प्रदर्शन कयलनि। एहि धरना मे पंचायत संलए क मुख्यालय धरि विभिन्न विभाग मे कार्यरत कर्मी शामिल भेलाह। एहि दौरान वक्ता सभ राज्यसरकारक प्रति अपन नाराजगी व्यक्त करैत कर्मी सभ कें राज्यकर्मीक दर्जा देबाक आ सूचना प्रौद्योगिकीविभाग कें नोडल विभाग घोषित करबाक मांग उठौलनि। संगहि सरकार सं मांग सभ पर शीघ्र लिखितआदेश जारी करबाक अनुरोध कयलनि। संयुक्त मोर्चाक जिलाध्यक्ष नीतीश कुमार झा कहलनि जे विभिन्न विभाग आ कार्यालय मे कार्यरत डाटा ऑपरेटर महत्वपूर्ण जिम्मेदारी निभा रहल छथि। सरकारी काजकडिजिटलीकरण, ऑनलाइन सेवा आ विभागीय काजक संचालन मे हुनकर महत्वपूर्ण भूमिका अछि। एकरा बावजूद दीर्घकाल सं काज करयवला कर्मी सभ कें स्थायी सेवा सुरक्षा आ उचित सेवागत लाभ नहि भेटिरहल अछि। ओ कहलनि जे राज्य सरकार कें सर्वोच्च न्यायालयक आदेश आ बिहारक महाधिवक्ताक पत्रकआलोक मे शीघ्र नीतिगत निर्णय लेबाक चाही। संयुक्त मोर्चाक जिला उपाध्यक्ष रामरतन कुमार कहलनिजे ई संघर्ष कोनो व्यक्ति अथवा प्रशासनक विरोध मे नहि, बल्कि कर्मी सभक सम्मान, अधिकार आसुरक्षित भविष्य लेल लोकतांत्रिक प्रयास अछि।जिला सचिव नवीन कुमार पाल कहलनि जे बेल्ट्रॉनक कर्मी तीन दशक सं लगातार सेवा दैत आबि रहलछथि। एकरा बादो हुनकर सेवा नियमित नहि कयल जेब घोर उदासीनताक परिचायक अछि। आब एकरा बर्दाश्त नहि कयल जा सकैत अछि। कोषाध्यक्ष अशोक कुमार मेहता कहलनि जे जं राज्य सरकार दीर्घकाल सं कार्यरत कर्मी सभक मांग पर न्यायपूर्ण विचार नहि करैत अछि तं बेल्ट्रॉनक कर्मी सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रीक इस्तीफाक मांग लए सड़क पर उतरता। धरना मे जिला संयोजक ओम प्रकाश, विवेक कुमार, संतोष कर्ण, रोहित कुमार, सुभाष कुमार, अजित कुमार, दिवाकर कुमार, मनीषा कुमारी, तन्नु गुप्ता सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

मुख्यमंत्रीक छवि धूमिल करबाक प्रयास पर मधुबनी साइबर थाना मे प्राथमिकी दर्ज

मधुबनी, समदिया

बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक राजनीतिक प्रतिष्ठा आ छवि धूमिल करबाक प्रयासक आरोप मे मधुबनी साइबर थाना मे प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। सोशल मीडिया पर आपत्तिजनक फोटो आ वीडियो प्रसारित करबाक एहि मामिला मे पुलिस तकनीकी साक्ष्यक आधार पर जांच शुरू कए देने अछिआ आरोपितक पहचान करबाक प्रयास कए रहल अछि। साइबर थाना सं भेटल जानकारीक अनुसार, 28अक्टूबर 2026 के भोर 10:13 बजे सीसीएसयू सोशल मीडिया, पटना के मोबाइल सं मधुबनी साइबर थानाके सरकारी नंबर पर एकटा आपत्तिजनक फोटो आ वीडियो क्लिप पठाओल गेल छल। वीडियो मे एकटा अज्ञात व्यक्ति मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक चरणस्पर्श करैत देखाओल गेल अछि। सूचना भेटिते पुलिसकतकनीकी टीम जांच शुरू कए देलक। तकनीकी विश्लेषणक क्रम मे पुलिस इंस्टाग्राम पर 'रिपु यादववंशी'नाम सं संचालित एकटा आइडीक पहचान कयलक अछि। आरोप अछि जे एहि आइडीक माध्यम सं आपत्तिजनक सामग्री प्रसारित कयल गेल। पुलिस आब एहि अकाउंटक वास्तविक संचालक आ घटना मेशामिल आन लोकक भूमिका खंगालि रहल अछि।एहि मामिला मे मधुबनी साइबर थाना कांड संख्या 41/26 दर्ज कयल गेल अछि। प्राथमिकी भारतीयन्याय संहिता (बीएनएस) क धारा 356 आ 351(2), संगहि आइटी एक्ट 2000क धारा 66(C) आ 66(D) केअंतर्गत दर्ज कयल गेल अछि। साइबर डीएसपी नवीन कुमार प्राथमिकी दर्ज होयबाक पुष्टि करैत कहलनि जे दोषी सभक विरुद्ध कानूनक अनुसार सख्त कारबाइ कयल जाएत।

विद्यालय मे गुरुजीक जींस-टी-शर्ट पर रोक, शिक्षक पहिरताह फॉर्मल पोशाक

डीजे, डिस्को आ अशोभनीय गतिविधि पर पूर्ण प्रतिबंध, शिक्षा विभाग जारी केलक कठोर निर्देश

सहरसा, समदिया



जिलाक विद्यालय आ अन्य शैक्षणिक संस्थान मे शालीन व्यवहार आ गरिमामय वातावरण बनौनेरखबाक लेल शिक्षा विभाग सख्त निर्देश जारी केने अछि। विभाग स्पष्ट केने अछि जे शिक्षक आशिक्षकेत्तर कर्मी शिक्षण अथवा कार्यालय अवधि मे मात्र गरिमापूर्ण औपचारिक पोशाक (फॉर्मल ड्रेस) पहिरिविद्यालय आ शैक्षणिक संस्थान पहुंचताह। जींस आ टी-शर्ट जेहन अनौपचारिक पोशाक पर रोक लगाओल गेल अछि। निदेशक (प्रशासन) विजय कुमार पांडेय एहि संबंध मे पत्र जारी कए सभ जिला शिक्षापदाधिकारी (डीईओ) कें निर्देश देलनि अछि जे आदेशक सख्ती सं पालन सुनिश्चित करथि। विभागककहब अछि जे एहि संबंध मे पहिने सेहो निर्देश जारी कयल गेल छल, मुदा विभिन्न माध्यम सं शिकायत भेटि रहल अछि जे कतेको विद्यालय आ शैक्षणिक संस्थान मे एकर पालन नहि भए रहल अछि। किछुशिक्षक आ कर्मी कार्यालयक मर्यादाक विपरीत जींस आ टी-शर्ट पहिरि विद्यालय पहुंचि रहल छथि। विभाग विद्यालय परिसर मे नृत्य, डीजे, डिस्को आ अन्य अशोभनीय गतिविधिक आयोजन पर सेहो गंभीरआपत्ति जतौने अछि। निर्देश मे कहल गेल अछि जे एहि तरहक गतिविधि शैक्षणिक वातावरण केंनकारात्मक रूप सं प्रभावित करैत अछि। ताहि लेल विद्यालय परिसर मे एहन गतिविधि पर पूर्ण प्रतिबंधरहत। हालांकि शिक्षा कैलेंडर मे निर्धारित विशेष अवसर पर नृत्य आ संगीतक कार्यक्रम अनुशासित आशालीन तरीका सं आयोजित कयल जा सकत। विभाग अपन आदेश मे न्यायालयक उदाहरण दैत कहने अछि जे न्यायालय मे गरिमा आ कानूनक प्रतिष्ठा बनौने रखबाक लेल औपचारिक पोशाक कें महत्त्व देलजाइत अछि। ओही आधार पर विद्यालय मे सेहो शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मी लेल गरिमापूर्ण व्यवहार आऔपचारिक वेशभूषा अनिवार्य करबाक निर्देश देल गेल अछि।जिला शिक्षा पदाधिकारी सभ कें आदेशक सख्ती सं अनुपालन कराबय आ नियमित निगरानी रखबाकजिम्मेवारी देल गेल अछि। एहि संबंध मे डीईओ रोहित रौशन कहलनि जे विभागीय आदेशक आलोक मे जिलाक विद्यालय सभ कें पत्र जारी कए निर्देश देल गेल अछि जे ओ सभ निर्धारित दिशा-निर्देशक पालन सुनिश्चित करथि।

बीडीओक पहल पर फूलकाहां भुतही पथक खदहा भराओल गेल



सोनबरसा, सीतामढ़ी, समदिया

शांति समिति बैसार मे उठाओल गेल जनसमस्या पर प्रशासन त्वरित पहल शुरू कए देने अछि। बीडीओमृत्युंजय कुमार फूलकाहां-भुतही पथ पर बनल गड्ढा सभ कें ईंटक टुकड़ा सं भरवा देलनि। एहि संगसड़क किनारक पेड़-पौधाक छंटाई आ खराब चापाकल सभक मरम्मति काज सेहो पूरा करा लेल गेलअछि। बीडीओ बतौलनि जे शांति समिति बैसार मे सड़क पर बनल गड्ढाक मरम्मति, चापाकल सभ केंदुरुस्त करय आ सड़क किनारक पेड़-पौधाक छंटाई करयक मांग उठाओल गेल छल। एहि समस्या सभ केंगंभीरता सं लैत संबंधित विभाग कें आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। एकर बाद वन विभागक कर्मी सड़क किनारक पेड़-पौधाक छंटाई केलनि, जखन कि लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग (पीएचईडी) खराब चापाकल सभक मरम्मति करौलक। बताओल जाइत अछि जे पूर्व पैक्स अध्यक्ष संजय पूर्वे बैसार मेएहि समस्या सभ कें प्रमुखता सं उठौने छलाह। बीडीओ मृत्युंजय कुमार स्वयं क्षेत्र भ्रमण कए विधि-व्यवस्थाक स्थिति देखैत आ जनसमस्या सभक समाधानक निगरानी करैत देखल गेलाह। एहि दौरान प्रखंडकृषि पदाधिकारी बालहंस, पूर्व पैक्स अध्यक्ष अरुण कुमार आ संजय पूर्वे सहित अन्य लोक उपस्थितछलाह।

किरण मैथिली साहित्य शोध संस्थानक कार्यकारिणीक संयुक्त बैसार संपन्न

मनीगाछी, समदिया



किरण मैथिली साहित्य शोध संस्थान, धर्मपुर उजानक निवर्तमान आ वर्तमान कार्यकारिणीक संयुक्त बैसाररविदिन संस्थान परिसर मे डॉ. इंद्रनाथ झाक अध्यक्षता मे संपन्न भेल। बैसार मे दुनू कार्यकारिणीकसदस्यसभक बीच सौंपल गेल दायित्व, संस्थानक गतिविधि आ भावी कार्ययोजना पर विस्तार सं विचार-विमर्श कयल गेल। एहि अवसर पर निवर्तमान कार्यकारिणी द्वारा संस्थानक हित आ विकास लेल पूर्व मेकयल गेल दर्जनों महत्वपूर्ण काजक सराहना कयल गेल। संगहि पूर्ववर्ती सदस्य सभ वर्तमान कार्यकारिणी कें अपन-अपन दायित्वक सफलतापूर्वक निर्वहन मे हरसंभव सहयोग देबाक भरोस देलनि। बैसार मेसंस्थानक आर्थिक स्थिति आ कोष पर विशेष चर्चा भेल। डॉ. सतीरमण झा वर्षभरि आयोजित होमयवलाविभिन्न कार्यक्रम, विशेष कए किरण जयंती समारोह, पुरस्कार वितरण आ स्मारिका प्रकाशन पर विस्तारसं जानकारी देलनि। एहि कार्यक्रमसभक आयोजन मे होमयवला संभावित खर्च पर सेहो विमर्श भेल।संस्थानक कोष मे जमा राशि, निवर्तमान आ वर्तमान कोषाध्यक्षक बीच आय-व्ययक हि समन्वय, उपलब्ध शेष राशि आ संस्थानक नियमित संचालन लेल आवश्यक धनक व्यवस्था कोन स्रोत संकयल जाए, एहि सभ बिंदु पर गंभीरतापूर्वक विचार कयल गेल। विभिन्न मद मे भेल खर्च आ उपलब्धलेखा-ब्योराक अंकेक्षक द्वारा कयल गेल अंकेक्षण संबंधी विषय पर सेहो चर्चा भेल। बैसार मे डॉ. शिवशंकर श्रीनिवास, डॉ. अतुलेश्वर झा, लखन जी चौधरी, शंकर कुमार मिश्र, हिरानंद मिश्र, बिनोद कुमार, प्राची पराशर, राजेश मिश्र आ अरुण कुमार साफी सहित अन्य सदस्य उपस्थित छलाह।

सहरसा मे ब्लू डार्ट कूरियरक नव परिसरक भेल उद्घाटन



सहरसा, समदिया

शहरक पुरान बस स्टैंड स्थित सत्यम शिवम मार्केट मे रविदिन ब्लू डार्ट कूरियर सेवाक नव परिसर मेकार्यालयक शुभारंभ कयल गेल। एहि सं पहिने ई कार्यालय वीआइपी रोड मे संचालित भए रहल छल। नवकार्यालयक उद्घाटन नवल कुमार सिंह, हसंत कुमार सिंह, आंचल मधु, मुन्नी सिंह, विश्वजीत कुमार सिंह,वरुण कुमार सिंह, सत्यम सिंह आ रामकुमार संयुक्त रूप सं फीता काटि आ केक काटि कयलनि। एहिअवसर पर उद्घाटनकर्ता नवल किशोर सिंह कहलनि जे कोशी स्टेशनरी विगत 41 बरख सं देश-विदेश मे विश्वसनीय कूरियर सेवा उपलब्ध करा रहल अछि। ओतहि संस्थानक प्रोपराइटर हसंत कुमार सिंह कहलनि जे कोशी स्टेशनरीक 41 बरख आ ब्लू डार्टक संग 25 वर्षक सेवाक यात्रा पूरा होयबाक अवसर पर नवपरिसर शुरू कयल गेल अछि।ओ कहलनि जे ब्लू डार्टक माध्यम सं देशक सभ जिला आ राज्यक संग अंतरराष्ट्रीय स्तर पर सेहोकिफायती दर पर सुरक्षित आ गुणवत्तापूर्ण कूरियर सेवा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। ओ ग्राहक सभसं नव परिसर मे आबि सेवाक लाभ उठयबाक अपील कयलनि।

नाबालिग सं जुड़ल मामिला मे नरमाक आरोपी गिरफ्तार, न्यायिक हिरासत मे पठाओल गेल



अलीनगर, समदिया

अलीनगर थाना क्षेत्र मे नाबालिग सं जुड़ल मामिला मे पुलिस कारबाइ करैत नामजद अभियुक्त कें गिरफ्तार कयने अछि। गिरफ्तार युवकक पहचान नरमा गाम निवासी रघुबीर पासवानक पुत्र विकासकुमारक रूप मे भेल अछि। पुलिसक अनुसार, एहि मामिला मे अलीनगर थाना कांड संख्या 100/26, दिनांक21 जुलाई 2026 के अंतर्गत भारतीय न्याय संहिता (बीएनएस)क धारा 352, 351(2), 74 आ 3(5) तथापॉक्सो एक्टक धारा 12 के अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कयल गेल छल। नामजद अभियुक्तक गिरफ्तारी लेलथानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्माक नेतृत्व मे पुलिस टीम छापेमारी कयलक। एहि अभियान मे पुलिस अवर निरीक्षक ओम प्रकाश, पुलिस अवर निरीक्षक रजनी कुमारी आ पुलिस बलक सदस्य शामिल छलाह। पुलिस टीम आरोपित विकास कुमार कें गिरफ्तार कय लेलक। पुलिसक जानकारी अनुसार, गिरफ्तारीक बादआवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा कय आरोपित कें न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि। मामिला मेपुलिसक आगूक कारबाइ जारी अछि।

दिव्यांग रहमानक हत्या सं मर्माहत एसोसिएशन, पीड़ित परिवार लेल न्यायक मांग

सीतामढ़ी, समदिया



जिलाक तिलंगी गाम मे दिव्यांग रहमानक पीटि-पीटि कए हत्या कयल गेलाक घटना पर एसोसिएशन ऑफ पर्सन्स विथ डिसैबिलिटीज गहींर शोक आ आक्रोश व्यक्त केलक अछि। घटनाक जानकारी भेटलाकबाद एसोसिएशनक राष्ट्रीय अध्यक्ष प्रवीण कुमार मिश्रा कवि जी आ राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष हरदेव प्रसाद पीड़ित परिवार सं भेंट कयलनि। एहि दौरान ओ सभ परिवार कें सांत्वना देलनि आ न्याय देबाकलेल प्रशासनिक अधिकारी आ जनप्रतिनिधि सभक समक्ष विभिन्न मांग रखलनि।मृतक रहमानक पत्नी सेहो दिव्यांग छथि। परिवार पर विपत्तिक पहाड़ टूटि पड़ल अछि। एहन परिस्थितिमे परिवारक भरण-पोषण, सुरक्षा आ सम्मानजनक जीवन-यापन सुनिश्चित करबाक लेल एसोसिएशन विशेष पहल करबाक मांग केलक। एसोसिएशनक प्रमुख मांग मे हत्याकांड मे शामिल सभ आरोपितकअविलंब गिरफ्तारी, निष्पक्ष आ त्वरित जांच तथा दोषी सभके कानूनक अनुसार कठोर सजा देबाक मांगशामिल अछि। एकरा अतिरिक्त मृतकक दिव्यांग पत्नी कें प्रधानमंत्री आवास योजना, दिव्यांगता पेंशन आपात्रताक आधार पर पारिवारिक लाभ योजनाक लाभ देबाक मांग कयल गेल। परिवार कें अंत्योदय योजनाक अंतर्गत राशन, नियमानुसार उचित मुआवजा, श्रम संसाधन विभागक पात्र योजनाक लाभ आमृतकक मृत्यु प्रमाणपत्र शीघ्र जारी करबाक मांग सेहो उठाओल गेल। एहि सिलसिला मे एसोसिएशनक प्रतिनिधिमंडल सीतामढ़ीक पुलिस अधीक्षक सं भेंट कए मामिलाक त्वरित जांच आ आरोपित सभक शीघ्र गिरफ्तारी सुनिश्चित करबाक अनुरोध केलक। प्रतिनिधिमंडल भुतही थानाध्यक्ष सं सेहो भेंट कए आवश्यककारबाइ करबाक मांग रखलक। एकर अतिरिक्त बिहार सरकारक समाज कल्याण विभागक मंत्री श्वेतागुप्ता सं भेंट कए पीड़ित दिव्यांग परिवारक समस्या आ सरकारी सहायता उपलब्ध करयबाक विषय परचर्चा कयल गेल। दौरा क्रम मे जिलाक सैकड़ो दिव्यांगजनक संग बैसार आ विचार-विमर्श सेहो कयल गेल।एहि दौरान दिव्यांगजनक समस्या, अधिकार आ सरकारी योजनाक लाभ सं जुड़ल मुद्दा पर चर्चा भेल।एसोसिएशन दिव्यांगजनक हक, सम्मान, सुरक्षा आ न्याय लेल निरंतर संघर्ष करबाक संकल्प दोहरौलक।एहि अवसर पर प्रदेश आरटीआइ प्रभारी मुकेश कुमार महतो, प्रदेश सचिव गायत्री कुमारी, जिलाध्यक्ष शिवशंकर यादव, जिला सचिव संजीव कुमार, महिला जिलाध्यक्ष रिंकू कुमारी, जिला संरक्षक राम पुकारठाकुर, कमरुद्दीन, इब्राहिम, पूजा कुमारी, सुरेश सिंह, सहवीर ठाकुर, सोनफी कुमार सहित अन्य दिव्यांगजन उपस्थित छलाह।

4 नवंबरक लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्राक तैयारी लेल एनडीएक बैसार



सहरसा, समदिया

आगामी 4 नवंबर के जिला मे आयोजित होमयवला लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ पदयात्राक तैयारी के लए रविदिन स्थानीय परिसदन मे राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन (एनडीए)क जिलाध्यक्ष आ प्रमुखनेतासभक बैसार भेल। बैसारक अध्यक्षता भाजपा जिलाध्यक्ष सह एनडीए संयोजक साजन शर्मा कयलनि,जखन कि संचालन भाजपा प्रदेश मंत्री दिवाकर सिंह कयलनि। बैसार के संबोधित करैत बिहार सरकारकपूर्व मंत्री डॉ. आलोक रंजन झा कहलनि जे ई पदयात्रा लोकतांत्रिक मूल्य, संवैधानिक संस्थासभक गरिमाआ सामाजिक व्यवस्थाक प्रति प्रतिबद्धता व्यक्त करबाक महत्वपूर्ण कार्यक्रम अछि। ओ गठबंधनक सभ घटक दलक कार्यकर्ता सभ सं आपसी समन्वय आ एकजुटताक संग पदयात्रा के सफल बनेबाक आह्वानकयलनि। बैसार मे हम (सेक्युलर)क प्रदेश उपाध्यक्ष रामरतन ऋषिदेव, लोजपा (रामविलास)क जिलाध्यक्षमहेंद्र शर्मा, जदयू वरिष्ठ उपाध्यक्ष सुनील सिंह आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रधान महासचिव सी.एम. झासेहो अपन विचार रखलनि। एहि दौरान पदयात्राक रूपरेखा, संगठनात्मक तैयारी, व्यापक जनभागीदारी आएनडीएक सभ घटक दलक सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित करबाक विषय पर विस्तार सं चर्चा भेल। नेतासभ कार्यक्रम के सफल बनेबाक लेल कार्यकर्ता सभ के एकजुट भए तैयारी मे जुटबाक बात कहलनि। बैसारमे एनडीएक विभिन्न घटक दलक प्रमुख नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

अधिकारी आ कर्मचारी आधुनिक तकनीक अपनेबाक लेल हेताह प्रोत्साहित

विद्यालय सभ मे एआइक उपयोग कें बढ़ावा देत शिक्षा विभाग, जारी केलक दिशा-निर्देश

प्रशासनिक आ शैक्षणिक काज मे होयत उपयोग

सहरसा, समदिया



सरकारी विद्यालय आ अन्य शैक्षणिक संस्थान मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआइ) तकनीकक उपयोग कें बढ़ावादेबाक लेल शिक्षा विभाग महत्वपूर्ण दिशा-निर्देश जारी केने अछि। विभागीय निदेशक (प्रशासन) विजयकुमार पांडेय एहि संबंध मे सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी (डीईओ) कें आवश्यक कारबाइ सुनिश्चितकरबाक निर्देश देलनि अछि। विभागीय पत्र मे कहल गेल अछि जे राज्य सरकारक विभिन्न संस्थान मेएआइक व्यापक उपयोग कें प्रोत्साहित कयल जा रहल अछि। एहि क्रम मे सूचना प्रौद्योगिकी विभाग द्वारा 8 मई 2026 के सेहो आवश्यक संकल्प जारी कयल जा चुकल अछि। शिक्षा विभागक अनुसार,विश्वभरि शिक्षा क्षेत्र मे एआइक उपयोग तेजी सं बढ़ि रहल अछि। एहि तकनीकक माध्यम सं समयकबचत होयबाक संग तकनीकी प्रगति कें सेहो बढ़ावा भेटैत अछि। एआइक उपयोग सं विभिन्न प्रशासनिक आ शैक्षणिक काज कें सरल, सुविधाजनक आ प्रभावकारी बनाओल जा सकैत अछि। विभागीय निर्देश मेकहल गेल अछि जे जिला स्तर पर शिक्षा विभाग द्वारा संचालित विभिन्न कार्यक्रमक पर्यवेक्षण आ नीकसंचालन मे चैटजीपीटी, क्लाउड आधारित सेवा तथा अन्य कृत्रिम बुद्धिमत्ता एप्लीकेशन उपयोगी साबित भए सकैत अछि। एहि तकनीकक उपयोग सं विभागीय काजक गति आ गुणवत्ता दुनू मे सुधार संभव अछि। शिक्षा विभाग सरकारी विद्यालय आ शैक्षणिक संस्थान मे कार्यरत पदाधिकारी आ कर्मचारी सभ केंएआइ आधारित तकनीक अपनयबाक लेल प्रोत्साहित करबाक सलाह देने अछि। खास कए सरकारी पत्र,परिपत्र आ अन्य प्रशासनिक काज मे आधुनिक एआइ उपकरणक उपयोग कें जनोपयोगी बताओल गेलअछि। एहि संबंध मे जिला शिक्षा पदाधिकारी रोहित रौशन कहलनि जे विभागीय दिशा-निर्देशक आलोक मेआवश्यक कारबाइ कयल जा रहल अछि। विभागीय आदेशक अनुरूप संबंधित विद्यालय आ कार्यालय सभकें निर्देश जारी कयल गेल अछि।

सीमा पर तस्करी आ घुसपैठ रोकबाक लेल चौकीदार सभ कें अलर्ट रहबाक निर्देश

अवैध शराब, गांजा तस्करी आ जाली आधार कार्ड बनेबाक धंधा पर पुलिस रखत विशेष नजरि

सीतामढ़ी, समदिया



भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमा सं सटल बेला थाना क्षेत्र मे अवैध गतिविधि पर रोक लगयबाक लेल पुलिस निगरानी व्यवस्था मजबूत करबाक पहल केने अछि। एहि क्रम मे रविदिन बेला थाना परिसर मेआयोजित चौकीदार सभक साप्ताहिक परेड मे सर्किल इंस्पेक्टर परशुराम सिंह चौकीदार सभ कें अपन-अपन क्षेत्र मे विशेष सतर्कता बरतबाक निर्देश देलनि। परेडक दौरान इंस्पेक्टर चौकीदार सभ कें अवैधशराब आ गांजा तस्करी पर विशेष नजरि रखबाक संग संदिग्ध गतिविधि सभक सूचना लगातार जुटयबाक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कयलनि जे सीमा पार सं होमयवला तस्करी, मादक पदार्थक आवाजाही आ अवैध घुसपैठ रोकब पुलिसक प्राथमिकता अछि। एहि लेल चौकीदार सभ कें स्थानीय स्तर पर सूचनातंत्र मजबूत करबाक आ कोनो महत्वपूर्ण जानकारी भेटलापर तत्काल पुलिस अधिकारी सभ कें सूचितकरबाक कहल गेल। ओ जाली आधार कार्ड बनेबाक काज मे संलग्न दुकानदार सभक पहचान करबाक आहुनका सभक विरुद्ध कारबाइ मे पुलिस कें सहयोग करबाक निर्देश सेहो देलनि। आगामी दीपावली आ छठपूजा कें देखैत क्षेत्र मे विशेष चौकसी बरतबाक निर्देश देल गेल। इंस्पेक्टर कहलनि जे पर्व-त्योहारक दौरानशांति आ विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल चौकीदार सभक भूमिका महत्वपूर्ण अछि। सभ चौकीदार अपन-अपन क्षेत्र मे सक्रिय रहथि आ असामाजिक तत्व तथा संदिग्ध गतिविधि पर लगातार नजरि रखथि। एहि अवसर पर थानाध्यक्ष अचल अनुराग सहित अन्य पुलिस पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

दुनियांक लोकतंत्र पर विदेशी सत्ता परिवर्तनक छाया!

किशन सनमुखदास भावनानी

वैश्विक राजनीति मे आइ एकटा महत्वपूर्ण प्रश्न तेजी सं उठि रहल अछि जे विभिन्न देश मे भए रहल जनआंदोलन की मात्र जनताक वास्तविक समस्याक परिणाम अछि अथवा एकर पाछू विदेशी आर्थिक सहायता, अंतरराष्ट्रीय संगठन, राजनीतिक नेटवर्क आ रणनीतिक हितक माध्यम सं सत्ता परिवर्तन अर्थात रिजीम चेंजक कोनो सुनियोजित योजना सेहो काज कए रहल अछि? लोकतंत्र मे सरकारक विरोध मे प्रदर्शन करब नागरिकक अधिकार अछि। मुदा जखन कोनो देशक आंतरिक राजनीतिक अस्थिरता मे विदेशी धन, डिजिटल प्रचार, बाहरी राजनीतिक समर्थन अथवा गुप्त नेटवर्कक भूमिका पर आरोप उठैत अछि, तखन ई विषय राष्ट्रीय संप्रभुता आ लोकतांत्रिक सुरक्षा सं जुड़ि जाइत अछि। इजरायल मे 30 अक्टूबर 2026 केर चुनाव परिणाम आ प्रधानमंत्री बेंजामिन नेतन्याहू द्वारा लगाओल गेल आरोप एहि बहसक ताजा उदाहरण बनि कए सोझ-ां आयल अछि।

इजरायल : 120 सीट पर सत्ताक गणित आ अरब दलक ऐतिहासिक उभार : 27 अक्टूबर 2026 कें भेल आम चुनाव नेतन्याहूक सोझां पैघ राजनीतिक चुनौती ठाढ़ कए देने अछि। 30 अक्टूबर कें केंद्रीय चुनाव समिति द्वारा घोषित परिणामक अनुसार, 120 सदस्यीय नेसेट (इजरायली संसद) मे बहुमतक लेल 61 सीट आवश्यक अछि। नेतन्याहूक समर्थक गठबंधन कें मात्र 53 सीट भेटल, जखन कि पूर्व सैन्य प्रमुख गादी आइजेनकोटक नेतृत्वबला परिवर्तनवादी विपक्षी खेमाक हिस्सा मे 48 सीट आयल। ओतहि अरब नेतृत्वबला दल सभ 19 सीट जीतबाक संग अपन ऐतिहासिक उपस्थिति दर्ज केलक। दलवार परिणाम मे लिकुड कें 27, याशर कें 21, बियाखद कें 12, संयुक्त अरब सूची कें 11, डेमोक्रेट्स आ रा'म कें 8-8, यिसराइल बेतेनु आ ओत्जमा येहुदित कें 7-7, यूनाइटेड टोरा यहूदी धर्म कें 7 तथा शास आ धार्मिक जायनिज्म कें 6-6 सीट भेटल। मतदान लगभग 77.9 प्रतिशत रहल आ 57 लाख सं बेसी मतदाताक सहभागिता रहल। अरब दलक 19 सीट सरकार गठन मे निर्णायक साबित भए सकैत अछि। मुदा विपक्षी दलक कतेको नेता अरब दलक संग गठबंधन करबाक पक्ष मे नहि छथि। तें सरकार गठनक भविष्य मात्र सीट सभक गणित पर नहि, राजनीतिक समझौता पर सेहो निर्भर करत।

कतर आ तुर्की पर विदेशी हस्तक्षेपक आरोप : एहि चुनावक सभ सं विवादास्पद पक्ष विदेशी हस्तक्षेप आ कथित आर्थिक लेन-देनक आरोप अछि। प्रधानमंत्री नेतन्याहू आ हुनकर दल लिकुड द्वारा अरब मतदाता सभक बीच धन वितरण, वोट खरीद, दोहरा मतदान आ चुनावी अनियमितताक आरोप लगाओल गेल अछि। इजरायली मीडिया मे कतर सं धन पहुंचबाक आ तुर्की सहित अन्य विदेशी तत्वक संभावित भूमिका पर सेहो आशंका व्यक्त कयल गेल अछि। केंद्रीय चुनाव समिति अध्यक्ष आ सुप्रीम कोर्टक न्यायाधीश नोआम सोलबर्ग एहि आरोपक जांच लेल इजरायल के आंतरिक सुरक्षा एजेंसी शिन बेट कें निर्देश देने छथि। मुदा एतय ई भेद बुझब आवश्यक अछि जे आरोप आ प्रमाणित तथ्य एक्के बात नहि होइत अछि। कतर चुनाव मे हस्तक्षेप अथवा धन पठेबाक आरोप खारिज



कयने अछि। तुर्की सेहो आरोप कें निराधार बतौने अछि। केंद्रीय चुनाव समितिक कार्यवाहक महानिदेशक व्यापक चुनावी धांधलीक दावा कें आधारहीन बतौने छथि। शिन बेट सेहो स्पष्ट केलक अछि जे जांच सीमित दायरा मे अछि आ एखन धरि आरोप सिद्ध नहि भेल अछि। जं जांच मे विदेशी धन, वोट खरीद अथवा चुनावी प्रक्रिया प्रभावित करबाक प्रमाण भेटैत अछि तं एकर असरि इजरायलक सरकार गठनक अतिरिक्त मध्यपूर्वक कूटनीतिक संबंध पर सेहो पड़ि सकैत अछि। दोसर दिस, आरोप गलत साबित होइत अछि तं चुनाव परिणाम कें बदनाम करबाक आ अरब नागरिकक लोकतांत्रिक अधिकार पर प्रश्न उठेबाक राजनीति सेहो आलोचनाक विषय बनत।

फ्रांस : शिक्षा आंदोलन सं महंगाइ आ सरकार विरोध धरि : फ्रांस मे सितंबर 2026 के अंत मे विद्यार्थी सभ स्कूल मे शिक्षकक कमी, खराब शैक्षणिक सुविधा आ लंबा अध्ययन अवधि सहित शिक्षा व्यवस्थाक समस्या लए आंदोलन शुरू कयलनि। धीरे-धीरे श्रमिक संगठन आ आम नागरिक सेहो एहि मे शामिल भए गेलाह। महंगाइ, ईंधनक बढ़ैत दाम, वेतन, पेंशन आ सार्वजनिक सेवाक स्थिति प्रमुख मुद्दा बनि गेल। अक्टूबर मे पेरिस सहित कतेको शहर मे पैघ प्रदर्शन भेल। 24 अक्टूबर के आसपास देशभरि मे लगभग तीन लाख प्रदर्शनकारीक भाग लेबाक खबरि आयल। फॉक्स न्यूज डिजिटल 9 अक्टूबर 2026 के अपन खोजी रिपोर्ट मे विद्यार्थी आंदोलनक लगपास सक्रिय अंतरराष्ट्रीय संगठन, श्रमिक संघ, वामपंथी दल आ मीडिया नेटवर्कक भूमिकापर सवाल उठौलक। रिपोर्ट मे 50 संगठनक उल्लेख छल, जाहि मे 15 विद्यार्थी आ युवा संगठन छलाह। रिपोर्टक आरोप छल जे एहि नेटवर्क सभ स्थानीय असंतोष कें व्यापक राजनीतिक अभियानक रूप देबा मे भूमिका निभौलक। मुदा आंदोलनक प्रचार करब, संगठित भागीदारी करब आ विदेशी निर्देश पर सरकार खसयबाक षड्यंत्र करब तीन अलग-अलग बात अछि। संगठनात्मक संबंध मात्र विदेशी साजिशक निर्णायक प्रमाण नहि भए सकैत अछि।

स्पेन : आवास संकट बनल सरकार लेल चुनौती : स्पेन मे सितंबर 2026 मे आवास संकटक विरोध मे आंदोलन शुरू भेल। मैड्रिड मे 87 वर्षीया मारिकर्मेन अबास्कल कें हुनकर पुरान आवास सं बेदखल करबाक घटना जनआक्रोश बढ़ा देलक। आरोप छल जे मकान किननिहार कंपनी किराया हुनकर पेंशनक क्षमता सं बहुत बेसी बढ़ेबाक प्रयास कयलक। एकर बाद हजारो लोक किराया नियंत्रण, कमजोर वर्गक बेदखली रोकबाक आ सस्ता आवास उपलब्ध करयबाक मांग लए सड़क पर उतरला। अक्टूबर मे आंदोलन व्यापक राजनीतिक मुद्दा बनि गेल। आवास सुधार पर संसद मे गतिरोध आ राजनीतिक दबावक बीच प्रधानमंत्री पेद्रो सांचेज 29 नवंबर के मध्यावधि चुनाव करयबाक आह्वान कयलनि।

अल्बानिया : भ्रष्टाचार, बेरोजगारी आ विदेशी निवेशक विवाद : अल्बानिया मे प्रधानमंत्री एदी रामा सरकारक विरोधक पाछू भ्रष्टाचार, बेरोजगारी, शिक्षा व्यवस्था आ प्राकृतिक संसाधनक सुरक्षा सन मुद्दा अछि। ज्वेर्नेक क्षेत्रक संरक्षित आर्द्रभूमिक लग प्रस्तावित लक्जरी पर्यटन परियोजनाक विरोध स्थानीय निवासी आ पर्यावरण कार्यकर्ता कयलनि। एहि परियोजनाक चर्चा अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक दामाद जेरेड कुशनर सं जुड़ल निवेशक संदर्भ मे सेहो भेल। प्रदर्शनकारी सभक आरोप अछि जे पैघ निवेशकक हितक आगू स्थानीय नागरिक आ पर्यावरणक अधिकारक अनदेखी कयल जा रहल अछि। अक्टूबर मे विद्यार्थी आ अन्य समूहक सहभागिता सं आंदोलन बेसी व्यापक भए गेल। एतहु विदेशी हस्तक्षेपक आरोप आ सोशल मीडिया पर प्रसारित अपुष्ट दावाक बीच भेद रखब आवश्यक अछि।

भारत : चुनावी प्रक्रिया आ जनआंदोलन मे अंतरराष्ट्रीय नेटवर्कक चर्चा : भारत मे मतदाता सूची विशेष गहन पुनरीक्षण अर्थात एसआइआर कें लए राजनीतिक विवाद आ विरोध प्रदर्शन भेल। विपक्षी दल आ किछु सामाजिक संगठन मतदाता सूची सं बड़का संख्या मे नाम हटाओल जेबाक सवाल उठौलनि आ चुनाव आयोगक जवाबदेहीक मांग कयलनि। अक्टूबर मे दिल्ली मे मुख्य चुनाव आयुक्तक इस्तीफाक मांग लए प्रदर्शन भेल। प्रोग्रेसिव इंटरनेशनल 16 अक्टूबर 2026 के अपन ब्रीफिंग मे भारत, फ्रांस, स्पेन आ अल्बानियाक आंदोलनक एक संग चर्चा कयलक। एहि मे समान सामाजिक शिकायत आ संगठित राजनीतिक शक्तिक संभावना पर विचार कयल गेल। फॉक्स न्यूजक 21 अक्टूबर के आसपास प्रकाशित खोजी रिपोर्ट मे नौ देशक 101 संगठनक नेटवर्कक उल्लेख कयल गेल, जाहि पर आंदोलनक आयोजन, समन्वय आ प्रचार-प्रसार मे सक्रिय रहबाक आरोप छल। अमेरिकी कारोबारी नेविल रॉय सिंघम सं जुड़ल संगठनक फंडिंग आ अंतरराष्ट्रीय गतिविधिक चर्चा सेहो भेल। मुदा एहि रिपोर्ट सं ई सिद्ध नहि होइत अछि जे भारतक आंदोलन कें एहि संगठन सभ वित्तीय सहायता देने छल अथवा निर्देशित कयने छल। अंतरराष्ट्रीय मंच पर आंदोलनक समर्थन आ दोसर देशक सरकार खसयबाक षड्यंत्र एक्के बात नहि अछि।

विदेशी रिजीम चेंजक रणनीति कोना काज करैत अछि? : रिजीम चेंज अर्थात कोनो देशक वर्तमान सरकार अथवा सत्ता व्यवस्थाक परिवर्तन कतेको माध्यम सं होइत रहल अछि। इतिहास मे एकर कूटनीतिक, आर्थिक आ सैन्य उदाहरण भेटैत अछि। आधुनिक समय मे एकर किछु प्रमुख माध्यम अछि। पहिल, महंगाइ, बेरोजगारी, महंगा आवास, कम वेतन आ शिक्षा-स्वास्थ्य सुविधाक कमी सन वास्तविक समस्या आर्थिक असंतोष पैदा करैत अछि। दोसर, विद्यार्थी, श्रमिक संगठन, सामाजिक संस्था आ राजनीतिक दल सभ मिलि जनआंदोलन कें संगठित करैत अछि। तेसर, सोशल मीडिया, वीडियो, अंतरराष्ट्रीय मीडिया आ डिजिटल नेटवर्कक माध्यम सं सरकार विरोधी संदेश व्यापक स्तर पर पहुंचाओल जाइत अछि। चारिम माध्यम विदेशी अनुदान, राजनीतिक संपर्क आ बाहरी संस्थाक सहयोग होइत अछि। पांचम माध्यम कूटनीतिक दबाव, आर्थिक प्रतिबंध आ अंतरराष्ट्रीय मंच पर सरकारक वैधता पर सवाल उठेनाइ अछि। छठम माध्यम राजनीतिक दलक गठबंधन, चुनावी रणनीति आ सत्तारूढ़ दलक भीतरक असंतोष कें राजनीतिक परिवर्तन मे बदलनाइ अछि। मुदा एहि सभ प्रक्रिया कें अपने-आप विदेशी षड्यंत्र अथवा गैरकानूनी गतिविधि नहि कहल जा सकैत अछि। लोकतंत्र मे नागरिक संगठन, स्वतंत्र मीडिया, अंतरराष्ट्रीय एकजुटता आ शांतिपूर्ण प्रदर्शन वैध अधिकार अछि। समस्या तखन उत्पन्न होइत अछि जखन गुप्त विदेशी धन, अवैध चुनावी वित्तपोषण, दुष्प्रचार, साइबर हस्तक्षेप, हिंसा अथवा राजनीतिक संस्था कें कमजोर करबाक सुनियोजित प्रयास होइत अछि। तें एहन आरोपक जांच बैंकिंग अभिलेख, वित्तीय लेन-देन, डिजिटल साक्ष्य, संगठनात्मक दस्तावेज आ स्वतंत्र जांचक आधार पर होयबाक चाही।

बिहार एमएलसी चुनाव : शिक्षक सभ बदललनि प्रतिनिधि, टूटल कतेको समीकरण

राहुल राज

बिहार विधान परिषदक हालक आठ सीट पर भेल चुनाव राज्यक राजनीतिक समीकरण मे कतेको महत्वपूर्ण संकेत देने अछि। एहि चुनाव मे कतहु स्थापित दलक उम्मीदवार कें मतदाता सभ नकारि देलनि, तं कतहु निर्दलीय प्रत्याशी दलगत राजनीति कें चुनौती दैत जीत दर्ज कयलनि। प्रशांत किशोरक जन सुराज पार्टी कें विधान परिषद मे पहिल बेर प्रवेश भेटल, तं भाजपा, जेडीयू आ राजद कें सेहो अलग-अलग क्षेत्र मे सफलता आ चुनौती दुनू देखय पड़ल। चुनावक सभ सं महत्वपूर्ण पक्ष रहल जे चारू शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक वर्तमान विधान पार्षद कें हारिक सामना करय पड़ल, जखनकि चारू स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे पुरान प्रतिनिधि अपन सीट बचाबय मे सफल रहलाह।

शिक्षक मतदाता सभक बदलल मिजाज : शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक परिणाम एहि चुनावक सभ सं चर्चित पक्ष बनल। पटना शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे पांच बेरक विधान पार्षद रहल भाजपा नेता नवल किशोर यादव कें राजद समर्थित डॉ. संजीव कुमार पराजित कयलनि। लगभग तीन दशक धरि एहि सीट पर प्रतिनिधित्व करैत रहल नवल किशोर यादवक हार भाजपा लेल महत्वपूर्ण राजनीतिक झटका अछि। दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे जन सुराजक सुरेश प्रसाद राय कांग्रेसक पूर्व प्रदेश अध्यक्ष आ दू बेरक विधान पार्षद मदन मोहन झा कें हरौलनि। एहि जीतक संग प्रशांत किशोरक पार्टी कें विधान परिषद मे पहिल प्रतिनिधित्व भेटल। ई परिणाम कांग्रेसक पारंपरिक राजनीतिक आधार आ संगठनात्मक क्षमता पर सेहो सवाल उठबैत अछि। तिरहुत शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे भाजपा उम्मीदवार नरेंद्र प्रसाद सिंह वर्तमान विधान पार्षद सीपीआइ कें संजय कुमार सिंह कें पराजित कयलनि। निर्दलीय भूषण कुमार झा दोसर स्थान पर



रहलाह। सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे निर्दलीय राहुल राज वर्तमान विधान पार्षद अफाक अहमद कें हरौलनि। एहि चारू परिणाम सं स्पष्ट अछि जे शिक्षक मतदाता एहि बेर पुरान प्रतिनिधि सभक बदला नव विकल्प चुनबाक रुख देखौलनि।

स्नातक क्षेत्र मे पुरान प्रतिनिधि सभक पकड़ : शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक ठीक उलट स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे मतदाता सभ पुरान प्रतिनिधि सभ पर भरोस जतौलनि। पटना स्नातक सीट पर जेडीयू नेता नीरज कुमार लगातार चारिम बेर जीत दर्ज कयलनि। चुनावक दौरान मोकामा विधायक अनंत सिंह द्वारा जन सुराज उम्मीदवार अनुज सिंह कें समर्थन देल जेबाक चर्चा खूब रहल। मुदा एहि चुनौतीक बादो नीरज कुमार अपन सीट बचा लेलनि। बाद मे जेडीयू अनंत सिंह आ हुनकर पत्नी नीलम देवी कें पार्टी सं निष्कासित कए देलक। ई घटनाक्रम सत्तारूढ़ दलक भीतरक राजनीतिक खींचतान कें सेहो उजागर कयलक। दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे भाजपा उम्मीदवार सर्वेश कुमार राजदक अनिल कुमार झा कें मात्र 237 मत सं पराजित कयलनि। कोसी स्नातक सीट पर भाजपा कें एनके यादव अपन जीतक सिलसिला जारी रखलनि। ओ राजद उम्मीदवार नितेश कुमार कें हरौलनि। तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे निर्दलीय बंशीधर ब्रजवासी जेडीयू समर्थित अभिषेक झा कें पराजित कयलनि। एहि जीत सं स्पष्ट भेल जे स्नातक मतदाता सभक बीच व्यक्तिगत पहिचान आ उम्मीदवारक अपन जनाधार सेहो निर्णायक भूमिका निभा सकैत अछि।

जन सुराजक प्रवेश, राजदक विस्तार : एहि चुनावक एकटा पैघ राजनीतिक उपलब्धि जन सुराजक नाम रहल। दरभंगा शिक्षक सीट पर सुरेश प्रसाद राय जीत दर्ज कए पार्टी कें विधान परिषद मे प्रवेश करौलनि। ई जीत प्रशांत किशोरक लेल महत्वपूर्ण अछि। मुदा एकटा सीट पर सफलता कें स्थायी राजनीतिक जनाधार मानि लेब जल्दबाजी होयत। जन सुराज कें आब अपन प्रतिनिधि सभक माध्यम सं शिक्षक, स्नातक आ आम मतदाता सभक अपेक्षा पूरा करबाक चुनौती रहत।

भाजपा रणनीतिकार सभक सोझां कतेको सवाल छोड़ि गेल एमएलसी चुनाव!

दीपक कुमार त्यागी

देशक चारि राज्य (उत्तर प्रदेश, बिहार, महाराष्ट्र आ कर्नाटक)क 28 विधान परिषद (एमएलसी) सीट पर चुनाव संपन्न भए गेल अछि। सभ राजनीतिक दल आ विश्लेषक परिणामक समीक्षा कए अपन-अपन लाभ-हानिक हिसाब सं ओकर अर्थ निकालि रहल छथि। मुदा एहि बेरक चुनाव कतेको एहन सवाल छोड़ि गेल अछि, जकर जवाब राजनीतिक दलक रणनीतिकार सभक संग विशेष रूप सं उत्तर प्रदेशक संदर्भ मे भाजपा नेतृत्व कें शीघ्र ताकय पड़त। भाजपा अपना कें दोसर दल सभ सं अलग, संगठन कें सर्वोपरि मानयबला राजनीतिक दल कहैत रहल अछि। पार्टीक शीर्ष नेतृत्व सार्वजनिक रूप सं अनुशासन आ आंतरिक एकजुटताक बात सेहो करैत रहल अछि। मुदा एमएलसी चुनावक परिणाम पर नजरि देल जाय तं उत्तर प्रदेशक वाराणसी, लखनऊ आ महाराष्ट्रक नागपुर सन महत्वपूर्ण सीट पर हारिक पाछां किछु नेता सभक अति महत्वाकांक्षा आ अनुशासनहीनता कें प्रमुख कारण मानल जा रहल अछि। एक समय छल जखन पार्टीक अधिकांश नेता आ कार्यकर्ता नि:स्वार्थ भाव सं धरातल पर काज करैत छलाह। मुदा लगातार सत्ता मे रहलाक बाद पार्टीक किछु नेता सभक अहंकार बढ़बाक आरोप लगैत रहल अछि। सत्ता मद मे किछु नेता जनता आ पार्टी नेतृत्व दुनूक अनदेखी करैत छथि। केंद्रीय आ प्रदेश नेतृत्वक निर्देश कें सेहो अनदेखी करबाक प्रवृत्ति संगठन लेल चुनौती बनि रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ गृहमंत्री अमित शाहक नेतृत्वबला भाजपा अपन चुनावी तैयारी आ संगठनात्मक अनुशासन लेल जानल जाइत रहल अछि। मुदा उत्तर प्रदेशक एमएलसी चुनाव मे पार्टीक प्रदर्शन रणनीतिकार सभके जीतल आ हारल दुनू सीट पर विस्तार सं



समीक्षा करबाक लेल बाध्य कयलक अछि। उत्तर प्रदेश मे 2027 मे विधानसभा चुनाव होमयबला अछि। भाजपा नेतृत्व योगी सरकारक काजक आधार पर लगातार तेसर बेर जीत हासिल करबाक आशा रखने अछि। एहन समय मे पार्टीक रणनीतिकार एमएलसी चुनावक प्रत्येक सीट पर जीतक भेद बढ़ा विपक्षी दल सभक राजनीतिक आधार कमजोर करबाक प्रयास मे छलाह। मुदा आरोप अछि जे लगातार बैसार आ रणनीति बनेलाक बादो पार्टीक किछु नेता सभक भीतरघात एहि प्रयास पर पानि फेरि देलक। एकर परिणाम किछु सीट पर हारिक रूप मे सोझां आयल। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक संसदीय क्षेत्र वाराणसी, रक्षामंत्री राजनाथ सिंहक क्षेत्र लखनऊ आ राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघक गढ़ मानल जायबला नागपुरक चुनाव परिणामक बाद पार्टीक भीतर संगठनात्मक रणनीति आ उम्मीदवार चयन पर सवाल उठय लागल अछि। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे किछु सीट पर भीतरघात, मतदाता सूची मे नाम नहि जुड़वायब, उम्मीदवार चयन मे चूक आ संगठनक रणनीति कें जमीन पर सही ढंग सं लागू नहि करब हारिक कारण बनल। पार्टीक किछु अपन लोक द्वारा चुनावी रणनीति कें कमजोर करबाक आरोप सेहो उठि रहल अछि। एहि परिस्थिति मे विचारणीय अछि जे 2027क विधानसभा चुनाव सामने रहितो भाजपा अपन संगठनात्मक कमजोरी दूर कए पाओत? केंद्रीय आ प्रदेश नेतृत्व चुनावी रणनीति बनेबाक लेल लगातार छोट-बड़ बैसार करैत अछि। एहि बैसार मे केंद्रीय नेता सं लए मंडल स्तरक पदाधिकारी आ कार्यकर्ता धरि शामिल होइत छथि। चुनाव जीतबाक लेल विस्तृत योजना बनैत अछि, मुदा आरोप अछि जे बैसार समाप्त होइतहि पार्टीक किछु नेता गुटबाजी आ व्यक्तिगत महत्वाकांक्षा मे लागि जाइत छथि। संगठन सर्वोपरि होयबाक भावना पाछां छूटि जाइत अछि। हाल मे संपन्न उत्तर प्रदेशक 11 एमएलसी सीट पर चुनाव एकर उदाहरण मानल जा रहल अछि।

लद्दाख मे नामकरण पर चीनक विवाद

अभिज्ञा लांगेह

पहाड़क कोनो दर्रा लग ने सेना होइत अछि, ने मिसाइल आ ने संयुक्त राष्ट्र मे मतदान करबाक अधिकार। तैयो बीतल सप्ताह बीजिंग हिमालयक 28 स्थानक नामक सूची के एहन पैघ अपमान मानलक जे भारतक एकटा केंद्रशासित प्रदेशक कानूनी अस्तित्वे नकारि देलक। चीनक विदेश मंत्रालय कहलक जे ओ तथाकथित केंद्रशासित प्रदेश लद्दाख कें मान्यता नहि दैत अछि। ओकरा अनुसार, लद्दाख कें एकतरफा आ गैरकानूनी तरीका सं बनाओल गेल अछि आ भारत द्वारा घोषित मानक नाम अवैध आ अमान्य अछि। विवादक शुरूआत 2 अक्टूबर के भेल, जखन भारतक गृह मंत्रालय घोषणा कयलक जे स्थानीय प्रशासन सं विचार-विमर्श केलाक बाद लद्दाखक 28 स्थानक मानक नाम सर्वे ऑफ इंडिया के नक्शा पर दर्ज कयल गेल अछि।

एहि मे गोगरा आ हॉट स्प्रिंग्स सेहो शामिल अछि, जे 2020 मे भारत-चीन सैन्य गतिरोधक प्रमुख केंद्र रहल छल। भारतक विदेश मंत्रालय स्पष्ट कयलक जे लद्दाख भारतक अभिन्न आ अटूट अंग अछि आ चीनक इनकार सं एहि सच्चाइ मे कोनो बदलाव नहि आबि सकैत अछि। मुदा ई विवाद मात्र नामकरण धरि सीमित नहि अछि। असल सवाल ई अछि जे सीमावर्ती क्षेत्रक इतिहास लिखबाक अधिकार केकरा अछि आ भारत एहि चुनौती के कहिया धरि मात्र तकनीकी मामिला बुझैत रहत?

नामकरणक बहन्ने चीनक रणनीति

2019 मे जम्मू-कश्मीरक पुनर्गठनक बाद सं चीन लद्दाखक केंद्रशासित प्रदेशक दर्जा स्वीकार करबा सं इनकार करैत रहल अछि। ओहि समय सेहो चीन भारत पर चीनी क्षेत्र के अपन प्रशासन मे शामिल करबाक आरोप लगौने छल। हाल मे भारत होतान प्रांत मे चीन द्वारा दू नव काउंटी बनेबाक विरोध दर्ज करौलक, जकर किछु हिस्सा लद्दाख मे पड़ैत अछि। चीन अरुणाचल प्रदेशक स्थान सभक नाम बदलबाक सूची सेहो जारी करैत रहल अछि। ओ एहि क्षेत्र के जांगनान कहैत अछि। चीनक एहि गतिविधि सभक पाछां एकटा स्पष्ट रणनीति देखाइत अछि।

पहिने स्थानक नाम बदलू, फेर कागज पर ओकर प्रशासनिक अधिकार अपन देखाउ आ लगातार एहन कय अपन दाबी के सामान्य बनयबाक प्रयास करू। गैरकानूनी शब्दक प्रयोग कय भारतक दीर्घकालीन प्रशासन के उल्लंघनक रूप मे प्रस्तुत कयल जाइत



अछि। भारत एहि वर्ष अगस्त मे अरुणाचल प्रदेशक 27 आ अक्टूबर मे लद्दाखक 28 स्थानक नाम घोषित कय उचित जवाब देलक। ई स्थान वास्तविक नियंत्रण रेखा (एलएसी) पर भारतक गश्तीक दृष्टि सं महत्वपूर्ण अछि। मुदा मात्र नक्शा पर नाम दर्ज करेनाइ पर्याप्त नहि अछि। भारत के चीनक एहि रणनीतिक सोच आ ओकर दूरगामी उद्देश्य के सेहो बुझबाक आवश्यकता अछि।

तिब्बत कें अनदेखी करब उचित नहि

14 अक्टूबर के निर्वासित तिब्बती संसद लद्दाख के केंद्रशासित प्रदेश मान्यता देबा सं चीनक इनकार के आधारहीन बतौलक। संसदक स्पीकर डोलमा त्सेरिंग कहलनि जे तिब्बतक अनसुलझल प्रश्न भारत-चीन सीमा विवादक मूल मे अछि। तिब्बत मे स्थानक नाम बदलनाइ आ सीमावर्ती इलाका मे नव बस्ती बसायब एहन गतिविधि अछि, जाहि पर भारत के गंभीरता सं ध्यान देबाक चाही। सांसद गोंपो धोंडुप सेहो लद्दाख आ अरुणाचल प्रदेश पर चीनक दाबी के निराधार बतबैत भारत सं अपन वन चाइना नीति समाप्त करबाक अपील कयलनि। तिब्बत के एहि तर्क के अनदेखी करब भारत लेल उचित नहि होयत। सदियों धरि तिब्बत भारतीय उपमहाद्वीप आ चीनक मुख्य भूभागक बीच स्थित छल। आब तिब्बत पर चीनक नियंत्रण भारतक सीमा सुरक्षा आ सामरिक परिस्थिति के बदलि देने अछि। तिब्बती लोक सभक कहब अछि जे चीन आइ लद्दाख मे नाम बदलनाइ, बस्ती बसायब आ प्रशासनिक दर्जा बदलबाक जे तरीका अपना रहल अछि, ओही तरीका के प्रयोग ओ दशक पहिने तिब्बत मे सेहो कयने छल।

1914 के शिमला समझौता आ मैकमोहन रेखा सेहो एहि विवादक महत्वपूर्ण ऐतिहासिक पक्ष अछि। तत्कालीन तिब्बती नेता लोबसांग सांगे 2014 मे कहने छलाह जे शिमला समझौता मे तिब्बत के संधि करबाक अधिकार स्वीकार कयल गेल छल आ तिब्बत मैकमोहन रेखाक माध्यम सं अपन क्षेत्र ब्रिटिश भारत के देने छल। हालांकि चीन कहियो एहि रेखा के मान्यता नहि देने अछि आ एहि कानूनी प्रश्न पर मतभेद बनल अछि।

भारत कें आब की करबाक चाही?

भारत कें तिब्बत के एहन विषय मानब बंद करबाक चाही, जाहि पर कूटनीतिक स्तर पर खुलिकय चर्चा नहि कयल जा सकय। सीमा विवाद के पूरा इतिहास बुझबाक लेल तिब्बतक भूमिका महत्वपूर्ण अछि। भारत मे छह दशक सं रहि रहल तिब्बती समुदाय आ ओकर संस्थाक विचार के सेहो राष्ट्रीय सुरक्षा आ सामरिक नीति बनयबाक समय गंभीरता सं सुनबाक चाही। तिब्बती सांसद भारत सं वन चाइना नीति समाप्त करबाक अपील कयने छथि। मुदा भारत के कोनो कदम सोचि-समझि उठेबाक चाही। चीन एहि मुद्दा पर तीखी प्रतिक्रिया दैत रहल अछि। संगहि भारत के ईहो ध्यान रखबाक चाही जे व्यापार आ कारोबारी संबंध सीमा सुरक्षा सं ऊपर नहि रहय। भारतीय बाजार खुलल रहय आ चीन भारतीय क्षेत्र पर अपन दाबी मजबूत करैत रहय, ई संतुलित संबंध नहि भए' सकैत अछि।

निश्चित रूप सं एहन रणनीति मे कूटनीतिक जोखिम अछि। मुदा अपन दाबी पर चुप रहब सेहो कम जोखिमपूर्ण नहि अछि। जे देश समय रहैत अपन पक्ष मजबूती सं नहि रखैत अछि, एक दिन ओकरा दोसर पक्ष द्वारा तैयार कयल गेल इतिहास आ कथ्य स्वीकार करबाक स्थिति आबि सकैत अछि। चीन नामकरणक बहस शुरू कयने अछि। भारत के एहि बहस के इतिहास, कानून आ दस्तावेजक आधार पर आगू बढ़ेबाक चाही। सर्वे ऑफ इंडियाक नक्शा पर दर्ज 28 नाम एहि दिशा मे पहिल डेग अछि। चीनक गैरकानूनी कहबाक वास्तविक जवाब भारतक ओ मजबूत पक्ष होयत, जाहि मे सीमा संबंधी ऐतिहासिक प्रमाण, कानूनी आधार आ अपन संप्रभुताक रक्षा करबाक दृढ़ इच्छाशक्ति शामिल हो।

कतहु नव पार्टी बनेबाक तैयारी कतहु गठबंधनक मजबूरी

कल्याण संकायाध्यक्ष डॉ.विकास कुमार वर्ष 2025-26क प्रतिवेदन प्रस्तुत कयलनि। ओ बतौलनि जे पिछला वर्ष कला-संस्कृतिसंबंधी काज मे डॉ. जॉनी रुफिना तिर्की, अर्चना रीना धान आ सहायक सोनू कुमारक भूमिका अत्यंत प्रशंसनीय रहल। युवा महोत्सव सं जुड़ल प्रतिभागी, प्रशिक्षक, निर्णायक आ प्रबंधक आदिक दैनिक भत्ता तथा सम्मान राशि कें समीक्षा कयल गेल। वर्ष 2026-27 लेल कुल 50 लाख 28 हजार टाकाक अनुमानित व्यय-प्रस्ताव केंसैद्धांतिक स्वीकृति देल गेल। एहि प्रस्ताव कें अनुमोदन लेल वित्त समिति मे भेजबाक निर्णय लेल गेल।बैसारक संचालन डॉ. जॉनी रुफिना तिर्की कयलनि। धन्यवाद ज्ञापन स्नातकोत्तर कला आ संस्कृति समितिके अध्यक्ष डॉ. एस. जेड. हक कयलनि।

डाटा एंट्री ऑपरेटर सभ मांगलनि राज्यकर्मीक दर्जा भागलपुर समाहरणालय गेट पर कयलनि प्रदर्शन

सरकार कें आंदोलनक चेतावनी

भागलपुर, समदिया



वेतन वृद्धि रोकल गेलाक आ मांग पर सरकारक चुप्पी सं नाराज डाटा एंट्री ऑपरेटर सभ रवि दिन भागलपुर समाहरणालयक मुख्य द्वार पर प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शनकारी सभ कहलनि जे पहिने हुनका सभक समस्या दूर कयल जाय, तकर बाद डिजिटल बिहारक सपना देखाओल जाय। मांग पूरा नहि भेल तं पटना सं सड़क तक आंदोलन कयल जाएत। बिहार राज्य डाटा एंट्री ऑपरेटर संयुक्त मोर्चाक भागलपुर इकाइक बैनर तर आयोजित एहि प्रदर्शन में ऑपरेटर सभ सरकारक विरुद्ध नारा लगौलनि। हुनका सभक प्रमुख मांग अछि जे डाटा एंट्री ऑपरेटर कें राज्यकर्मीक दर्जा देल जाय। प्रदर्शनकारीसभक कहब छलनि जे ओ सभ 1997 सं पंचायत, प्रखंड, जिला मुख्यालय आ सचिवालयक सरकारी कार्यालय सभ में काज करैत आबि रहल छथि।

हुनका सभक अनुसार, सरकारी योजना, विभागीय आंकड़ा, ऑनलाइन आवेदन, प्रमाणपत्र आ अन्य काज कें डिजिटल माध्यम सं संचालित करबा में हुनकर महत्वपूर्ण भूमिका रहल अछि। एतेक वर्ष काज कयलाक बादो हुनका सभ कें नियमित सरकारी कर्मचारी जेकां सुविधा आ सम्मान नहि भेटि रहल अछि।

समस्याक अनदेखी किएक कयल जा रहल अछि?

प्रदर्शनक दौरान कर्मी सभ सवाल उठौलनि जे जखन सरकार डिजिटल बिहार बनेबाक बात करैत अछि, तं एहि व्यवस्था के जमीन पर उतारय बला कर्मचारीसभक समस्या के अनदेखी किएक कयल जा रहल अछि? ऑपरेटरसभक कहब छलनि जे जे लोक वर्षो धरि सरकारी विभाग सभ कें डिजिटल बनाबय में अपन मेहनत आ पसीना बहौलनि, आइ हुनके सभक भविष्य अनिश्चित बनल अछि।

मजदूरक मजदूरी बढ़ैत अछि, मुदा हमर वेतन किएक नहि?

प्रदर्शनक दौरान जिलाक प्रवक्ता गौरव कुमार झा सरकारक मजदूरसभक मजदूरी तक बढ़ैत अछि, मुदा बेल्ट्रॉनक माध्यम सं काज करय बला कर्मीसभक संग उचित व्यवहार नहि कयल जा रहल अछि। हुनकर आरोप छलनि जे 10 प्रतिशत वेतन वृद्धि सेहो रोकि देल गेल अछि। एहन स्थिति में वर्षो सं काज कए रहल कर्मचारीसभक समक्ष आर्थिक संकट आ भविष्यक चिंता उत्पन्न भए गेल अछि।

न्यायालयक आदेश लागू करबा मे देरीक आरोप

प्रदर्शनकारी सभ बिहार सरकार पर न्यायालयक आदेश प्रति नाराजगी व्यक्त करैत कहलनि जे 1997 सं लगातार पंचायत स्तर, प्रखंड स्तर, जिला मुख्यालय आ सचिवालय तक डाटा एंट्री ऑपरेटर अपन सेवा दैत आबि रहल छथि।

पहिने सरकारी कार्यालय सभ में अधिकांश काज कागज पर होइत छल, मुदा आइ डिजिटल व्यवस्था बहुत विस्तृत भए गेल अछि। एहि बदलाव में डाटा एंट्री ऑपरेटरसभक बहुत पैघ योगदान रहल अछि।

ओ वेतन विसंगतिक मुद्दा उठबैत कहलनि जे समयक संग लागू करबा में टालमटोल करबाक आरोप लगौलनि। गौरव कुमार झा कहलनि जे न्यायालयक आदेशक अनुसार, जाहि कर्मचारीसभक काज स्थायी प्रकृतिक अछि आ जे कार्यालय खुलबाक समय नियमित रूप सं उपस्थित रहि काज करैत छथि, हुनका आउटसोर्सिंगक माध्यम सं रखबाक बदला उचित सेवा व्यवस्था अंतर्गत आनबाक चाही। हुनकर आरोप छलनि जे न्यायालयक आदेश रहितो पछिला तीन महीना सं सरकार कर्मचारीसभक आंकड़ा मांगबाक बात कहि मामिला कें टालि रहल अछि। ओ सवाल उठौलनि जे जखन सरकार एहि कर्मचारी सभ सं लगातार काज लैत अछि आ वेतन सेहो दैत अछि, तं हुनकर सेवा सं संबंधित आंकड़ा जुटेबा में एतेक देरी किएक भए रहल अछि?

पैघ आंदोलनक चेतावनी

समाहरणालयक मुख्य द्वार पर प्रदर्शन कए रहल कर्मी सभ कहलनि जे आइ ओ सभ सरकारी काजकाज बाधित केने बिना अपन मांग सरकार धरि पहुंचयबाक प्रयास कयलनि। मुदा मांग पर शीघ्र सकारात्मक निर्णय नहि लेल गेल तं आंदोलन कें बेसी व्यापक बनाओल जाएत।

गौरव कुमार झा चेतावनी दैत कहलनि जे पटना में बैसल संयुक्त मोर्चाक शीर्ष पदाधिकारीसभक निर्देश भेटिते कर्मचारी सड़क पर उतरि पैघ आंदोलन करताह।

ओ कहलनि जे एहि बेर कर्मी सभ मात्र आश्वासन सं संतुष्ट नहि होयताह। हुनका सभक एकमात्र मांग अछि जे वर्षो सं सेवा दैत आबि रहल सभ डाटा एंट्री ऑपरेटर कें राज्यकर्मीक दर्जा देल जाय आ वेतन संबंधी विसंगतिक समाधान कयल जाय।

राज्यकर्मीक दर्जा देबाक मांग लए सड़क पर उतरल डाटा एंट्री ऑपरेटर आ आईटी कर्मी



बेगूसराय, समदिया

सरकारी कार्यालय सभ मे काज करय बला डाटा एंट्री ऑपरेटर, प्रोग्रामर, स्टेनोग्राफर, आईटी कर्मी आ संविदा कर्मी राज्यकर्मीक दर्जा देबाक मांग लए सड़क पर उतरि प्रदर्शन कयलनि। एहि मांगक समर्थन मे कर्मी सभ रोड मार्च निकालि विरोध प्रदर्शन कयलनि। रोड मार्च कैंटीन चौक सं शुरू भए नवाब चौक आ नगर निगम चौक होइत हड़ताली चौक पहुंचल। ई प्रदर्शन बिहार राज्य डाटा एंट्री ऑपरेटर संयुक्त मोर्चाक राज्यव्यापी आह्वान पर आयोजित कयल गेल। जिलाध्यक्ष नीलेश कुमार झा कहलनि जे डाटा एंट्री ऑपरेटर आ अन्य संविदा कर्मी कतेको वर्ष सं विभिन्न विभाग मे अपन सेवा दैत आबि रहल छथि। ओ सभ सरकारी व्यवस्था के महत्वपूर्ण हिस्सा छथि। एकरा बावजूद हुनका सभ कें स्थायी सरकारी कर्मचारी जकां अधिकार आ सम्मान नहि भेटि रहल अछि। आब समय आबि गेल अछि जे सरकार हुनकर एकमात्र मांग राज्यकर्मीक दर्जा पर गंभीरतापूर्वक विचार कए सकारात्मक निर्णय ले। कोषाध्यक्ष चंदन कुमार कहलनि जे ई आंदोलन मात्र अधिकारक लड़ाइ नहि, बल्कि हुनका सभक भविष्य, सम्मान आ सामाजिक सुरक्षा लेल संघर्ष अछि। उपाध्यक्ष रवि भूषण कहलनि जे संयुक्त मोर्चाक नेतृत्व मे चलि रहल ई आंदोलन कर्मचारीसभक एकता आ दृढ़ संकल्पक प्रतीक अछि। जाबत तक हुनका सभक जायज मांग पूरा नहि होयत, ताबत तक संघर्ष जारी रहत।

महिला संयोजक पिंकू कुमारी कहलनि जे महिला कर्मी सहित सभ संविदा कर्मी कें सम्मानजनक आ सुरक्षित भविष्यक अधिकार अछि। ई संघर्ष हुनका सभक अधिकार आ अगिला पीढ़ीक नीक भविष्य लेल अछि। मीडिया प्रभारी रंजन कुमार कहलनि जे आइ के शांतिपूर्ण रोड मार्च सरकार धरि अपन आवाज पहुंचयबाक महत्वपूर्ण प्रयास अछि।

अधिवक्ता सभ उठौलनि सुरक्षा कानून आ बीमा योजनाक मांग



औरंगाबाद, समदिया

जिला विधिज्ञ संघ, औरंगाबादक कार्यसमितिक बैठक शनिदिन आयोजित भेल। बैठक में अधिवक्तासभक लेल एडवोकेट प्रोटेक्शन एक्ट, सामूहिक स्वास्थ्य बीमा आ पेंशन योजना लागू करबाक मांग उठाओल गेल। मांग लंबित रहबाक कारण सदस्य सभ नाराजगी व्यक्त कयलनि।

बैठकक अध्यक्षता संघक अध्यक्ष विजय कुमार पांडेय कयलनि, जखनकि महासचिव जगनरायण सिंह बैठकक संचालन कयलनि। मीडिया प्रभारी सतीश कुमार स्नेही बतौलनि जे मांग पूरा नहि होयबाक कारण सदस्य सभ अपन नाराजगी जाहिर कयलनि।

बैठक में निर्णय लेल गेल जे अधिवक्तासभक एकटा टीम मांगपत्र तैयार कए जिलाधिकारी कें सौंपत। सदस्य सभ कहलनि जे अधिवक्ता दोसर लोकक अधिकारक रक्षा लेल सदिखन ठाढ़ रहैत छथि। एहन स्थिति में अधिवक्तासभक अपन अधिकार, सुरक्षा आ सामाजिक संरक्षण सुनिश्चित होयब आवश्यक अछि।

बैठक में संघ परिसरक साफ-सफाइ में तेजी आनि निर्माण कार्य आगू बढ़ेबाक मुद्दा पर सेहो चर्चा भेल। अधिवक्ता कल्याण आ सुविधा मे वृद्धि करबाक संकल्प लेल गेल। पुरान आ अनावश्यक इलेक्ट्रॉनिक सामान आ लकड़ी बेचबाक सहमति सेहो बनल।

नगर आयुक्त कयलनि कोसी नदीक छठि घाट सभक निरीक्षण

सफाइ, रोशनी आ सुरक्षाक व्यवस्था समय पर पूरा करबाक निर्देश

कटिहार, समदिया



छठि पर्वक तैयारीक बीच नगर आयुक्त संतोष कुमार रवि दिन कोसी नदीक अलग-अलग छठि घाट सभक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान ओ अधिकारी सभ कें सभ जरूरी व्यवस्था समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक दौरान ओ घाट सभक सफाइ, पहुंचबाक मार्ग, सुरक्षा, रोशनी, पेयजल, कपड़ा बदलबाक कक्ष आ श्रद्धालुसभक सुविधाक जानकारी लेलनि। नगर आयुक्त कहलनि जे छठि पर्व सं पहिने घाट सभ पर सभ जरूरी व्यवस्था पूरा कए लेल जाय। नगर आयुक्त घाट सभ सं कचरा आ जलकुंभी हटेबाक, पहुंचबाक मार्ग कें सुगम आ गड्ढामुक्त बनेबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे कोसी नदीक घाट सभ पर प्रत्येक वर्ष पैघ संख्या में श्रद्धालु अर्घ्य देबाक लेल अबैत छथि। एहि लेल भीड़ नियंत्रण आ सुरक्षाक विशेष ध्यान राखल जाय।

ओ घाट सभ पर पर्याप्त रोशनी, बैरिकेडिंग, गोताखोर, अस्थायी शौचालय आ पेयजल व्यवस्था करबाक निर्देश देलनि। खतरनाक आ गहींर स्थान सभ पर चेतावनी बोर्ड आ लाल फीता लगयबाक निर्देश सेहो देलनि।

नगर आयुक्त कहलनि जे श्रद्धालुसभक सुविधा लेल संबंधित विभाग आपस में समन्वय बना काज करथि। नगर निगम, जिला प्रशासन, पुलिस आ स्वास्थ्य विभाग संयुक्त रूप सं नियंत्रण कक्ष बनाओत, जाहि सं आपातकालीन स्थिति में तुरंत सहायता पहुंचाओल जा सकय।

निरीक्षणक दौरान नगर आयुक्त स्थानीय लोक आ छठि पूजा समितिक सदस्य सभ सं बातचीत कए हुनकर समस्या सुनलनि। लोक सभ घाट तक जाय बला सड़कक मरम्मति आ अतिरिक्त रोशनी लगयबाक मांग रखलनि। नगर आयुक्त एहि दिशा में शीघ्र कारबाइक आश्वासन देलनि।

कटिहार शहर में कोसी नदीक अलग-अलग घाट सभक अतिरिक्त मनिहारी घाट आ छोट-छोट पोखरि सभ पर सेहो छठि पर्व मनाओल जाइत अछि।

नगर निगम प्रशासन सभ प्रमुख घाट पर स्वच्छता, सुरक्षा आ नागरिक सुविधा कें नीक बनेबाक लेल युद्धस्तर पर तैयारी कए रहल अछि।

किशनगंज मंडल कारा मे डीएम एसपी चलौलनि तलाशी अभियान



किशनगंज, समदिया

किशनगंज मंडल कारा में रवि दिन, 1 नवंबर 2026 के भोर जिला प्रशासन आ पुलिसक संयुक्त टीम तलाशी अभियान चलौलनि। अभियानक नेतृत्व जिलाधिकारी नवीन कुमार आ पुलिस अधीक्षक संतोष कुमार कयलनि। संयुक्त टीम जेलक वार्ड, बैरक, बंदीसभक रहबाक स्थान आ अन्य संवेदनशील जगह सभक तलाशी लेलनि। एहि अभियानक उद्देश्य जेलक भीतर मोबाइल फोन, नशीला पदार्थ आ अन्य प्रतिबंधित सामानक पता लगायब छल।

तलाशी अभियानक दौरान कोनो मोबाइल फोन, नशीला पदार्थ अथवा अन्य प्रतिबंधित आ आपत्तिजनक सामान नहि भेटल। प्रशासनक अनुसार, पूरा अभियान शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न भेल।

अभियानक बाद नवीन कुमार आ संतोष कुमार जेल प्रशासन कें सुरक्षा व्यवस्था पर लगातार नजरि रखबाक आ बंदीसभक गतिविधिक निगरानी करबाक निर्देश देलनि।

ओ अधिकारी सभ कें सुरक्षा नियमक पालन करबाक आ जेलक भीतर प्रतिबंधित सामान पहुंचयबाक कोनो प्रयास रोकबाक लेल सतर्क रहबाक निर्देश देलनि।

अधिकारी सभ कहलनि जे जेलक सुरक्षा आ अनुशासन में कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जाएत। ओ बतौलनि जे आगू सेहो समय-समय पर अनचोके निरीक्षण आ तलाशी अभियान चलाओल जाएत।

विविध

कम उमेर मे टाइप-2 मधुमेहक रोगी 6 मास मे भए सकैत छथि रोगमुक्त

अध्ययन मे 54% रोगी मे देखल गेल सकारात्मक परिणाम



टाइप-2 मधुमेह (डायबिटीज) सं पीड़ित कम उमेरक लोकक लेल एकटा नया अध्ययन आशाक किरण बनि कए आयल अछि। शोधकर्तासभक अनुसार, खानपान मे बदलाव आ नियमित व्यायामक संयुक्त कार्यक्रम सं कम उमेर मे टाइप-2 मधुमेह भेल 54 प्रतिशत रोगी मात्र 6 महीना मे रोगमुक्ति (रिमिशन) हासिल कय सकैत छथि। जखनकि सामान्य चिकित्सा सुविधा प्राप्त करय बला रोगी सभ मे ई आंकड़ा मात्र 4 प्रतिशत रहल। ई अध्ययन यूरोपियन एसोसिएशन फॉर द स्टडी ऑफ डायबिटीज (ईएएसडी) के वार्षिक बैठक मे प्रस्तुत कयल गेल आ 'द लैंसेट रीजनल हेल्थ अमेरिका' मे प्रकाशित भेल अछि। शोध मे कनाडा आ ब्रिटेनक वैज्ञानिक सभ शामिल छलाह। एकर नेतृत्व कनाडाक मैकगिल विश्वविद्यालय के प्रोफेसर काबेरी दासगुप्ता आ ब्रिटेनक लीसेस्टर विश्वविद्यालय के प्रोफेसर थॉमस येट्स कयलनि।

कम उमेर मे मधुमेह बेसी खतरनाक

शोधकर्तासभक अनुसार, 45 वर्ष सं कम उमेर मे टाइप-2 मधुमेह होयब बेसी चिंताजनक अछि। एहन रोगी सभ मे रक्त शर्करा पर नियंत्रण तेजी सं बिगड़ि सकैत अछि। संगहि हृदय रोग, गुर्दा संबंधी समस्या आ अन्य जटिलता कम उम्रे मे विकसित होबाक आशंका रहैत अछि। एहि कारण हुनकर जीवन प्रत्याशा पर सेहो प्रतिकूल असर पड़ि सकैत अछि।

800-900 कैलोरी बला भोजन आ व्यायाम

अध्ययन मे 18 सं 45 वर्ष आयु वर्गक 96 एहन वयस्क शामिल कयल गेलाह, जे मोटापा आ टाइप-2 मधुमेह सं पीड़ित छलाह आ इंसुलिन नहि लैत छलाह। एहि मे 50 रोगी कें विशेष खानपान आ व्यायाम कार्यक्रम मे राखल गेल, जखनकि 46 रोगी कें सामान्य चिकित्सा सुविधा देल गेल। विशेष कार्यक्रम मे शामिल रोगी सभ कें प्रतिदिन 800 सं 900 कैलोरी बला भोजन देल गेल। एहि भोजन मे 30 प्रतिशत प्रोटीन, 50 प्रतिशत काबोर्हाइड्रेट आ 20 प्रतिशत वसा शामिल छल। पहिल दू सप्ताह तक हुनका सभ कें विशेष रूप सं तैयार कयल गेल पोषण उत्पाद देल गेल। तकर बाद सीमित मात्रा मे सामान्य भोजन, फल आ हरियर तरकारी शामिल कयल गेल। व्यायाम कार्यक्रम मे सप्ताह मे दू बेर विशेषज्ञक निगरानी मे एरोबिक आ मांसपेशी मजबूत करय बला अभ्यास कराओल गेल। एक दिन स्वतंत्र रूप सं व्यायाम करबाक सलाह देल गेल। पहिल 12 सप्ताहक बाद वजन घटेलाक परिणाम बनौने रखबाक लेल भोजन आ व्यायाम मे बदलाव कयल गेल।

54 प्रतिशत रोगी मे मधुमेह कें रिमिशन

24 सप्ताहक अध्ययनक बाद परिणाम बहुत उत्साहजनक रहल। विशेष कार्यक्रम मे शामिल 50 मे सं 27 रोगी, अर्थात 54 प्रतिशत, मधुमेह रिमिशन हासिल कयलनि। जखनकि सामान्य चिकित्सा प्राप्त करय बला 46 मे सं मात्र 2 रोगी, लगभग 4 प्रतिशत, एहि स्थिति तक पहुंचलाह। रोगीसभक वजन मे सेहो उल्लेखनीय कमी देखल गेल। विशेष कार्यक्रम मे शामिल रोगीसभक औसत वजन 100.7 किलोग्राम सं घटि कए 92.3 किलोग्राम रहि गेल। अर्थात औसतन 8.4 किलोग्राम वजन कम भेल। दोसर समूह मे वजन मे मात्र 1.2 किलोग्राम कमी देखल गेल।

मांसपेशी सुरक्षित राखब सेहो रहल महत्वपूर्ण

शोधक एकटा महत्वपूर्ण पहलू ई रहल जे तेजी सं वजन घटेबाक क्रम मे मांसपेशी कें सुरक्षित रखबाक प्रयास कयल गेल। सामान्यतः कम कैलोरी बला भोजन सं शरीरक चर्बी संग मांसपेशी सेहो घटैत अछि। मुदा एहि अध्ययन मे प्रतिरोधक व्यायाम (रेजिस्टेंस ट्रेनिंग) शामिल कयल गेल, जाहि सं मांसपेशी सुरक्षित रखबा आ शरीरक चर्बी घटेबा मे मदति भेटल।

कम उमेर मे सेहो भए सकैत अछि ब्रेन स्ट्रोक

एखन धरि ब्रेन स्ट्रोक कें मुख्य रूप सं बुजुर्ग सभ मे होय बला बेमारी मानल जाइत रहल अछि, मुदा आब कम मेक युवा सभ सेहो एकर चपेट मे आबि रहल छथि। खराब जीवनशैलीक कारण होय बला उच्च रक्तचाप, मधुमेह आ मोटापा एकर प्रमुख कारण मानल जाइत अछि। चिकित्सकसभक कहब अछि जे स्ट्रोकक शुरूआती लक्षण कें समय पर पहचानब बहुत जरूरी अछि, जाहि सं शीघ्र इलाज शुरू कयल जा सकय। इलाज मे कनेको देरी दिमाग कें गंभीर नोकसान पहुंचा सकैत अछि।

चिकित्सकसभक अनुसार, धूम्रपान आ शारीरिक गतिविधिक कमी सेहो स्ट्रोकक खतरा बढ़बैत अछि। एहि बेमारी मे समय पर लक्षण पहचानब आ ओकरा गंभीरता सं लेब आवश्यक अछि।

मेट्रो ग्रुप ऑफ हॉस्पिटल्सक प्रबंध निदेशक, वरिष्ठ न्यूरोलॉजी सलाहकार आ संयुक्त विशेषज्ञ डॉ. सोनिया लाल गुप्ता बतौलनि जे जखन दिमागक कोनो हिस्सा मे खूनक आपूर्ति रुकि जाइत अछि अथवा दिमागक कोनो रक्त



वाहिका सं खून बहय लगैत अछि, तखन दिमाग कें पर्याप्त खून आ ऑक्सीजन नहि भेटैत अछि। एहन स्थिति मे किछुए मिनट के भीतर दिमागक कोशिका सभ क्षतिग्रस्त होमय लगैत अछि आ स्ट्रोक भए सकैत अछि।

विशेषज्ञसभक अनुसार, मे बढ़लाक संग स्ट्रोकक खतरो बढ़ैत अछि, मुदा ई कोनो मेक वयस्क कें भए सकैत अछि। एहि बेमारीक सब सं पैघ चुनौती शुरूआती लक्षण कें समय पर नहि पहचानब अछि। चेहराक अनचोके एक दिस झुकि जाइब, हाथ मे कमजोरी आबि जाइब, बाजय मे परेशानी होयब, शरीरक संतुलन बिगड़ब अथवा अनचोके देखबा मे परेशानी होयब स्ट्रोकक संकेत भए सकैत अछि। कतेको बेर लोक एकरा किछु समयक सामान्य परेशानी बुझि कए अनदेखी कए दैत छथि, जे गंभीर साबित भए सकैत अछि।

स्ट्रोकक शुरूआती लक्षण कतेको बेर किछुए मिनट मे ठीक होइत देखाइत अछि। एहि कारण रोगी आ हुनकर परिजन बुझि लैत छथि जे आब खतरा टलि गेल। मुदा किछु समय लेल देखाइ बला ई लक्षण सेहो गंभीर चेतावनी भए सकैत अछि। ई आगू चलि पैघ स्ट्रोक होयबाक संकेत हो सकैत अछि।

हिमालयी क्षेत्रक तीन लाख लोक टाइम बम पर बैसल, आपदाक बढ़ैत खतरा







जलवायु परिवर्तन आ अनियोजित निर्माण बनल विनाशक कारण, ग्लेशियर झीलक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे 78 प्रतिशत बढ़ल निर्माण

नई दिल्ली, एजेंसी

हिमालयी क्षेत्र मे प्राकृतिक आपदाक खतरा लगातार बढ़ि रहल अछि। एकटा नव अध्ययनक अनुसार, हिमालयक किछु हिस्सा मे कम सं कम 3 लाख लोक एहन इलाका मे रहि रहल छथि, जतय प्राकृतिक आपदाक भारी खतरा मंडरा रहल अछि। शोधकर्ताक अध्ययन मे उत्तर नेपाल, दक्षिण-पूर्वी तिब्बतक किछु हिस्सा आ भारतक उत्तराखंडक एकटा हिस्सा शामिल अछि। एतय आपदाक दृष्टि सं संवेदनशील इलाका मे निर्माण काज तेजी सं बढ़ल अछि। 2016 सं 2023 के बीच भवन आ दोसर संरचना सं आच्छादित जमीनक क्षेत्रफल मे लगभग 45 प्रतिशत वृद्धि भेल। 'साइंटिफिक रिपोर्ट्स' मे प्रकाशित एहि अध्ययनक विशेषज्ञ सभ समीक्षा कयने छथि। अध्ययनक अनुसार, ग्लेशियर सं बनल झील सभक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे निर्माण काज लगभग 78 प्रतिशत बढ़ि गेल। वैज्ञानिक सभक मानब अछि जे वास्तविक रूपे प्रभावित लोकक संख्या एहि आंकड़ा सं बेसी भए सकैत अछि, किएक तं अध्ययन सीमित क्षेत्र धरि कयल गेल अछि। ई अध्ययन नेपाल मे अगस्त मे आयल विनाशकारी बाढ़ि सं पहिने कयल गेल छल। ओहि बाढ़ि मे 1,400 सं बेसी लोकक मृत्यु भेल आ हजारो लोक लापता भए गेलाह।

एकर बाद सेहो कतेको छोट-पैघ घटना भेल। 11 अक्टूबर कें गंडकी नदी मे आयल बाढ़ि सं लगभग 200 घर क्षतिग्रस्त भेल, पांच पुल बहि गेल आ पांच लोक लापता भए गेलाह।

नदी कातक भवन हटेनाइ पैघ चुनौती : ब्रिटेन, नेपाल आ भारतक 9 शोधकर्ता हिमालयी नदी सभक किनारा सं 50 किलोमीटर धरि क्षेत्र आ लगभग 1,360 हिमनदी झीलक आसपासक इलाकाक अध्ययन कयलनि। एहि क्षेत्र मे पर्यटन सुविधा, आधारभूत संरचना आ रियल एस्टेट निर्माण तेजी सं बढ़ल अछि। एकर उदाहरण पोखरा शहर अछि। हिमालयक तराइ मे बसल ई शहर पर्यटनक पैघ केंद्र बनि चुकल अछि। पछिला 30 वर्ष मे एतय पर्यटकक संख्या बहुत बढ़ल आ शहरक विस्तार सेहो तेजी सं भेल। पोखराक मेयर धनराज आचार्यक कहब अछि जे शहरक बीच सं बहनिहार सेती गांडकी नदीक खतरा सं निपटनाइ पैघ चुनौती अछि। ई नदी अन्नपूर्णा पर्वत शृंखला सं निकलैत अछि आ पूरा शहर सं होइत बहैत अछि। नदीक किनार पर कतेको पुरान भवन मात्र 5 मीटरक दूरी पर बनल अछि, जखन कि नव नियमक अनुसार भवन नदी सं पर्याप्त दूरी पर बनबाक चाही। मेयरक अनुसार, एहन भवन सभ कें कतय लए जायल जाय आ कोना हटाओल जाय, ई सभ सं पैघ समस्या अछि। अन्नपूर्णा ट्रेकिंग क्षेत्र मे सेहो नदी किनारक बस्ती तेजी सं बढ़ल अछि। किछु बस्ती हालक बाढ़ि आ भूस्खलनक चपेट मे आबि गेल। एतय होमस्टे चलबैत फुरपा छिरिंग लामा कहैत छथि जे सामान्यतः एहि समय हुनकर सभ 20 कोठरी पर्यटक सं भरल रहैत छल, मुदा आब मात्र पांच कोठरी भरल अछि। हुनकर कहब अछि जे 40 वर्ष सं बेसी समय धरि कारोबार करबाक बादो एहन आपदा कहियो नहि देखलनि। मोदी नदी लग होटल चलाबयबला कृष्ण गौचन सेहो चिंतित छथि। हुनकर कहब अछि जे जं ग्लेशियर टूटैत अछि अथवा ग्लेशियर झीलक पानि अनचोके बाहर निकलैत अछि तं नदी मे विनाशकारी बाढ़ि आबि सकैत अछि। त्रिभुवन विश्वविद्यालयक स्थानीय परिसर मे भूगोल पढ़निहार खगेंद्र पौडेलक कहब अछि जे पर्यटन मे निवेश करयवला किछु लोक एहि स्थानक प्राकृतिक खतराक जानकारी लेने बिना ओकरा पर्यटन स्थल के रूप मे बढ़ावा दैत छथि। उत्तर भारतक हिमालयी घाटी मे सेहो धार्मिक यात्राक कारण एहन स्थिति बनि रहल अछि। पोखरा होटल एसोसिएशनक अध्यक्ष लक्ष्मण सुबेदी मानैत छथि जे पर्यटन कारोबारक विस्तार बिना उचित योजना आ बेतरतीब ढंग सं भेल अछि।

जलविद्युत परियोजना सेहो बढ़ा रहल खतरा : खतरा मात्र पर्यटनक कारण नहि बढ़ि रहल अछि। भोतेकोशी आ त्रिशूली नदीक लगपास जलविद्युत परियोजनाक निर्माण मे सेहो तेजी आयल अछि। अध्ययनक प्रमुख लेखक आ लीड्स विश्वविद्यालयक ग्लेशियर विशेषज्ञ सी. स्कॉट वाटसन चेतौने छथि जे नदी घाटी मे आबादी लगातार बढ़ि रहल अछि। आइ विकासक लेल लेल जा रहल निर्णयक असरि आगू कतेको दशक धरि आपदाक खतरा पर पड़त। शोधकर्ता सभ नदी अथवा ग्लेशियर झीलक सतह सं 50 मीटरक ऊंचाईक दायरा मे स्थित भवन सभ कें खतराक दायरा मे रखलनि। मुदा 26 अगस्तक भीषण बाढ़िक दौरान रसुवा जिलाक स्थानीय लोकक कहब छल जे किछु स्थान पर नदीक जलस्तर 70 मीटर तक ऊपर उठि गेल छल। एहि कारण नदी किनारा सं दूर बनल भवन सेहो बाढ़ि, कीचड़ आ मलबाक चपेट मे आबि गेल।

जलवायु परिवर्तन बढ़ा रहल प्राकृतिक आपदाक आशंका : हिमालयी क्षेत्र मे तापमान वृद्धि आपदाक एकटा प्रमुख कारण अछि। वैज्ञानिक सभक अनुसार, एतय तापमान बढ़बाक गति वैश्विक औसत सं लगभग दोगुना अछि। एहि कारण ग्लेशियर, बफीर्ला मैदान, बर्फक परत आ सालो भरि जमीन पर जमल रहयवला बर्फ तेजी सं पिघलि रहल अछि। एकर असरि पहाड़क ढलान पर पड़ैत अछि आ ओ कमजोर होइत जाइत अछि। हिमालय भूकंपक दृष्टि सं सेहो संवेदनशील क्षेत्र अछि। एहन परिस्थिति मे पहाड़ सं मलबा खिसकबाक आ भूस्खलनक घटना नीचां बसल बस्तीक लेल विनाशकारी साबित भए सकैत अछि। बर्फ पिघलबाक कारण ग्लेशियर सं बनल झील सभ मे पानि बढ़ैत अछि। जखन झील पानिक दबाव नहि सहि पबैत अछि आ ओकर बांध टूटि जाइत अछि, तखन अनचोके भीषण बाढ़ि अबैत अछि। नेपाल मे 1940 सं एखन धरि एहन लगभग 30 घटना दर्ज कयल गेल अछि। तापमान बढ़बाक कारण आब ऊंच पहाड़ी इलाका मे सेहो बरखा होइत अछि, जतय पहिने मात्र हिमपात होइत छल। एहि कारण चट्टान, बर्फक पैघ टुकड़ा खसबाक आ पहाड़ी ढलान धसबाक खतरा बढ़ि गेल अछि। नेपालक प्रधानमंत्री बालेन शाह हालहि संयुक्त राष्ट्र महासभा मे अपन संबोधनक दौरान जलवायु परिवर्तनक खतराक चर्चा कयने छलाह। हुनकर कहब छलनि जे नेपाल एहन संकटक भारी कीमत चुका रहल अछि, जाहि संकट पैदा करबा मे ओकर भूमिका नगण्य अछि। प्रत्येक पैघ आपदा विकासक वर्षो पुरान उपलब्धि कें नष्ट कए दैत अछि आ गरीब देश कें क्षतिक भरपाई लेल कर्ज लेबाक लेल बाध्य करैत अछि।

नियोजन आ निर्माण नियम लागू करबाक जरूरत : कोलोराडो विश्वविद्यालयक पर्वतीय भूगोल विशेषज्ञ एल्टन बायर्सक मानब अछि जे एहि अध्ययनक आधार पर नीक पूर्व चेतावनी प्रणाली आ आपदा बचावक उपाय विकसित कयल जा सकैत अछि। मुदा जमीनी स्तर पर निर्माण नियम लागू करब पैघ चुनौती अछि। नेपाल विश्वविद्यालयक रजिस्ट्रार आ शहरी नियोजन विशेषज्ञ प्रोफेसर सूर्य राज आचार्यक अनुसार, नदी किनारक नीचां आ समतल जमीन पर सड़क, जलविद्युत परियोजना, होटल आ बाजार तेजी सं विकसित भेल अछि। एहन जगह पर पहुंचनाइ आ निर्माण करब आसान होइत अछि। मुदा निर्माण करयवला लोक अक्सर सुरक्षा नियमक अनदेखी करैत छथि। हुनकर कहब अछि जे हिमालय सन नाजुक पारिस्थितिकी तंत्र मे दोसर क्षेत्रक तुलना मे बेसी कठोर निर्माण आ नियोजन नियमक आवश्यकता अछि।

प्रचंड चक्रवाती बीहाड़ि मुरासु दए रहल अछि दस्तक, 120 किलोमीटरक गति सं बहत हवा

नई दिल्ली, एजेंसी

पछिला दिन चक्रवाती बीहाड़ि अर्नब कतेको राज्य मे भारी तबाही मचौने छल। लोक एखन धरि एहि संकट सं उबरि नहि पेलाह अछि कि एकटा आओर चक्रवाती बीहाड़ि मुरासु दस्तक देबाक तैयारी मे अछि। 1 नवंबर कें गहन अवदाब बेसी शक्तिशाली भए चक्रवाती बीहाड़ि मुरासु मे बदलि गेल अछि। ई बंगालक खाड़ी के दक्षिण-पश्चिम आ ओकरा सटल पश्चिम-मध्य भाग मे केंद्रित अछि। ई पश्चिम-उत्तर पश्चिम दिशा मे बढ़ैत 2 नवंबरक भोर धरि प्रचंड चक्रवाती बीहाड़ि मे बदलि सकैत अछि। एकर बाद उत्तर-पश्चिम दिशा मे बढ़ैत 2 नवंबरक आधा राति सं 3 नवंबरक बीच नेल्लोर आ नरसापुरक बीच दक्षिणी आंध्र प्रदेशक तट पार करबाक प्रबल आशंका अछि। एहि दौरान हवाक गति 100 सं 120 किलोमीटर प्रति घंटा रहबाक संभावना अछि।

आंध्र प्रदेशक तट पर 2 आ 3 नवंबरक बीच टकरेबाक आशंका, बिहार, झारखंड, बंगाल आ ओडिशा सहित कतेको राज्य मे भारी वर्षाक चेतावनी



दक्षिण भारत मे भारी वर्षाक चेतावनी : तूफानक असरि सं 2 आ 3 नवंबर कें तटीय आंध्र प्रदेश, रायलसीमा आ तेलंगाना मे भारी सं अत्यधिक भारी बरखा भए सकैत अछि। 1 आ 2 नवंबर कें तमिलनाडु तथा 3 आ 4 नवंबर कें छत्तीसगढ़ आ दक्षिणी ओडिशा मे भारी वर्षाक आशंका अछि। केरल, कर्नाटक, लक्षद्वीप आ पुडुचेरी मे सेहो अलग-अलग दिन बरखा होयत।

मध्य भारत मे अन्हर-पानि आ वज्रपातक खतरा : मध्य प्रदेश, विदर्भ आ छत्तीसगढ़ मे 1 सं 5 नवंबर धरि अलग-अलग क्षेत्र मे बरखा होयबाक संभावना अछि। 3 आ 4 नवंबर कें छत्तीसगढ़ मे व्यापक बरखा भए सकैत अछि। एहि दौरान 60 किलोमीटर प्रति घंटा तक हवाक गति, अन्हर आ वज्रपातक आशंका अछि। पूर्वी मध्य प्रदेश आ विदर्भ मे सेहो तेज हवा चलबाक चेतावनी देल गेल अछि।

बिहार, झारखंड, बंगाल आ ओडिशा मे बरखाक संभावना : पूर्वी भारत मे चक्रवातक असरि देखल जा सकैत अछि। 1 आ 2 नवंबर कें बिहार, 1 सं 4 नवंबर धरि झारखंड, उप-हिमालयी पश्चिम बंगाल आ सिक्किम मे बरखा होयबाक संभावना अछि। ओडिशा मे 2 सं 4 नवंबर धरि भारी बरखा भए सकैत अछि। 3 आ 4 नवंबर कें दक्षिणी ओडिशा मे अत्यधिक भारी वर्षाक आशंका जताओल गेल अछि। अंडमान-निकोबार द्वीपसमूह मे 1 सं 7 नवंबर धरि बरखा होयबाक संभावना अछि।

उत्तर भारत मे सेहो वर्षाक चेतावनी : जम्मू-कश्मीर आ लद्दाख मे 1, 2 आ 5 नवंबर कें छिटपुट बरखा भए सकैत अछि। हिमाचल प्रदेश आ उत्तराखंड मे 1 आ 2 नवंबर कें वर्षाक संभावना अछि। पूर्वी उत्तर प्रदेश मे सेहो एहि दुनू दिन बरखा भए सकैत अछि। उत्तर प्रदेशक किछु इलाका मे 1 आ 2 नवंबर कें हलुका सं मध्यम कुहासा छायल रहबाक आशंका अछि।

बदलि रहल अछि चुनौती, प्रत्येक आपात स्थितिक जवाब देबाक लेल तैयार रहबाक आवश्यकता : नव वायुसेना प्रमुख

नई दिल्ली, एजेंसी

नव वायुसेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल आशुतोष दीक्षित कहलनि, लड़ाकू विमानक संख्या बढ़ेनाइ, आत्मनिर्भरता आ तीनू सेनाक बीच तालमेल प्राथमिकता



भारतीय वायुसेनाक नव प्रमुख एयर चीफ मार्शल आशुतोष दीक्षित पदभार ग्रहण करबाक दोसर दिन रवि दिन पैघ बयान देलनि। ओ कहलनि जे वायुसेनाक प्रत्येक स्क्वाड्रन, रडार, वायु रक्षा इकाइ आ प्रत्येक वायु सैनिक कें कोनो आपात स्थिति मे तुरंत जवाब देबाक लेल तैयार रहबाक चाही। देशक सुरक्षा संबंधी चुनौती लगातार बदलि रहल अछि। एहन स्थिति मे वायुसेना कें हर समय युद्ध लेल तैयार रहबाक आवश्यकता अछि। लड़ाकू विमानक संख्या स्वीकृत स्तर धरि पहुंचेनाइ, हथियार आ सैन्य उपकरणक मामिला मे आत्मनिर्भरता बढ़ेनाइ तथा तीनू सेनाक बीच नीक तालमेल बनौनाइ हुनकर प्रमुख प्राथमिकता रहतनि। वायुसेना प्रमुख अपन कार्ययोजना कें वायु नाम देने छथि।

एहि योजना अंतर्गत चारि प्रमुख लक्ष्य निर्धारित कयल गेल अछि। एहि मे सतर्कता आ अभियानक तैयारी, आत्मनिर्भरता, रणनीतिक कौशल तथा तीनू सेनाक बीच एकजुटता शामिल अछि। ओ कहलनि जे आइ युद्धक तरीका तेजी सं बदलि रहल अछि। ड्रोन, दूर धरि मार करयवला सटीक हथियार, अंतरिक्ष तकनीक, साइबर हमला, कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआइ) आ इलेक्ट्रोमैग्नेटिक प्रणाली सन नव तकनीक युद्धक दिशा बदलि रहल अछि। एहि परिस्थिति मे भारतीय वायुसेना कें आगामी दशकक आवश्यकता के अनुरूप अपना कें तैयार करय पड़त।

आत्मनिर्भरता पर विशेष जोर

एयर चीफ मार्शल कहलनि जे वायुसेनाक पहिल काज अपन लड़ाकू क्षमता कें स्वीकृत स्क्वाड्रन संख्याक लग पहुंचेनाइ होयत। एकर संग प्रत्येक रडार, वायु रक्षा प्रणाली आ सैन्य इकाइ कें चौबीसो घंटा सतर्क रहबाक चाही, जाहि सं आवश्यकता पड़ला पर तुरंत कारबाइ कयल जा सकय। आत्मनिर्भरता पर जोर दैत ओ कहलनि जे भारतीय तकनीक सं बनल सेंसर, सैन्य प्लेटफॉर्म आ हथियार वायुसेनाक सर्वोच्च प्राथमिकता रहत। वायुसेना कें स्वदेशी तकनीक आ उपकरणक सहारे युद्ध करबाक क्षमता विकसित करय पड़त। एकर पर्याप्त संख्या सुनिश्चित करबो आवश्यक अछि, जाहि सं लंबा समय धरि सैन्य अभियान चलाओल जा सकय।

मणिपुर मे फेर भड़कल हिंसा, कुकी समुदायक 3 लोकक मृत्यु

इंफाल, एजेंसी

मणिपुर मे एक बेर फेर हिंसा भड़कि उठल अछि। नोनी जिला स्थित एकटा जंगली पहाड़ी गाम मे दू गुटक बीच भेल भीषण गोलीबारी मे कुकी समुदाय के 3 लोकक मृत्यु भए गेलनि। पुलिस अधिकारी सभक अनुसार, शनिदिन भोर मे नोनी जिलाक केकडू नागा गाम मे गोलीबारी शुरू भेल। पहाड़ी क्षेत्र मे कई घंटा धरि दुनू पक्षक बीच रुकि-रुकि कए गोली चलैत रहल। एहि घटना मे मरयबला लोकक पहिचान थांगलेंसंग सिंगसन, थांगखोसेई हाओकिप आ लम्मिनसंग किपजेनक रूप मे भेल अछि।

ई तीनू चुराचांदपुर जिलाक हेंगलेप आ थानलनक भीतरी इलाकाक निवासी छलाह। कुकी नागरिक संगठन सभक अनुसार, मृतक तीनू युवक गामक स्वयंसेवक छलाह। घटना के बाद कुकी समुदाय के सर्वोच्च संगठन कुकी इनपी मणिपुर (केआइएम) तीनू युवकक हत्याक कड़ा निंदा कयलक अछि। संगठन आधिकारिक बयान जारी कए एहि हत्याक पाछां नागा उग्रवादी समूहक हाथ होयबाक आरोप लगौने अछि। केआइएम सरकार सं एहि मामिला मे तत्काल कठोर कारबाइ करबाक, दोषीक जवाबदेही तय करबाक आ पीड़ित परिवार कें न्याय देबाक मांग कयने अछि। पुलिस अधिकारी बतौलनि जे घटनास्थल आ आसपासक इलाका मे सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देल गेल अछि।

नोनी जिला मे दू गुटक बीच कतेको घंटा धरि गोलीबारी दोसर घटना मे लापता दू युवकक शव बरामद



मणिपुर मे लापता दू लोकक शव भेटल

एहि बीच, मणिपुर मे सुरक्षा बल सभ रविदिन व्यापक संयुक्त तलाशी अभियान चला कए दू लोकक शव बरामद कयलक। दुनू व्यक्ति 28 अक्टूबर कें कांगपोकपी जिला सं लापता भए गेल छलाह। पुलिसक अनुसार, एसपी रोड लग राष्ट्रीय राजमार्ग-2क पूर्वी क्षेत्र मे व्यापक तलाशी अभियान चलाओल गेल, जाहि दौरान दुनू शव भेटल। ई बरामदगी कांगपोकपी जिला मे बढ़ल तनावक बीच भेल अछि। कांगपोकपी स्थित संगठन कमेटी ऑन ट्राइबल यूनिटी (सीओटीयू) लापता दुनू युवकक सुरक्षित आ बिना शर्त रिहाईक मांग करैत 48 घंटाक पूर्ण बंदक आह्वान कयने छल।

ई बंद 29 अक्टूबर सांझ 5 बजे शुरू भेल आ 31 अक्टूबर सांझ 5 बजे समाप्त होबाक छल। मुदा संगठन बंद आ मणिपुरक राजमार्ग सभ पर नाकेबंदी के अवधि एक दिन आ बढ़ा देलक। सीओटीयू लापता युवक सभक पहचान तांगगिनलुन चोंगलोई आ पाओगिनलाल हांगसिंगक रूप मे कयने छल। दुनू ताफौ गामक निवासी छलाह। हुनका सभक लापता होयबाक सूचना भेटलाक बाद मणिपुर पुलिस, केंद्रीय रिजर्व पुलिस बल (सीआरपीएफ) आ असम राइफल्सक संयुक्त दल कई चरण मे तलाशी अभियान चलौने छल। दू युवकक शव बरामद होयबाक घटना सं क्षेत्र मे तनाव आ बढ़बाक आशंका अछि। लगातार हिंसक घटना सं मणिपुरक पहाड़ी इलाका मे शांति आ सामान्य जनजीवन बहाल करबाक चुनौती फेर गंभीर भए गेल अछि।

गुलामी लेल भारत सहित 56 देश सं माफी मांगबाक लेल तैयार ब्रिटेन, मुदा मुआवजा देबाक निर्णय नहि

लंदन, एजेंसी

राष्ट्रमंडल शिखर सम्मेलन मे शामिल होयबाक पहिने ब्रिटेनक प्रधानमंत्री एंडी बर्नहम पैघ बयान देने छथि। ओ कहलनि जे अटलांटिक पार गुलामक व्यापार (दास व्यापार) लेल ओ माफी मांगबाक लेल तैयार छथि। मुदा एहि लेल कोनो तरहक मुआवजा देबाक लेल तैयार नहि छथि। ब्रिटेनक प्रधानमंत्री द गार्डियन मे प्रकाशित अपन लेखक माध्यम सं ई बात कहलनि। ब्रिटेनक प्रधानमंत्री कहलनि जे गुलामीक पीड़ा सहन करयबला लोकनिक दर्द ओ बुझैत छथि आ एहि लेल हुनका बहुत दुख अछि। हुनकर कहब छलनि जे अतीत मे कयल गेल क्रूरताक निशान आइयो मेटायल नहि अछि। मुदा मुआवजा बांटब एहि समस्याक समाधान नहि भए सकैत अछि। ई एक अत्याचारक बदला दोसर तरहक अत्याचार होयत, कारण आजुक ब्रिटिश नागरिक कें ओहि घटनाक लेल जिम्मेवार नहि ठहराओल जा सकैत अछि। एहि बीच ब्रिटेनक राजा चार्ल्स कैरेबियाई देशसभक यात्रा पर छथि। बहामास मे सेहो ओ गुलामीक प्रसंग उठौने छलाह आ ब्रिटिश शासनकाल मे मारल गेल लोक सभ कें श्रद्धांजलि अर्पित कयने छलाह। ब्रिटेनक दिस सं एखन धरि एहि मुद्दा पर एहि तरहक माफी नहि मांगल गेल छल। मुदा मुद्दाक संवेदनशीलता कें देखैत आब ब्रिटेन माफी मांगबाक लेल तैयार भेल अछि। ब्रिटेन मानैत अछि जे गुलामक व्यापार सं ओकरा आर्थिक लाभ भेल, मुदा बाद मे एहि प्रथा कें बंद करय मे सेहो ओकर भूमिका रहल। वर्ष 1833 मे ब्रिटिश संसद गुलामी कें गैरकानूनी घोषित कयने छल। हालांकि, संसद द्वारा गुलामी पर रोक लगेलाक बादो ब्रिटेन दोसर देश सभ पर शासन करब आ ओतय शोषण करब नहि छोड़लक।



शीघ्र भारत आबि सकैत छथि बर्नहम

ब्रिटेनक प्रधानमंत्री एंडी बर्नहम भारतक यात्रा करबाक इच्छुक छथि आ शीघ्र हुनकर भारत अयबाक संभावना अछि। दुनू देशक बीच बढ़ैत साझेदारीक उल्लेख करैत एकटा वरिष्ठ राजनयिक बृहस्पतिदिन एहि संबंध मे जानकारी देने छलाह।

सीफर्ट-फिलिप्सक तूफानी पारी

न्यूजीलैंड पांचम टी-20 मे भारत कें 7 विकेट सं हरौलक



न्यूजीलैंड शानदार प्रदर्शन करैत पांचम आ आखिरी टी-20 मोकाबला मे भारत कें 7 विकेट सं हरा देलक। भारतीय टीम सं भेटल 192 रनक लक्ष्य न्यूजीलैंड 18 ओवर मे 3 विकेट गमा सहजता सं हासिल कए लेलक। लक्ष्यक पीछा करय उतरल न्यूजीलैंड टीमक शुरूआत नीक नहि रहल। फिन एलन मात्र 2 रन बना अर्शदीप सिंहक गेंद पर आउट भए गेलाह। तकर बाद टिम सीफर्ट डेरिल मिचेलक संग दोसर विकेट लेल 42 गेंद मे 73 रन जोड़लनि। मिचेल 16 गेंद मे 29 रन बना आउट भेलाह। सीफर्ट शानदार लय मे देखाइ देलाह आ 34 गेंद मे अपन अर्धशतक पूरा कयलनि।

सीफर्ट कें एहि सीरीज मे सब सं बेसी रन बनेनिहार ग्लेन फिलिप्सक रूप मे नीक जोड़ीदार भेटलनि। दुनू मिलि तेसर विकेट लेल 42 गेंद मे 86 रनक साझेदारी कयलनि। सीफर्ट अपन शतक बनेबाक मौका चूक गेलाह आ 50 गेंद मे 93 रन बना आउट भेलाह। अपन एहि पारी मे ओ 11 चौका आ 5 छक्का लगौलनि।

ओतहि, फिलिप्स एहि सीरीज मे अपन चारिम अर्धशतक लगौलनि। ओ 38 गेंद मे 8 चौका आ 3 छक्काक मदति सं 65 रन बना नाबाद रहलाह। फिलिप्स बेवन जैकब्स (नाबाद 1 रन)क संग मिलि न्यूजीलैंड कें जीत दिऔलनि। भारतक दिस सं गेंदबाजी करैत वरुण चक्रवर्ती, नीतीश कुमार रेड्डी आ अर्शदीप सिंह एक-एक विकेट लेलनि।

एकरा पहिने भारतीय टीम 20 ओवर मे 8 विकेट गमा 191 रन बनौलक। टीमक शुरूआत नीक नहि रहल आ अभिषेक शर्मा (1 रन) आ संजू सैमसन (4 रन) सस्ते मे पवेलियन लौटि गेलाह। हालांकि, तकर बाद ईशान किशन आ कप्तान श्रेयस अय्यर मोर्चा सम्हारलनि आ 61 रन बना आउट भेलाह। ओतहि, अय्यर 23 गेंद मे 50 रन बनौलनि। भारतीय कप्तान अपन एहि पारी मे 3 चौका आ 4 छक्का लगौलनि।

तिलक वर्मा मात्र 6 रन बना सकलाह, जखनकि नमन धीर 23 गेंद मे 4 चौका आ एकटा छक्काक मदति सं 33 रन बनौलनि। नीतीश कुमार रेड्डी 17 गेंद मे 22 रन बना एडम मिल्नेक शिकार भेलाह। भुवनेश्वर कुमार 6 रन बनौलनि।

न्यूजीलैंडक दिस सं गेंदबाजी करैत एडम मिल्ने 4 ओवर मे 19 रन द' 4 विकेट लेलनि। ओतहि, नाथन स्मिथ आ ब्लेक टिकनर दू-दू विकेट लेलनि। पांचम टी-20 मोकाबला मे न्यूजीलैंडक जीतक बावजूद भारतीय टीम टी-20 सीरीज 3-2 सं अपन नाम कय लेलक।

ग्लेन फिलिप्स रचलनि इतिहास

फिल साल्ट कें पछाड़ि बनलाह नंबर 1

न्यूजीलैंड हैमिल्टनक सेडन पार्क मे खेलल गेल पांचम टी-20 मैच मे भारतीय टीम कें 7 विकेट सं हरा देलक। न्यूजीलैंडक बल्लेबाज ग्लेन फिलिप्स लेल ई सीरीज यादगार रहल। ओ पांच मैच मे चारि मैच मे अर्धशतकीय पारी खेललनि। फिलिप्स अपन शानदार प्रदर्शनक दम पर टी-20 क्रिकेट मे पैघ उपलब्धि हासिल कयलनि। ग्लेन फिलिप्स एकटा द्विपक्षीय टी-20 सीरीज मे सब सं बेसी रन बनेनिहार बल्लेबाज बनि गेलाह। ओ पांच मैचक टी-20 सीरीज मे कुल 341 रन बनौलनि। कीवी बल्लेबाज एहि मामिला मे इंग्लैंडक फिल साल्ट कें पछाड़ि देलनि। साल्ट 2023 मे वेस्टइंडीजक विरुद्ध खेलल गेल सीरीज मे 331 रन बनौने छलाह।

पांचम आ आखिरी टी-20 मैच मे सेहो फिलिप्सक प्रदर्शन शानदार रहल। ओ 38 गेंदक सामना करैत 8 चौका आ 3 छक्काक मदति सं नाबाद 65 रन बनौलनि। फिलिप्स टिम सीफर्टक संग तेसर विकेट लेल 42 गेंद मे 86 रनक साझेदारी कयलनि आ न्यूजीलैंड कें जीत दिआयब मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। सीफर्ट 50 गेंद मे 11 चौका आ 5 छक्काक मदति सं 93 रन बनौलनि। डेरिल मिचेल 16 गेंद मे 29 रनक योगदान देलनि। टी-20 क्रिकेट मे न्यूजीलैंडक ई तेसर सब सं पैघ रन चेज रहल। एकरा सं पहिने भारतीय टीम 20 ओवर मे 8 विकेट गमा 191 रन बनौने छल।

टीमक दिस सं ईशान किशन शानदार बल्लेबाजी करैत 32 गेंद मे 61 रनक दमदार पारी खेललनि। ओतहि कप्तान श्रेयस अय्यर 23 गेंद मे 50 रन बनौलनि। आखरी ओवर सभ मे नमन धीर 23 गेंद मे 33 आ नीतीश कुमार रेड्डी 17 गेंद मे 22 रनक योगदान देलनि। न्यूजीलैंडक दिस सं गेंदबाजी करैत एडम मिल्ने 4 ओवर मे मात्र 19 रन दैत 4 विकेट लेलनि। ओतहि नाथन स्मिथ आ ब्लेक टिकनर दू-दू विकेट लेलनि। पांचम टी-20 मैच जीतबाक बावजूद न्यूजीलैंड पांच मैचक टी-20 सीरीज 2-3 सं हारि गेल।

भारतीय महिला कबड्डी टीम बनल पहिल राष्ट्रमंडल चैंपियन युगांडा कें 35-15 सं हरौलक



भारतीय महिला कबड्डी टीम शानदार प्रदर्शन करैत पहिल राष्ट्रमंडल कबड्डी चैंपियनशिपक खिताब अपन नाम कए लेलक। निधि शर्माक कप्तानी मे भारत शनिदिन खेलल गेल फाइनल मोकाबला मे युगांडा कें 35-15 सं हरा स्वर्ण पदक जीतलक। भारतीय टीम पूरा टूनार्मेंट मे अपराजित रहैत छह मोकाबला मे छह जीत दर्ज कयलक। फाइनल मे भारतक दिस सं साक्षी सब सं बेसी 9 रेड अंक हासिल कयलनि। ओ अपन 10 रेड मे 9 अंक जुटौलनि, जाहि मे 2 बोनस अंक शामिल छल। अनु 6 आ कप्तान निधि शर्मा 5 रेड अंक जोड़लनि। रितु आ सुमन रक्षापंक्ति मे शानदार प्रदर्शन करैत चारि-चारि टैकल अंक हासिल कयलनि। भारत मोकाबला मे 20 रेड आ 10 टैकल अंक जुटौलक आ दू बेर युगांडा कें ऑलआउट कयलक। युगांडा दिस सं नाकायोंगो शिराट 11 अंक हासिल कयलनि, मुदा हुनका दोसर खेलाड़ीसभक अपेक्षित सहयोग नहि भेटलनि।

मोकाबलाक पहिल हाफ मे भारत 22-7 सं मजबूत बढ़त बना लेने छल। शुरूआत मे दुनू टीमक बीच मोकाबला बराबरीक रहल, मुदा भारतीय खेलाड़ी सभ शीघ्रे अपन दबदबा बना लेलनि। पहिल हाफ मे भारत एकोटा रेड गनेने बिना छह सफल टैकल कयलक, जखनकि युगांडाक टीम अपन सभ 9 टैकल प्रयास मे असफल रहल। दोसर हाफ मे युगांडा वापसी करबाक प्रयास कयलक आ रेड अंकक मामिला मे भारत सं एक अंक आगू रहल, मुदा भारतीय टीम एक बेर आ ऑलआउट करैत जीत सुनिश्चित कए लेलक। भारत युगांडाक रेडर सभ कें 10 बेर सफलतापूर्वक टैकल कयलक।

हाइलो ओपन : सिंधु अनमोल खरब कें हरा फाइनल मे बनौलक स्थान



भारतक स्टार बैडमिंटन खेलाड़ी पीवी सिंधु अपन हमवतन अनमोल खरब कें लगातार दू गेम मे हरा हाइलो ओपन 2026 के महिला एकल फाइनल मे प्रवेश कय लेलनि। दोसर वरीयता प्राप्त सिंधु सेमीफाइनल मोकाबला मे खरब कें 21-13, 21-16 सं पराजित कयलनि। खिताबी मोकाबला मे हुनकर सामना डेनमार्कक शीर्ष वरीयता प्राप्त लाइन होयमार्क कजेरफेल्ड्ट सं होयत। सेमीफाइनल मे खरब नीक शुरूआत करैत पहिल गेम मे 6-5 सं बढ़त बना लेलनि, मुदा सिंधु शीघ्रे वापसी कयलनि आ मध्यांतर तक 11-9 सं आगू भए गेलीह। एकर बाद सिंधु अपन लंबाई आ दमदार शॉटसभक उपयोग करैत खरब कें कोर्टक पिछला हिस्सा मे खेलबाक लेल मजबूर कयलनि। हुनकर लंबा आ ऊंच क्लियर शॉट सभ खरब पर लगातार दबाव बनौने रहल।

खरब नेट पर नीक खेल आ तेज गति सं मूवमेंट करैत मोकाबला मे बनल रहबाक प्रयास कयलनि। ओ कतेको बेर शानदार रक्षात्मक खेल देखबैत जवाबी हमला सेहो कयलनि, मुदा सिंधुक ताकत आ कोर्टक पिछला हिस्सा तक पहुंचय बला शॉटसभक आगू हुनकर चुनौती कमजोर पड़ैत गेल।

सिंधु 14-10 सं बढ़त बना पहिल गेम पर अपन पकड़ मजबूत कय लेलनि। खरबक छोट लिफ्ट शॉटसभक लाभ उठबैत ओ कतेको आक्रामक स्मैश लगौलनि आ पहिल गेम 21-13 सं अपन नाम कए लेलनि। दोसर गेमक शुरूआत मे मोकाबला बराबरी पर रहल आ स्कोर 6-6 भए गेल। खरब तेज रिट्रीवल आ आक्रामक ड्राइवक माध्यम सं सिंधु कें चुनौती देलनि, मुदा सिंधु अपन दमदार क्लियर आ क्रॉस-कोर्ट ड्रॉप शॉटसभक मदति सं खेल पर नियंत्रण बनौने रखलनि। तेज रैली आ नेट पर मोकाबलाक दौरान खरब सं किछु गलती भेलनि। हुनकर कमजोर लिफ्ट शॉटसभक लाभ उठबैत सिंधु लगातार हमला कयलनि। अंत मे सिंधु दोसर गेम 21-16 सं जीत फाइनल मे अपन जगह पक्का कए लेलनि।

फाइनल मोकाबलाक सर्वश्रेष्ठ भारतीय खेलाड़ी साक्षी छह मोकाबला मे कुल 52 अंक बनौलनि। ओ कहलनि जे 9 रेड अंक हासिल कए टीमक जीत मे योगदान देब हुनका लेल खुशीक बात अछि। हुनकर कहब छलनि जे एहि तरहक अंतरराष्ट्रीय प्रतियोगिता सभ सं कबड्डी कें बढ़ावा भेटत आ युवा खेलाड़ी सभ कें अनुभव हासिल करबाक अवसर भेटत। भारत टूनार्मेंट मे मलेशिया कें 73-13, सिंगापुर कें 32-16, युगांडा कें 41-18 आ नाइजीरिया कें 38-10 सं हरा ग्रुप-ए मे शीर्ष स्थान हासिल कयने छल। तकर बाद सेमीफाइनल मे श्रीलंका कें 39-14 सं पराजित कए फाइनल मे जगह बनौलक। खिताबी मोकाबला मे युगांडा कें हरा भारत इतिहास रचि देलक।

हांगकांग सिक्सेस : इमरान 14 गेंद मे बनेलनि 53 रन

ऑस्ट्रेलिया कें 4 विकेट सं हरा अफगानिस्तान पहिल बेर जीतलक खिताब



अफगानिस्तान ऑस्ट्रेलिया कें 4 विकेट सं हरबैत 'हांगकांग सिक्सेस' प्रतियोगिताक पहिल खिताब अपन नाम कए लेलक। रविदिन मिशन रोड ग्राउंड पर खेलल गेल फाइनल मोकाबला मे ऑस्ट्रेलिया कें 115/4 रन पर रोकलाक बाद अफगानिस्तान 5.1 ओवर मे लक्ष्य हासिल कए लेलक। गुलबदीन नायबक कप्तानी मे अफगानिस्तान एहि प्रतिष्ठित ट्रॉफी जीतय बला आठम देश बनि गेल। एकरा पहिने पाकिस्तान, इंग्लैंड, दक्षिण अफ्रीका, श्रीलंका, भारत, ऑस्ट्रेलिया आ वेस्टइंडीज सेहो ई टूनार्मेंट जीतने अछि। पहिने बल्लेबाजी करैत ऑस्ट्रेलियाई टीम निर्धारित 6 ओवर मे 115/4 रन बनौलक। मैक्स ब्रायंट 14 गेंद पर धुआंधार 44 रन बनौलनि। हुनका अतिरिक्त एलेक्स रॉस नाबाद 29 आ निक हॉब्सन 23 रनक पारी खेलि ऑस्ट्रेलिया कें चुनौतीपूर्ण स्कोर तक पहुंचौलनि। विपक्षी टीमक करीम जनत आ नांगेलिया खरोटे एक-एक विकेट लेलनि। मुदा अफगानिस्तान लक्ष्यक पीछा बड्ड सहजता सं कयलक आ पांच गेंद शेष रहिते 119/2 रन बना जीत हासिल कए लेलक। अफगानिस्तानक दिस सं इमरान मीर मात्र 14 गेंद मे नाबाद 53 रन बनबैत टीम कें मजबूत शुरूआत देलनि। हुनकर एहि पारी मे 7 छक्का आ 2 चौका शामिल छल। एहि प्रदर्शनक बदौलत अफगानिस्तान मैच पर पूरा तरह हावी भए गेल। तकर बाद फरमानुल्लाह सफी 7 गेंद मे 4 छक्काक मदति सं नाबाद 26 रन बनौलनि। कप्तान गुलबदीन नायब सेहो लक्ष्यक पीछा करैत महत्वपूर्ण योगदान देलनि। ओ 6 गेंद मे 2 छक्काक मदति सं 17 रन बनौलनि।



वर्ष 17, अंक 53 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053